176

Prijs franco per post f 0 60.
et Depôt van Leermiddelen te Weltevreden
van een postwissel tot genoemd bedrag.

Serie uitgaven door bemiddeling der Commissie voor de Volkslectuur No. 176.

TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2017

BOEKOE TJARITA

DIK TROM

ASAL TINA BOEKOE BASA WALANDA
DISALIN SARTA DIKARANG KANA BASA
SOENDA KOE

RADEN GANDA ADI NĔGARA

TJIANDJOER.

PNRI Balai Pustaka

KANTOOR TJITAK
RUYGROK & Co., — BATAWI
1915

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI
Badan Pustaka

1438/68

TJARITA DIK TROM.

1.

Dik didjoeroekeun.

Dina hidji lĕmboer aja hidji djalma miskin, ngaranna Jan Trom, pagaweanana anoe tangtoe koeli ari, djadi kĕnek toekang kai.

Dina hidji poë, sabot salakina keur barang gawe, sakoemaha biasa, pamadjikanana ngadjoeroe, orokna lalaki sarta lintoeh leuwih ti orok biasa anoe kakara didjoeroekeun. Tatangga-tatanggana sakoer anoe ngalongok, pada karaget ningal orok sakitoe lintoehna leuwih ti biasa. Tjek anoe saoerang:

„Adoeh! na aja orok lintoeh-lintoeh teuing wani tiloe kalieun orok biasa. Oentoeng maneh Griet!" kitoe ngaranna pamadjikan Jan Trom teh „ajeuna maneh boga anak lalaki sakieu moeloesna; lamoen geus gĕde, tangtoe bisa noeloeng[2] kana kahiroepan indoeng bapa. Ngan kami salĕmpang, lamoen ieu orok toeloej-toemoeloej lintoehna, tangtoe matak sĕrĕg dina panto djeung tangtoe moal bisa baranggawe neangan kahiroepan, wĕgah koe hakanna, tangtoe leuwih rĕwog ti sasamana. Geura ta rendjo ieu, matana boeboerilakan, kawas anoe geus hajangeun barang hakan".

Kabeh sakoer anoe aja di dinja, pada narendjo ka eta orok, bari saleuseurian.

Ari tjek indoeng-beurang: „Poegoeh, matak wĕgah pihakaneunana, lamoen ieu boedak toeloej-toemoeloej kieu. Maing oge kakara ajeuna manggih orok sakitoe gĕdena".

Barang keur ngaromong kitoe sarta bari saleuseurian, torodjol bapana datang. Indoeng-beurang toeloej ngo-

mong, pokna: „Geura tendjo Trom ieu boedak têh wani sagĕde bĕrĕnoek beunang ngadjĕdjĕl. Heh! ieu geura pangkoe". Toeloej eta orok koe bapana dipangkoe bari dikawihan; ari geus kitoe, toeloej dikĕdĕngkeun dina ajoenan.

Eta boedak hĕnteu ĕngak, hĕnteu ĕngek, sakitoe pada njarioeman teh, matana boeboerilakan kawas anoe ngahartikeun ka sakoer noe kakara kadeuleu. Manehna neuteup bae ka indoengna bangoen anoe rĕsĕpeun pisan; tapi aneh eta orok kakara oemoer sakitoe teh bĕt geus boga harti, ari ret teh nendjo kana beungeut indoeng-beurang, bĕt kĕroeng bangoen teu rĕsĕp sarta toeloej sirahna malik bari nendjo ka bapana.

Dĕmi eta indoeng-beurang roepana goreng patoet, beungeutna bowek, matana petjak, boeoek rintit, biwir djĕding; meudjeuhna pisan teu dipake karĕsĕp koe boedak teh.

Indoengna ngomong ka salakina, pokna: „Trom! ieu boedak meungpeung loba anoe ngalajad, oerang ngaranan, soepaja pada aroeninga. Geura milih-milih pingaraneunana anoe pantĕs, doemeh sakitoe lintoehna, hĕnteu galib djeung sasama orok".

Djawab salakina: „Ti bareto oge kaka teh geus lalamoenan, oepama boga anak lalaki, rek dingaranan „Dirk".

II.

Dirk djeung indoeng beurang.

Dirk adatna hĕnteu galib djeung boedak biasa, geura koe maraneh darengekeun. Manehna tara pisan tjeurik tjara noe loba, soemawonna ngear leuwih ti misti mah, atawa ngoeak-ngaek teu poegoeh-poegoeh. Kanjahoanana jen tara tjeurik, basa manehna keur dipangkoe koe indoeng-beurang, katjotjog harigoena koe panitih, teu woedoe rada djĕro nĕpi ka gĕtihan, tapi batan tjeurik mah anggoer molotot. Manehna neuteup kana beungeut indoeng-beurang bari baeud, kawas anoe ngewa pisan, tapi ari indoeng-beurang mah hĕnteu boga roemasa dipake kageu-

leuh, tina koe boedak tea. Dĕmi si Dirk tjeutjeub pisan geuleuheunana teh, nĕpi ka ĕmboengeun dibawa oelin-oelin atjan. Lamoen eta indoeng-beurang ngadjak oelin, mawa ngomong atawa koe pĕta, Dirk mah tonggoj bae baeud bari neuteup kana beungeutna malah sakapeung mah sok toeloej peureum djiga noe hees, padahal ari ngadenge sora indoengna mah, manehna geuwat beunta bari roroësan bangoen anoe hajangeun dipangkoe atawa bĕbĕlĕwekan ngadjak seuri ramona oetĕk-oetĕkan kana beuteungna, kawas anoe keur nabeuh piano. Lamoen manehna keur bĕbĕlĕwekan seuri djeung indoengna atawa djeung bapana, djol indoeng-beurang miloe ngadjak ngomong, eta boedak sok dadaksakala bae baeud bari ngalieus, beungeutna njoesoep kana simboet, bangoen anoe ĕmboeng pisan nendjo beungeut indoeng-beurang teh.

Dina hidji poë, manehna oemoerna geus doea minggoe, datang pamadjikan bas Meijer, doenoengan bapana mawa angeun sop keur indoeng si Dirk. Indoeng-beurang geuwat miroen seuneu dina anglo rek ngahaneutkeun eta sop. Tina euweuh deui djĕlĕma, ngahaneutkeunana teh deukeut pisan kana ajoenan boedak; matana roerat-reret, kana sop, bisi ngagolak teuing, djeung kana ajoenan, bisi boedak katoeroeban beungeutna koe simboetna. Barang eta sop geus ngagolak, toeloej koe manehna didjait. Leungeunna kentja njĕkĕl pantji, noe katoehoe njĕkĕl sendok, karĕpna rek ngasaan, tapi barang manehna keur nioepan eta sop, teu kanjahoan, soekoena eta boedak ngadjĕdjĕk kana pantji nĕpi ka tamplok pisan sarta ngaban-djoer kana ĕrokna indoeng-beurang moenggah djibroeg. Ari eta indoeng-beurang tina bawaning koe reuwas, nga-rendjag, sop anoe keur ditioepan teh, panas-panas asoep pisan kana soengoetna datang ka kabĕsekan. Si Dirk matana tjoelak-tjileuk djeung seuri bĕbĕlĕwekan, bangoen anoe soeka nendjo anoe keur kabĕsekan.

Lila-lila indoengna geus djag-djag, indoeng-beurang masrahkeun si Dirk sarta amit balik. Harita pisan si Dirk mimitina disadà, kawas anoe mileuleujankeun ka indoeng-beurang pokna „aaaa".

PNRI 6p

III.

Dirk mimiti bisa ngarandang.

Beunang disĕboet galib, jen boedak oemoer sataoen teh geus bisa leumpang, tapi ari si Dirk mah boedak hĕnteu djamak djeung noe sedjen, tina lintoeh teuing tea dina oemoer sawĕlas boelan teh tatjan bisa ngarandang-ngarandang atjan, masih keneh nangkarak bĕngkang, tjara anoe oemoer sawĕlas poë bae. Manehna tara pisan tjeurik soemawonna roengsing teu poegoeh mah. Lamoen aja anoe hĕnteu panoedjoe djeung hatena, manehna sok neuteup bari kĕroeng, sabalikna lamoen manggih karĕsĕp, neuteupna bari bĕbĕlĕwekan seuri sarta ngahĕrĕng tjara anak oetjing keur oelin. Lamoen manehna keur dikĕdĕng-keun dina ajoenan euweuh anoe ngaganggoe, sok ngoe-ang-ngaong, leungeunna dikoepat-kapitkeun, nĕpi ka ajoenanana ĕndag, tampolana mah goejan-gajoen kawas anoe diajoenkeun bae; lamoen manehna geus ngarasa, jen ajoenanana geus ngagajoen, katjida pisan rĕsĕpeunana, leungeunna roroësan, soekoena kekedjek, sarta kokoreakan, moen tjara kolot mah soerakna. Kitoe bae saban poë, manehna sok oelin sorangan dina ajoenan, djadi matak sĕnang pisan ka kolotna, bisa djongdjon baranggawe, bapana oesaha, indoengna pakaja.

Dina hidji poë, sabot indoengna di kĕbon, si Dirk oelin dina ajoenan, leungeunna djeung soekoena pakeupis, katendjo koe oetjing, samaroekna anoe pakeupis teh beurit, ngan gadjlĕng bae loentjat kana ajoenan, mĕnĕr kana sisina pisan. Teu koedoe dipikir deui, ajoenan teh tangtoe djadi beurat sabeulah, atoeh ngan gofempal bae si Dirk moerag tina ajoenan, nĕpi ka tigogolentjeng kana handapeun medja. Ari oetjingna roroësan, moentang kana kasoer djeung simboet. Barang eta oetjing ragrag, ngan gĕbroe bae kasoer djeung simboet teh moerag ninggang eta oetjing wani karimboenan pisan, kokose-han neangan pidjalaneun. Dĕmi si Dirk sadjong-djongan mah nangkarak bĕngkong bae dina handapeun medja bari tjoelak-tjileuk nendjoan anoe kakara kadeuleu,

PNRI 6p

kawasna bae kaget, doemeh salin rarasaan djeung tetendjoan. Sanggeus rada lila, toeloej manehna ngagoerindjal malik, nangkoeban, ari ret nendjo anoe ngaloemboek handapeun ajoenan djeung aja anoe ĕmboet-ĕmboetan, ngan toeloej bae asod-asodan njampeurkeun kana handapeun ajoenan. Barang kadengeeun koe oetjing anoe karimboenan tea, jen aja anoe asod-asodan, samaroekna anoe njingsieunan, toeloej bae soesoeroengkoejan, loeloempatan bari njoenjoehoen kasoer djeung simboet, koe koerilingan di djĕro kamar. Si Dirk nendjo anoe soesoeroengkoejan beuki tambah gantjang asod-asodanana bari kokotjetjetan bangoen anoe rĕsĕpeun pisan. Lila pisan dioedag-oedagna teh, nĕpi ka eta oetjing leuleus, tina bawaning koe tjape djeung eungap.

Indoeng si Dirk asoep ka kamar, nendjo anakna geus euweuh dina ajoenan sarta ajoenanana geus tibalik, manehna ngagĕtĕr hatena maroekan anakna tjilaka ragrag tina ajoenan, tapi barang ret anakna katendjo keur lalangsoedan bari kokotjetjetan, atoheun pisan, ngan dina hatena kaget, doemeh kasoer djeung simboet si Dirk geus ngaloemboek di djoeroe. Ari ditĕgĕs-tĕges bĕt aja anoe ĕmboet-ĕmboetan, toeloej koe manehna didjoengdjoengkeun, bĕt aja oetjing, geus leuleus. Gantjang koe manehna ajoenanana dibalikkeun deui sarta dikasoeran, djeung si Dirk dikĕdĕngkeun bari diajoenkeun.

Waktoe Trom pasosorena datang tina pagawean, toeloej dibedjaan koe pamadjikanana hal noe geus kadjadian tadi ti beurang. Manehna seuri wani babarakatakan. Sanggeus saleuseurian, toeloej dalahar.

Bapana ngomong pokna: „Tada teuing ĕngkena lamoen geus gĕde bangorna eta boedak, ajeuna oge, tjatjak lĕmboet keneh geus loba pisan tingkah pamolahna anoe matak seuri, djeung awakna beuki lintoeh bae wani siga bola".

Ti watĕs harita Dirk tara pati ditinggal-tinggalkeun teuing sorangan dina ajoenan, ngan ajoenanana rada dihandapan, sabab sieuneun ragrag deui. Ajeuna Dirk geus bisa morentel koe maneh tina ajoenan, lamoen geus kĕsĕl

PNRI

ngagoler teh sok ngaragragkeun maneh ka handap, toeloej kakarajapan di djĕro kamar, njoo tjotjooan atawa parabot sakoer anoe katendjo. Sakapeung mah sok njoo paroekoejan, diboelak-balik, bari digorolong-gorolongkeun, nĕpi ka di kamar teh pinoeh koe lĕboe, atawa nginoem tjai tina wadah paranti oetjing, atawa asoep ka djĕro lamari leutik tĕroes sare. Barang mimitina mah indoengna reuwaseun pisan; manehna balik ti tjai, nendjo boedak geus euweuh dina ajoenan, toeloej diteangan, dioengkaban kana handapeun randjang, ka tĕngah imah, ka dapoer, ka boeroean, tapi wĕleh hĕnteu kapanggih. Manehna loeloempatan ka loear ka djĕro bari riwih-rawah tjeurik, geus teu ngeunah tjitjing teu poegoeh tjagap. Barang keur dioek dina korsi bari mikiran eta boedak, malah geus boga ingĕtan rek bebedja ka salakina, ngan rĕket bae panto lamari tek moeka, ari direret bĕt si Dirk keur koekoeliatan hoedang sare. Geuwat koe manehna dipangkoe bari digalemoh ditjioeman. Ti watĕs harita mah geus maranti, lamoen anakna euweuh dina ajoenan, sok geuwat bae ditĕmpo kana lamari, tetela sok kasampak keur sare atawa keur oelin dina tahapan pang hadapna.

Dina hidji poĕ indoengna kasemahan opat lima awewe tatanggana anoe njalamĕtkeun wĕwĕdalan anakna. Dirk harita didangdanan badjoe koeroeng bodas anoe kakara pisan beunang ngistrik, dikaosan weuteuh, sapatoe aloes. Sanggeus beunang ngadangdanan toeloej dikĕdĕngkeun dina ajoenan. Ari indoengna toeloej asoep ka kamar rek ngaganti papakean. Tina kabĕrĕdĕg teuing koe semah, manehna teu alak-ilik heula kana ajoenan, toeloej bae ka tĕpas hareup manggihan semah. Dĕmi semah-semah geus darioek, toeloej manehna asoep ka imah rek njokot soesoegoehna. Manehna kaget nendjo si Dirk geus euweuh dina ajoenan; ditĕmpo kana lamari, sakoemaha biasa, euweuh, di tĕngah imah euweuh, ari kapanggih teh keur goegoelingan dina wadah arĕng wani geus tjamohong, beungeutna, leungeunna, pinoeh koe arĕng soemawonna papakeanana mah. Semah-semah pada karaget, doemeh priboemi dagdag-digdig bangoen aja

PNRI

anoe diteangan djeung katarendjo boedi parangina, toeloej disalampeurkeun ka djěro bari ditaranja, pokna: „Aja naon? aja naon?" Ari geus kadareuleu si Dirk keur goegoelingan dina arěng, ngan gěr bae saleuseurian. Barang si Dirk nendjo loba djělěma, toeloej manehna ngarawoe arěng, sawareh dihoeapkeun, sawareh deui diawoerkeun ka hareupeun semah kawas anoe mere bari ngomong pokna: „Euh! euh!" Semah-semah beuki rame seuseurianana, ngan indoengna anoe hěnteu seuri teh, beungeutna moenggah geuneuk nahan piamběkeun djeung era koe semah, soemawonna ras ingět kana papakeanana mah beunang sakitoe běrěsihna djadi kalotor koe arěng. Ti dinja toeloej manehna indit, njokot papakean si Dirk djeung saboen. Sangeus dimandian, toeloej dibadjoean deui, dibawa dioek dina korsi bari njanghareupan semah něpi ka baralikna.

Dirk rěsěpeun pisan kana oetjing ingoe-ingoean indoengna; saban poě lamoen manehna hěnteu oelin di boeroean, sok ngoejěk bae di kamar njoo oetjing. Lila-lila eta oetjing teh anakan tiloe, laloetjoe pisan. Dirk beuki tambah rěsěpeunana boga rasa tambah batoer oelin, tapi ari indoengna mah, tina wěgah koe parabna, boga ingětan anakna anoe doea rek dibikeun ka batoer bae. Ari dipikir deui, ngarasa lěbar, ngaranděg hěnteu prak. Kitoe djeung kitoe bae něpi ka oemoerna saminggoe.

Dina hidji poě indoengna keur baranggawe di dapoer, ngadenge oetjing eong-eongan bari loeloempatan toeroen oenggah ka para, ka loear asoep ka imah, toeloej koe manehna disampeurkeun bari ditěgěskeun. Teu lila eta oetjing teh ngarontokan pěti bari kakaoet kawas noe rek moekakeun toeroebna. Ari diboekakeun koe indoeng si Dirk, anak oetjing teh geus paraeh tiloeanana eungapeun, sihoreng teh koe si Dirk diasoepkeun kana eta pěti toeloej ditoeroeban.

Aja deui kalakoeanana si Dirk anoe matak seurie.

Dina hidji poě bapana dangdan make papakean singsaroea hideung, sabab rek miloe nganteurkeun majit tatanggana ka Kěbon-djae. Topina, anoe seseengan tea,

PNRI 6p

koe manehna diteundeun dina korsi, ari manehna toeloej njampeurkeun pamadjikanana rek menta dipangnĕrapkeun dasina. Sabot keur barongoh, topi teh teu kanjahoan ditjokot koe si Dirk, ditjoo, digereleng-gerelengkeun, toeloej didioekan nĕpi ka nambĕjek kawas harmonika. Ari bapana rek indit, roeroet reret nendjoan topi geus euweuh tina korsi, toeloej nanja ka pamadjikanana pokna: „Griet! dikamanakeun topi?"

Pamadjikanana: „Kapan koe maneh tadi ditjĕtjĕkĕl bari disikat".

Salakina: „Heueuh tadi mah ditjĕtjĕkĕl, tapi sanggeus disikat, koe kami diteundeun dina ieu korsi. Tjing teangan, soegan moal ka mana".

Pamadjikanana: „Tjing atoeh ingĕt-ingĕt, bisi maeah poho deui neundeunna".

Salakina: „Tetela dina korsi ieu, pirakoe poho. Soegan mah ditjokot si Dirk".

Pamadjikanana: „Da ti tadi oge si Dirk mah hĕnteu kadeuleu asoep ka kamar".

Salakina bari njĕntak: „Bari koe beuki ngomong ongkoh, dititah teh ngan nembal bae. Tjing tendjo kaloear bisi ditjoo boedak. Geuwat, bisi kaboeroe djoeng manten".

Indoeng si Dirk toeloej ka tĕngah imah, kasampak anakna keur ngadioekan topi bari seuseurian. Manehna pok ngomong kieu: „Geuning ieu topi teh didioekan si Dirk wani nambĕjek pisan. Geura tendjo Jan! Na aja boedak bangor-bangor teuing".

Bapana norodjol ti kamar ka tĕngah imah, nendjo topina geus nambĕjek kawas harmonika, toeloej ditjokot; bawaning koe ambĕk, si Dirk digoelingkeun. Bral indit bari gĕgĕlĕndĕng. Sanggeus rada djaoeh, ngan barakatak bae indoengna seuri wani seeleun.

IV

Dirk djadi Dik.

Ajeuna si Dirk oemoerna geus doeà taoen, mimiti manehna bisa leumpang djeung ngomong, tapi teuing koe

PNRI 6p

tjarang takol, djeung tatjan pati bisa ngoenikeun kĕtjap anoe make aksara *r*. Loba anoe njangka, jen manehna teh ngaboedĕg tina tara pati ngomong tea, tapi ari anoe njarahoeun mah kana adatna, sok ngamaloem bae.

Sanggeusna bisaeun leumpang teh, si Dirk katjida pisan rĕsĕpeunana oelin di boeroean, teu pilih keur hoedjan atawa keur panas poĕ soemawonna keur ioeh mah sarta hade anginna. Indoengna beuki tambah paoer bae, inggis anakna tikĕtjĕboer ka koelah atawa palid dina waloengan.

Dirk geus boga doea roepa sipat anoe matak seuri, hidji kalintoehanana leuwih ti batoer, kadoea soekoena doeanana tjengkrong djeung palatjer, hĕnteu nimbangan ka piawakeunana, lamoen ditendjo ti toekang siga pisan bĕrĕnoek beunang ngadjĕdjĕl. Oepama manehna keur nangtoeng, soekoena bawaning koe patjer wani siga rek ngarĕmpĕjĕk; lĕbah toeoerna rĕnggang beunang dikolongan anak ĕmbe anoe panglintoehna.

Lamoen manehna diadjak ngomong koe batoerna oelin, sok balĕm bae tara ngadjawab, soemawonna lamoen ngomongna bari seuseurian mah; malah sakapeung mah sok ngalieus bari ngadĕlekan. Ngan lamoen ditanja ngaran sok gantjang oge ngadjawabna, tapi manehna teu bisaeun ngoenikeun aksara *r* tea, djadi salawasna ngadjawabna teh „Dik", *) nĕpi ka nĕlah ngaranna kitoe. Lila-lila mah manehna sorangan oge boga rasa jen ngaranna teh „Dik" lain „Dirk", malah indoeng-bapana oge naroeroetan njĕboetna teh „Dik".

Katjaritakeun dina poĕan wĕwĕdalan si Dik, ti isoek djĕpoet hoedjan ngagĕbret nĕpi ka beurang teu eureun[2]. Boeroean pinoeh koe tjileuntjang sarta amblongan. Dik nendjo tjai di boeroean loejoeh-lajah katjida pisan kabitana hajangeun hoehoedjanan, orokaja ditjaram koe indoengna. Manehna kapaksa koedoe tjitjing di imah nendjo tjihoedjan tina ram katja; tapi tina bangorna nja teu loepoet, sabot indoengna keur baranggawe di dapoer,

*) „Dik" basa Walanda, hartina „lintoeh".

manehna bidjil, toeloej hoehoedjanan di boeroean. Barang katendjo koe indoengna toeloej digoesoer diasoepkeun deui ka kamar sarta pantona dikoentjikeun.

Wantji tĕngah poĕ hoedjan teh raat sarta langitna lenglang, tapi ari di boeroean mah masih keneh djĕblog sarta loba keneh tjileuntjang. Dik bebedja ka indoengna rek oelin di boeroean. Ari tjek indoengna: „Heug, oelin di boeroean tapi oelah djĕdjĕblogan." Sanggeus ngomong kitoe toeloej manehna digawe deui di dapoer. Mimitina mah si Dik oelinna di noe toehoer bae, tapi lila[2] tina boga rasa rĕsĕp, toeloej bae oelin di noe djĕblog, malah nĕpi ka goegoelingan, awakna pinoeh koe leutak ka hoeloe-hoeloe. Dik rĕsĕpeun pisan, njieun babalongan, ditjaian koe tjileuntjang njieun goegoenoengan koe taneuh djĕblog, ari geus loehoer toeloej ditĕpak, leutakna moentjrat kana awakna, kana beungeutna, kana hoeloena, malah nĕpi kana bilik imah, wani kotor.

Barang manehna keur antĕng oelin dina leutak, ret nendjo hidji awewe geus kolot njampeurkeun ka manehna, ari ditĕges-tĕgĕs bĕt indoeng-beurang, kageuleuh manehna tea.

Dĕmi eta indoeng beurang geus biasa pisan sok datang dina wĕwĕdalanana baroedak anoe diparadjian koe manehna. Harita oge manehna rek ngandjang ka indoeng si Dik, rek njalamĕtkeun taoenan anakna. Ari ret manehna nendjo si Dik keur oelin dina leutak, toeloej ngomong pokna: „Dik! naha maneh mana goejang dina leutak? Tjoba tendjo, taneuh wani kana hoeloe-hoeloe. Meugeus oelin teh, hajoe djeung maing oerang mandi."

„Ĕmboeng!" djawab si Dik bari ngadĕlekan.

Tjek indoeng-beurang: „Ĕmboeng? naha bĕt ĕmboeng? Hajoe miloe djeung maing oerang ka djamban. Naha maneh teu wawoeh djeung maing?"

„Poegoeh bae wawoeh mah" djawab si Dik bari njoo leutak.

Indoeng beurang nanja deui, pokna: „Tjing lamoen ĕnja maneh wawoeh, saha ieu teh?"

PNRI 6p

„Djoelig koelis!" djawab si Dik bari mitjeun beungeut bawaning koe ĕmboeng nendjo beungeutna indoeng-beurang.

„Tajoh teuing kagĕmbroena" tjek indoeng-beurang bari ngadjengkat. „Dasar sia mah atoeh djapiloes ti boeboedak". Manehna ras ingĕteun deui kana badjoena anoe kabandjoer sop tea. Katjida pisan manehna ambĕkna, disĕboet „djoerig koeris" koe boedak, doemeh beungeutna bowek tea, toeloej bae asoep ka imah manggihan indoeng si Dik bari moeroekoesoenoe. Ari sapatoena ditoenda dina golodog, sabab djĕblog pinoeh koe leutak.

Barang geus amprok djeung indoeng si Dik, toeloej manehna njalamĕtkeun wĕwĕdalan anakna, kitoe oge bangoenna hĕnteu berag, sabab hatena masih keneh gęuleuh ka anakna, boga rasa dioenghak, didjieun ka noe boeroeng. Tapi lila-lila mah bear oge boedina, kapopohokeun koe njarita djeung dahar leueut panjoegoehan.

Ari si Dik djongdjon bae oelin di boeroean, djĕdjĕblogan dina leutak. Barang ret manehna nendjo sapatoena indoeng-beurang dina golodog, toeloej ngarawoe leutak diasoepkeun kana eta sapatoe nĕpi ka parinoeh doeanana. Ti dinja toeloej manehna oelin deui, njieun babalongan djeung goegoenoengan bari ngawaskeun kana sapatoe tea. Teu koengsi lila indoeng-beurang teh bidjil; manehna teu barangilik heula, ngan soep bae sapatoe dipake, nĕpi ka soekoena djĕblog doeanana pisan.

„Adoeh!" tjek indoeng-beurang bari kekedjet. „Moal teu si gĕmbroe anoe boga kalakoean kieu teh. Geura Njai ieu tingali, sapatoe maing wani pinoeh koe leutak!"

Indoeng si Dik norodjol ti imah nendjo indoeng-beurang leumpangna djedjengkean, ngan tjeuleukeuteuk bae seuri, kitoe ge rada dipĕngkĕk sabab sieun kadengeeun.

Omong indoengna ka si Dik: „Naha tjep sapatoe maing dileutakan? Geura tendjo itoe maing leumpangna wani djedjengkean bari ngagoegoesoer sapatoe. Oelah kitoe tjep, karoenja".

Djawab anakna: „Da bongan keukeuh teuing ngadjak mandi, batoel keul lĕsĕp-lĕsĕp oelin teh".

Heuleut saminggoe ti harita, tjai di laoet, dina balong, di waloengan kabeh djadi es [saldjoe], sabab harita oesoem tiris [winter]. Tina bangĕt tirisna, saldjoe teh nĕpi ka sakaki kandĕlna. Balong-balong djeung waloengan-waloengan kadeuleuna geus ngĕplak bodas bae, malah di boeroean mah loba anoe ngahoenjoed siga goegoenoengan. Kitoe deui tatangkalan daoenna rigil, dahanna pinoeh koe saldjoe siga make rarawis renda bodas.

Si Dik katjida pisan rĕsĕpeunana nendjo saldjoe di boeroean. Sanggeus manehna disalin papakean sarta barangdahar, toeloej oelin di boeroean, loeloempatan-adjret-adjretan dina saldjoe. Ari geus seubeuh oelin, toeloej manehna ngarawoe saldjoe, dibawa ka imah. Sabot keur barongoh, ngan sok bae saldjoe teh diteundeun kana roti beunang meuleum anoe disanghareupan koe bapana.

Indoeng si Dik ngomong ka salakina pokna: „Lain geura kop dahar roti teh, meungpeung haneut, kapan rek indit kana pagawean".

Barang salakina ngahoeapkeun eta roti, kaget djeung reuwas doemeh karasana tiis pisan toeloej diboerakeun deui bari ngilikan anoe ditjĕkĕl, tetela pinoeh koe saldjoe.

„Bangkawarah si Dik" tjek Trom ka pamadjikanana. „Geura tendjo ieu roti diasoepan saldjoe. Ĕnja oge oerang teu boga kidjoe, soegan sageuj ari njatoe roti djeung saldjoe mah".

Indoengna seuseurian bari mĕntjrong ka anakna, tapi ari dina hatena mah kajoengjoen, doemeh si Dik geus aja kamonesanana.

„Ngeunah Pa, loti teh?" tjek si Dik bari seuri. „Loba keneh kidjoe, toeh di boeloean".

Bapana djeung indoengna sili tendjo, geus teu bisa nahan piseurieun, ngan barakatak bae wani rambisak.

Ari si Dik toeloej bidjil rek oelin deui dina saldjoe. Manehna rĕsĕpeun pisan nendjo baroedak tatanggana

PNRI 6p Balai Pustaka

Keur aroelin, sili baledog, sili awoeran koe saldjoe bari loeloempatan. Lamoen aja noe laboeh pada ngawoeran nĕpi ka awakna pinoeh koe saldjoe Si Dik kabitaeun hajang noeroetan, tapi euweuh batoer toeloej bae asoep ka imah rek njokot oetjing. Kabĕnĕran oetjing teh kapanggih keur ngaringkoek dina bangkoe, ngan kop bae dipangkoe dibawa ka boeroean. Atoeh oetjing mah teu biasa dibawa oelin dina saldjoe, kapan koe tjai ge geus tiriseun. Si Dik noeroetan lampahna baroedak tea, eta oetjing diawoeran saldjoe wani karoeang pisan, djeung toeloej dibaledogan ti kadjaoehan. Oetjing teh loempat ka dapoer ngabĕbĕskeun maneh kana lĕboe haneut, ari si Dik olohok bae, teu ngarti, naha oetjing bĕt hĕnteu rĕsĕpeun oelin dina saldjoe.

Ti dinja toeloej manehna asoep ka imah karĕpna rek njokot tambang djeung papan. Sanggeus manggih toeloej di talikeun, digoegoesoer di boeroean, tjĕtaan koeda narik gorobog, idĕr-idĕran ka pipir dapoer. Di pipir manehna manggih bak kai wadah pakean, kakara beunang ngĕtjet, ditangkodkeun kana bilik, toeloej ditjokot sarta tjeulina ditalian koe tambang pageuh pisan, sabab ingĕtanana, eta bak leuwih aloes batan papan tea. Ari geus ditalian toeloej digoesoer dibawa koekoerilingan ka boeroean hareup. Manehna nendjo hidji andjing gĕde keur hees dina golodog, teu tatapasini deui ngan kĕrĕwĕk bae boentoetna ditjĕkĕl tĕroes ditalian koe tambang tea pageuh pisan. Tapi tina bawaning koe tibra heesna eta andjing teu ngarasaeun, jen boentoetna ditalian sakitoe tarikna, samaroekna baal koe tiris bae. Si Dik toeloej dioek dina eta bak bari ngomong kieu: „Hajoh koeda geula loempat".

Eta andjing toeloej tjĕngkat bari nendjo ka si Dik, tapi barang katendjo jen boedak, manehna reup bae hees deui. Si Dik ambĕkeun pedah eta andjing teu daekeun loempat, toeloej koe manehna dibaledog koe saldjoe keuna kana hoeloena pisan. Tapi eta andjing hees bae teu daekeun hoedang, sabab ingĕtanana diheureujan koe boedak leutik. Ari si dik hatena beuki djengkel bae,

toeloej tambangna dikĕnjĕd-kĕnjĕd satakĕr tanagana. Eta andjing kaget doemeh boentoetna aja noe njĕntokan djeung beuki lila beuki ngarasa njĕri, sabab tjangreudna beuki masket. Manehna tjĕngkat bari njangerengan, tapi si Dik teu sieuneun, anggoer njĕntok deui kana tambang, bari ngomong: „Hajoh, koeda geula loempat", nĕpi ka eta andjing teh loentjat bawaning koe reuwas djeung njĕri, sarta tĕroes loempat, ngagoegoesoer bak anoe di-toempakan koe si Dik tea. Tjangreudna tambang beuki masket bae kana boentoetna, nĕpi ka eta andjing teh adjret-adjretan bawaning koe njĕri, tapi wĕleh teu ngarti naon anoe ngagoeloesoer toekangeunana teh, samaroekna anoe njingsieunan loempatna notog-notogkeun maneh, sabab sieun djeung njĕri, toeroeg-toeroeg koe si Dik dihantĕm dikĕnjĕdan bari dihojah-hojah.

Djalma-djalma di djalan pada njalingkir sieuneun ka-doepak, tapi ari geus tarĕgĕs ka noe toempakna, ngan gĕr bae saleuseurian wani sareeleun.

Bapa si Dik barang nendjo anakna dibawa kaboer koe andjing, gantjang loempat poerat-perot sieuneun anakna meunang tjilaka. Manehna mĕgat tina pidjalaneunana eta andjing. Barang geus kadeuleu heuweur-heuweur andjing datang sarta ngadenge djalma-djalma pada seuri, ngan gadjlĕng bae loentjat ka tĕngah djalan karĕpna rek mĕgatan eta andjng. Tapi koe sabab harita djalan pinoeh koe saldjoe, manehna tisoledat, katoeroeg-toeroeg soekoena kadoepak pisan koe andjing anoe loempatna notog-notog-keun maneh, nĕpi ka tibeubeut goegoelitikan kana kamalir. Eta andjing loempatna beuki lila beuki tarik bae, sabab boentoetna beuki karasa njĕri. Ari si Dik teu eureun-eureun ngĕnjĕdan bari soesoerakan. Barang nĕpi kana hidji djambatan, bakna magoet kana tihang tangan-tanganna nĕpi ka si Dik oge tipĕtjat, ngagorolong kawas djĕroek moerag; tambangna pĕgat, andjingna tĕroes maboer teu kanjahoan ka mana losna.

Lamoen teu kaboeroe katewak koe bapana, si Dik tangtoe tjilaka, tigoebrag kana soesoekan saat anoe sakitoe loengkawingna. Ari geus nangtoeng toeloej si Dik kikirab

bari ngomong kieu: „Aja lĕsĕp Pa, toempak kaleta. ka mana ajeuna andjingna?"
Djawab bapana: „Ngoeroes andjing, tjing tjagap tarang maneh wani bantjoeloer. Hajoe oerang balik, sageuj ari teu karasa mah".

Ti dinja toeloej bapana manggoel eta bak bari noengtoen si Dik, balik ka imahna. Barang geus amprok djeung pamadjikanana toeloej ngomong pokna: „Si Dik lain antĕpeun, beuki gĕde teh beuki tambah nalaktak bae; loba kalakoeanana anoe matak pibahlaeun".

V

Dik ganti pakean.

Ajeuna si Dik oemoerna geus tiloe taoen, indoengna aja ingĕtan rek ngaganti papakeanana, moal dibadjoean koeroeng deui. Manehna dipangnjieunkeun tjalana tariko, gabrig sangkan teu katara soekoena tjengkrong; lĕbah biritna djeung beuteugna leuwih gĕde batan tjalana kolot. Eta tjalana dikaweul koe tali kana beuheungna, da ari disaboekan mah tara pageuh sok morosot bae. Ari badjoena lakĕn pasesaan badjoe bapana, toekik djeung torad, nĕpi ka teu beunang dikantjingkeun. Makena topi biasana sok disanghareupkeun ka toekang djeung tara lesot[2], lamoen lain rek mandi atawa hees.

Si Dik agoel pisan boga papakean anjar teh, saban poĕ sok dipake ĕmboeng diganti-ganti. Ari leumpang sok toengkoel nilik maneh tara nendjo kana pidjalaneun, malah sok mindĕng tidagor, nĕpi ka tarangna bantjoeloer. Tapi teu kapok, pek deui-pek deui bae leumpang bari nilik maneh teh. Leungeunna sok diasoepkeun kana sakoe tjalanana sarta didjerebebengkeun, atoeh lĕbah biritna teh wani kĕmboeng kawas balon rek diapoengkeun bae. Lĕbah soekoena, doemeh gabrig tea, ari kaanginan teh wani ngelebet kawas bandera, siga pisan bĕbĕgig di sawah, lamoen ditendjo ti toekang.

Dina hidji poĕ manehna ĕntas barangdahar isoek-isoek, toeloej dangdan make papakean anjar tea, dibadjoe

lakĕn toekik, tjalana tariko gabrig, djeung make topi disanghareupkeun ka toekang. Manehna loentang-lantoeng di boeroean tĕroes ka djalan gĕde, leumpangna toengkoel bari nilik maneh. Tjĕngkat soteh ngadoepak boedak awewe keur nangtoeng sisi djalan bari ngagĕlom kĕmbanggoela. Eta doea boedak lila pisan padeuleu-deuleuna teu sili tanja. Si Dik karoenjaeun doemeh eta boedak awewe teh bĕgang djeung kanjos kawas anoe tjatjingeun. Ari eta boedak awewe hatena kaget nendjo si Dik sakitoe lintoehna djeung soeroep kana papakeanana. Si Dik toeloej ngoeriling nendjoan eta boedak ti hareup, ti gigir djeung ti toekangna. Barang geus awas kabeh toeloej ditanja pokna: „Keul naon maneh nangtoeng di dieu?"

Eta boedak teh teu ngadjawab, anggoer toeloej bae ngegel ramo bari mĕntjrong kana beungeut si Dik.

Tjek si Dik: „Kami boga tjalana aloes, geula ieu tendjo".

Djawab eta boedak: „Kami mah boga kĕmbang-goela ngeunah pisan. Maneh mah moal boga kĕmbang-goela nja?"

Dik: „Tjing ngilikan, siga naon loepana".

Boedak awewe: „Ah moal ditembongkeun sieun dirĕboet".

Dik: „Saha ali ngalan maneh? Kami mah ngalan teh „Dik".

Boedak awewe: „Ngaran kami mah lain kitoe, da Aneke".

Dik: „Tjing kami nendjo eta kĕmbang-goela teh, mana kitoe oge teu ngeunah".

Aneke: „Dina kandjoet, tapi maneh moal dibere".

Dik: „Nendjo bae atoeh, da moal dilĕboet".

Si Aneke toeloej ngodok kandjoet njokot kĕmbanggoela sahidji ditembongkeun ka si Dik.

Dasar si Dik boedak tjareraman, koe ṣagala kabita, matana teu ngitjeup-ngitjeup nendjo kana kĕmbang-goela bangoen anoe hajang geura kop. Toeloej manehna ngomong: „Menta kami saeutik, ke dibawa oelin".

Si Aneke atoheun doemeh rek dibawa oelin, toeloej bae eta kĕmbang-goela teh digegel, dibikeun sabeulah.

Si Dik nanja déui pokna: „Ti mana maneh boga eta kĕmbang-goela Nek?"

„Beunang meuli sasen, toeh! ti waroeng itoe" djawab si Aneke bari noendjoek.

Ti dinja toeloej si Dik indit bari ngodok sakoe tjalana koemaha biasa, ngadjoegdjoeg ka waroeng anoe ditoedoehkeun koe si Aneke tea. Barang datang ka dinja toeloej ngomong ka toekang waroeng pokna: „Meuli kĕmbang-goela doea sen".

Geuwat koe toekang waroeng diladangan doea seneun, doea poeloeh siki.

Si Dik hĕnteu tatapasini deui, ngan sĕlĕwĕg bae dihoeapkeun wani samoetoet, ari sesana kop dirawoe bari indit.

Toekang waroeng gĕgĕroan pokna: „Mana doeitna oedjang!".

„Doeit?" djawab si Dik bari ngosom.

„Heueuh doeitna! kapan tjek maneh meuli kĕmbang-goela doea sen".

„Teu boga doeit koeling mah ngan kĕmbang goela" djawab si Dik.

Tjek toekang waroeng: „Ka dieu poelangkeun deui eta anoe tatjan dilĕbok teh! keur naon oemangkoh mantog ka waroeng ari teu gablĕg doeit mah".

„Kop bae tjokot, teu ngeunah" djawab si Dik bari diawoerkeun; ari manehna gĕrĕdĕg loempat njampeurkeun deui ka si Aneke. Ari geus amprok toeloej manehna njokot kĕmbang-goela sahidji tina soengoetna toeloej dibikeun ka si Aneke. Ti watĕs harita eta doea boedak djadi sobat dalit pisan.

Dina hidji poĕ bapa si Dik datangna ka imah mawa laoek sĕnoek (bangsa laoek laoet), doea geus paraeh.

Si Dik rĕsĕpeun pisan kana eta laoek ditjotjo nĕpi ka dipapangkoe. Soengoetna toeloej ditjalangapkeun, soep ramona diasoepkeun, karĕpna rek ngabĕdol letahna, maroekan aja letahan. Barang ramona geus asoep, soengoet laoek teh njakoep deui, hoentoena narantjĕb kana ramona nĕpi ka baloboran gĕtih. Hantĕm koe manehna

diteunggeulan koe leungeunna noe sabeulah deui, samaroekna pilesoteun, tapi batan lesot mah anggoer beuki nantjëb. Manehna gëgëroan menta toeloeng. Indoengna norodjol ti dapoer, nendjo si Dik keur neunggeulan sënoek bari tjeurik sarta leungeunna gëtihan. Toeloej bae soengoet laoek teh ditjalawakeun bari ngomong: „Geuwat tarik leungeun maneh Dik! bisi njakoep deui".

Barang geus lepot toeloej koe manehna dioesapan bari ngomong kieu: „Lamoen hiloep sia koe aing dikadek. Di mana ma! tjitjingna eta laoek sënoek teh?"

Djawab indoengna: „Di waloengan".

Ti dinja si Dik toeloej ka loear bari mawa bëdog. Di boeroean manehna papanggih djeung si Aneke keur nangtoeng handapeun tangkal kai, rek njampeur oelin ka si Dik.

Aneke: „Rek kamana Dik! mamawa bëdoeg?"

Dik: „Lek ngadek laoek sënoek toeh! dina waloengan, da bongan ngegel kana lamo kami wani gëtihan".

Aneke: „Kami miloe".

Dik: „Hajoe, tapi manehna oge koedoe miloe antjloeb".

Aneke: „Ah, kami mah moal miloe antjroeb sieun palid, rek ngoendangan bae di darat".

Ti dinja toeloej arindit. Barang nëpi kana sisi waloengan, toeloej si Dik antjroeb bari ngamangkeun bëdog. Mimitina mah di sisina bae, tapi tina hajang geura meunang laoek sënoek, nja beuki tëngah nëpi ka noe rada djëro, kira sëmët harigoena.

Si Dik ngomong ka si Aneke pokna: „Aneke katjan manggih hidji-hidji atjan. Soegan ka hilil, hajoe kami toetoelkeun".

Indoeng si Dik kaget, doemeh geus lila pisan hënteu ngadenge sora anakna, sabab sasarina mah tara djaoeh ti boeroean aroelinna teh. Manehna ngomong ka salakina, pokna: „Ka mana ari si Dik geus lila teu kadengedenge? Tjing pangnëmpokeun bisi oelin di djalan gëde atawa di sisi tjai".

Bapana toeloej ka loear rek nëmpo anakna, diteangan di këbon euweuh, di djalan gëde euweuh, ari ret ka

tĕgalan 'manehna nendjo doea boedak, noe hidji di sisi waloengan, noe hidji deui antjroeb, ari ditĕgĕs-tĕgĕs, telela si Aneke djeung anakna, ngan bĕlĕsat bae loempat wani bloeg-bloeg laboeh, bari gĕgĕroan: „D.....i.....k!"

Barang geus deukeut toeloej bae toetoeroeboen sarta si Dik dibawa handjat, tĕroes doeanana ditoengtoen dibawa balik.

Ti watĕs harita si Dik teu meunang oelin deui kana sisi waloengan.

VI.

Dik lalajaran.

Si Dik beuki gĕde teh beuki lintoeh djeung beuki tambah bangor bae. Pang djadina ngalintoehan, eta salah indoengna, ana mere kahakanan teh tara djeung oeroesan, ditoeroetkeun saseubeuhna nĕpi ka djadi boedak rĕwog. Ari njatoe roti isoek² tara seubeuh koe sakeureut-doea keureut, tampolana mah adjang bapana oge sok dibeakeun. Koe manehna bae. Nginoem, batoer-batoer mah saloemoer, ari manehna mah doea-tiloe loemoer. Pendekna kana sagala beuki djeung rĕwog leuwih ti batoer.

Ari noe matak tambah bangor sabab salah indoeng-bapana, sagala kalakoeanana tara pisan diganggoe, nja eta tina lantaran njaah teuing tea. Oelin di noe panas, hoe-hoedjanan, djĕdjĕblogan, loeloempatan sisi balong bari mandi keĕr panas poë, tataekan, kakadekan teh diantĕp bae, tara pisan digeunggeureuhkeun soemawonna ditjaram mah, sabab lamoen diganggoe si Dik sok ambĕk-ambĕkan, sagala dikadekan, sapĕrti korsi, medja, bangkoe, lamari atawa ditjoerat-tjaret koe kapoer djeung arĕng nĕpi ka kotor.

Lamoen aja anoe ngingĕtan ka indoengna atawa ka bapana soepaja oelah ngajoenkeun teuing ka boedak, sok ngadjarawab kieu bae: „Ah, keun bae, da poegoeh anak ngan sahidji, koemaha behna bae ari geus gĕde mah".

PNRI 6p

Koe sabab indoeng bapana sok ngadjarawab kitoe, djadi tatanggana tara daraekeun deui mapatahan nja toengtoengna mah diarantĕp bae.

Dina oemoer opat taoen teh si Dik geus sapoeloeh kali bahla di tjai, nja eta: dalapan kali tikĕtjĕboer di balong meh titeuleum, lamoen teu kaboeroe katoeloengan koe indoengna mah, doea kali palid keur mandi di waloengan, ngan hadena katoeloengan koe noe keur ngala laoek, dibawa kana parahoe. Sakali ragrag tina tangkal kai keur ngala sajang manoek, nĕpi ka leungeunna pitĕs. Tiloe minggoe manehna, kapaksa koedoe tjitjing di imah bari ngangais leungeun. Sakali iroengna katjotjokan batoe nĕpi ka bareuh sarta bidjilan gĕtih. Lamoen manehna teu ngomong mah jen kaasoepan batoe, tangtoe iroengna koe doktor disopak, sabab geus wĕleh ngoebaran. Sanggeus dibedjakeun kitoe mah toeloej bae ditjapit koe gegep nĕpi ka beunangna. Doea kali kageleng keur oelin di djalan gĕde, sakali ngoedag kareta rek toempak kana loporna, laboeh tikodjot kana tjalanana, sakali deui kageleng roda argol. Manehna keur oelin di djalan gĕde nendjo argol keur ditanggap, kaget ngadenge sora sakitoe haroesna djeung argolna diroepakeun sasatoan. Pangira manehna anoe disada teh sato anoe kadeuleu tea, toeloej asoep kana kolongna rek nendjoan ti djĕrona. Toekang argol teu njahoeun, jen di kolong roda aja boedak, ari ĕnggeus ditanggapna, teu alak-ilik heula, ngan toeloej bae disorong. Si Dik gĕgĕroan adoeh-adoehan bari tjeurik ari dipangkoe soekoena geus ngaplek sabeulah, potong kageleng roda. Harita keneh toeloej bae koe bapana digandong dibawa ka Doktor. Saboelan manehna dioebaran di roemah-sakit teu liar-liar.

Si Dik beuki gĕde teh beuki tambah njoesahkeunana ka kolot, soemawonna mabok bako mah mindĕng pisan, sabab manehna sok maling-maling, sabot bapana keur dina pagawean, pipahna sok dipake, ngĕlĕpoes handapeun kai. Barang mimiti mah matak reuwas, asoepna ka imah djodjolotoan djeung oetah-oetahan, sarta kesang loeoetleet. Indoengna dagdag-digdig teu poegoeh tjagap bari

tjeurik, riwih-rawah, nĕpi ka bapana age disoesoelan kana pagaweanana. Ari geus eureun oetah-oetahanana, reup hees tibra pisan. Kanjahoanana jen mabok bako, basa bapana rek oedoed, koetoetang-koteteng neangan pipah teu kapanggih. Manehna nanja ka pamadjikanana pokna: „Kamana ari pipah bĕt euweuh tina parantina?"

Djawab pamadjikanana: „Teu njaho, da koering mah tara open kana parabot lalaki. Soegan si Dik njahoeun".

„Dik! maneh teu njokot pipah bapa tina medja?"

„Di kĕbon Pa, handapeun tangkal kai" djawab si Dik.

Tjek bapana: „Naha di kĕbon, tjep? Koe maneh dipake?"

„Ĕnja" djawab si Dik. „Noe matak koeling tadi oetah-oetahan oge, mabok."

Ti dinja toeloej bapana ka loear bari ngomong sorangan, pokna: „Si Dik boedak bangor, koemaha pagĕgĕdeanana".

Dina hidji poĕ indoengna repot pisan loba pigaweeun, sapĕrti sasapoe, kĕkĕboet bĕbĕrĕsih di imah, di dapoer, di boeroean, koekoembah djeung ngala tjai, toeroeg-toeroeg loba pisan seuseuheun, sabab di djĕro doea minggoe manehna teu bisa njeuseuh lantaran gĕring; atoeh wani ngaboegbroeg seuseuheun teh, papakean salakina, anoena djeung pakean anakna. Manehna naheur tjai di dapoer keur ngeueum pakean kotor, ari seuneuna geus hoeroeng, toeloej njagap deui gawe sedjen. Sabot manehna keur kĕkĕboet di imah, teu kanjahoan si Dik asoep ka dapoer. Manehna rĕsĕpeun pisan nendjo seuneu hoeroeng ngagoe-dag-goedag, toeloej diseblok tjai nĕpi ka meh pareum. Ari geus ngagoedag di bandjoer deui, meunang opat-lima kali ngabandjoer, atoeh tjai teh bantoet teu daekeun ngagolak. Ari geus rada lila, djol indoengna datang rek nĕmpo tjai soegan geus asak, tapi bolampar asak sabab seuneuna diheureujan anakna. Bawaning koe amběk, tjai tatjan asak lantaran diheureujan si Dik djeung sakitoe geus beurangna tatjan bisa keneh njeuseuh, ngan kĕrĕwĕk bae si Dik didjewang leungeunna toeloej dikoesroekkeun kana tjarangka arĕng bari ngomong: „Na sia teh matak teuing djengkel, tjai sakitoe pĕrloena rek dipake, ngan

diheureujan bae seuneuna, koemaha teu rek bantoet. Naon pĕrloena noe matak dibandjoeran tjai?"

„Lĕsĕp Ma! tjeletjes tjeoooos", djawab si Dik bari njerengeh, hoentoe bodas beungeut tjamohong pinoeh koe arĕng, nĕpi ka indoengna oge seuri koneng, ambĕk tjampoer djeung hajang seuri.

Tjek indoengna: „Indit sia ka ditoe! oelah asoep deui ka dapoer, hag lamoen sakali-kali deui ngaheureujan seuneu, koe aing dikoesroekkeun kana seuneu".

Ti dinja toeloej si Dik ka loear, rek njampeur si Aneke oelin ka tĕgal ngala papatong, tapi si Aneke harita gĕring teu bisa oelin, atoeh kapaksa manehna oelin sorangan. Manehna toeloej ka sisi waloengan, ingĕtanana rek nendjo anoe ngala laoek, tapi harita kabĕnĕran euweuh anoe ngala laoek, ngan manehna manggih tahang ngambang di tjai ditjangtjangkeun kana papan paranti indoengna njeuseuh. Manehna ngomong dina hatena: „Rĕsĕp tĕmĕn lamoen aing bisa toempak dina eta tahang, ngambang ka hilir ka girang".

Sanggeus mikir kitoe toeloej manehna toeroen, kakarajapan dina gawir, sabab eta panjeuseuhan teh ajana di handap pisan. Barang manehna keur kakarajapan bari moentang kana djoekoet, soekoena tikosewad wani ngagoelawing pisan. Atoeh da poegoeh ge beurat koe awak, djoekoet noe dipoentangan teh kabawa djeung akar-akarna, ngan gorempal bae tigoegoelitik ka handap. Kabĕnĕran ragragna teh kana papan tea, malah soekoena mah doeanana asoep pisan kana tahang. Geuwat manehna moentang kana papan, gek dioek dina tahang bari seuseurian sorangan. Sanggeus mĕrĕnah dioekna, toeloej talina dioeloer, tahangna palid ka hilir. Eta tambang pandjang pisan kira sapoeloeh deupa, atoeh djaoeh nakĕr palidna teh. Ari geus beak oeloeranana, toeloej dibĕdol deui nĕpi ka meh adĕk kana papan tea. Kitoe bae meunang opat lima kali ngabĕdol. Barang kagĕnĕp kalina, djĕproet tambangna pĕgat, atoeh ngan leong bae ka hilir. Si Dik hĕnteu goegoep tina hĕnteu boga ingĕtan kana pibahlaeun, boeboehan boedak keneh ngan rĕsĕp noe aja bae ngaloen ka hilir teh.

Dina oesoem dahar tĕngah poë si Dik tatjan datang keneh bae, biasana poekoel doeabĕlas oge geus datang, miheulaan kana medja.

Indoengna nanja ka bapana pokna: „Ka mana ari si Dik, wajah kiwari tatjan datang?"

Djawab salakina: „Teu njaho, da tadi mah keur oelin di kĕbon".

Tjek pamadjikanana: „Dagoan sakeudeung, koe koering rek ditĕmpo heula".

Ti dinja toeloej manehna indit, tapi si Dik, ditĕmpoan di boeroean euweuh, di kĕbon euweuh, diteang ka djalan gĕde euweuh. Manehna panasaran toeloej indit ka sisi waloengan, sabab si Dik sok rĕsĕpeun nendjo anoe ngala laoek. Barang nĕpi ka lĕbah papan paranti njeuseuh tea manehna kaget nendjo tahang geus euweuh sarta tambangna pĕgat djeung djoekoet dina gawir pasiksak kawas oeroet anoe tisorodot. Manehna ngagĕtĕr hatena inggis tahang teh ditoempakan anakna, tambangna pĕgat, toeloej palid. Geuwat manehna loempat mapaj-mapaj sisi waloengan ka hilir bari ngawas-ngawas kana tjai. Lapat-lapat ti kadjaoehan manehna nendjo aja anoe ngambang djeung kadeuleuna aja anoe oetĕk-oetĕkan. Manehna beuki gantjang loempatna hajang njidikeun anoe oetĕk-oetĕkan tea. Barang geus rada deukeut, tetela anoe ngambang teh tahang tea, ari anoe oetĕk-oetĕkan leungeun si Dik keur ngaboseh. Geuwat manehna gĕgĕroan ka salakina bari tjeurik dĕdĕngekan. Teu koengsi lila salakina datang loempatna notog-notogkeun maneh.

Omong pamadjikanana: „Boeroe-boeroea Jan! geura toetoeroeboen, bisi kaboeroe tikĕrĕlĕp manten, geura tendjo tahangna wani geus goeloeang-galeong."

Djawab salakina: „Koe maha rek bisa toetoeroeboen sakitoe loengkawingna. Ke oerang neangan heula anoe rada handap".

Sabot manehna keur alak-ilik, neangan noe rada handap, ngan gĕdjĕboer bae koe pamadjikanana disoentroengkeun wani tikĕrĕlĕp pisan. Bapa si Dik kasĕboet oge toekang ngodjaj gantjang bae malidkeun maneh ka hilir. Ari geus

deukeut, gabroeg bae tahang teh dirontok sarta disered ka sisi. Ari geus nĕpi ka sisi, toeloej si Dik dipangkoe dibikeun ka indoengna, ari manehna handjatna bari manggoel tahang tea, tĕroes baralik ka imahna.

VII

Dik asoep ka iskola.

Dina hidji poĕ pasosore, harita si Dik oemoerna geus gĕnĕp taoen; Trom badami djeung pamadjikanana rek njakolakeun anakna. Kabĕnĕran harita piisoekaneun moeka iskola, ĕntas pakantji (vacantie) gĕde. Ari geus rĕmpoeg ragĕm toeloej manehna indit nĕpoengan toean Goeroe, sarta ditjaritakeun pikarĕpeunana rek njakolakeun anakna tea. Kabĕran koe toean Goeroe si Dik ditarima, malah tĕroes didjangdjian, soepaja isoekna si Dik dibawa ka sakola.

Isoekna poekoel gĕnĕp si Dik geus dimandian sarta didangdanan papakean wareuteuh, tapi ari potonganana mah teu beda djeung noe ĕnggeus-ĕnggeus, nja eta badjoe toekik, leungeunna torad, tjalana gabrig malah ajeuna mah dihadja koe indoengna rada digĕdean sakoena, soepaja bisa mĕkĕl roti atawa koeeh.

Poekoel toedjoeh si Dik dibere roti djeung koeeh, dipangngeureutkeun leuwih gĕde batan sasari, sabab indoengna sieuneun anakna kalaparan.

Ari geus beak roti djeung koeeh, indoengna nanja pokna: „Hajang keneh, Dik? kop-kop, masing seubeuh bisi ĕngke lapar."

Djawab si Dik bari koerah-keroh: „Sakeureut deui Ma! rotina djeung koeehna."

Toeloej dipangngeureutkeun deui roti djeung koeeh. Isoek harita si Dik njatoena roti djeung koeeh, kawasna bae doea kalieun kolot, tapi sakitoe geus gĕdena teh, manehna make mĕkĕl roti djeung koeeh diasoepkeun kana sakoe tjalanana, wani rĕmpih.

Saparapat deui kana poekoel dalapan djoeng arindit djeung bapana. Barang datang ka iskola, kasampak toean Goeroe keur nataan baroedak anjar. Kabĕnĕran

barang' hol pisan datang, toean Goeroe njëboet: „Dirk Trom", atoeh gantjang bae si Dik njampeurkeun bari njoeplak topi.

Neng poekoel dalapan, moerid-moerid diasoepkeun ka iskola, sakëlasna-sakëlasna. Si Dik djeung batoer-batoerna baroedak anjar dibawa ka hidji kamar anoe digoeroean koe hidji nona. Eta nona Goeroe teuing koe bëgang djeung kanjos kawas anoe hoedang gëring bae, nëpi ka si Dik oge hatena ngarakatjaj karoenjaeun. Baroedak kabeh diatoerna dina sabangkoe doeaan-doeaan, ari geus beres, toeloej Djipro (nona Goeroe) teh ngoeriling bari nanja ngaran ka baroedak. Barang nëpi ka lëbah si Dik, Djipro teh oedjoeg-oedjoeg rësëpeun bae tina kalintoehanana eta boedak.

Djipro nanja bari nëpakan kana taktakna: „Saha ngaran maneh?"

Djawab anoe ditanja: „Dik".

Djipro: „Dik? Poegoeh bae maneh teh lintoeh, montong disëboet deui, tapi saha nja ngaran?"

Si Dik hënteu nembalan, sabab pangrasana geus tjoekoep sakali oge.

Djipro teh nanja deui: „Wah boedak! naha maneh teu ngadjawab saha ngaran teh?"

Djawab si Dik bari mëntjrong kana beungeut Djipro: „Dik! Dik! kapan tadi oge ënggeus disëboet".

Samaroekna Djipro ngadjawab kitoe teh lain njëboet ngaranna, maroekan njëboet lintoeh bae toeloej nanja deui bari tetendjrag bawaning koe djengkel pokna: „Heueuh, maneh teh lintoeh! tjek saha bëgang, kami mah nanja ngaran saha?"

Dik nendjo beungeut Djipro wani beureum djeung molotot, ingëtanana tangtoe ngamëk. Tina manehna pribadi tara pisan amëk; lamoen hënteu lapar, sangkana si Dik, Djipro oge pangngamëkna teh pedah lapar bae, ras manehna ingët kana rotina anoe disakoean tea. Manehna karoenjaeun ka Djipro, maroekanna ënja lapar, toeloej ngomong bari ngodok roti, pokna: „Heh! ieu roti geura dahar, ari geus lapar mah montong amëk-amëkan teuing".

Djipro beuki tambah ambĕkna, toeroeg² disaleungseurikeun koe baroedak, toeloej bae ngadjawab: „Sok bae roti mah teundeun dina medja, da kami mah lain hajang roti. Keun ke koe kami rek dialoengkeun ka loear, soegan aja andjiing njasab, meureun beukieun".

Barang kadenge koe si Dik, jen rotina rek dibikeun ka andjing, ngan wĕl bae dihoeapkeun nĕpi ka asoep sapotong pisan. Ari anoe sapotong deui geuwat diasoepkeun kana sakoe tjalanana. Manehna eueuleugeugan teu bisa ngomong, sabab samoetoet pinoeh koe roti; ari Djipro toeloej bae indit njampeurkeun boedak sedjen, nanjakeun ngaranna si Dik. Anoe ditanja ngadjawab jen ngaranna noe ĕnja mah „Dirk Trom" tapi nĕlahna „Dik bae".

Ti dinja toeloej Djipro njokot sabak djeung gĕrip sarta baroedak kabeh pada dibagi hidji sewang, disina ngagambar; ari manehna ka kĕlas hidji deui rek mapatahan matja. Di kamar si Dik djĕmpling euweuh noe ngomong hidji² atjan; baroedak kabeh pada arantĕng kana ngagambar.

Si Dik oge harita ngagambar. Manehna nĕkĕnkeunana gĕrip kana sabak tarik pisan nĕpi ka ngagĕrit, kawas sora padati bae. Djipro ngadenge anoe ngagĕrit wani njereset kana hatena, dasar mah bĕgang, teu pajaan koe noe gĕrat-gĕret. Manehna ngomong bĕdas, pokna: „Oelah ngagĕret baroedak! kami linoe wani seseresetan kana hate".

Tapi si Dik hantĕm bae ngagĕrit, maroekanna lain njaram ka manehna, djeung katjida rĕsĕpeunana, tambah dihadja digĕrat-gĕret.

„Masih bae eta teh ngagĕrit?" tjek Djipro bari njampeurkeun. „Saha eta teh manoesana anoe teu beunang koe omong teh? Paingan teuing atoeh da si gĕmbroe. Ka dieu maneh Dik!".

Toeloej si Dik njampeurkeun bari ngasoepkeun leungeun doeanana kana sakoe tjalanana.

„Dik!" tjek Djipro. „Maneh koedoe ngawaro kana omongan kami, sarerea oge nja kitoe, lain maneh bae. Lamoen maneh ditjaram, koedoe geuwat ngawaro, sapĕrti

PNRI

bieu, tjek kami „oelah ngagĕrit", tapi ari maneh tonggoj bae, sageuj ari teu kadenge mah".

„Aeh, karah kitoe!" djawab si Dik bari seuseurian.

„Naon!" tjek Djipro bari molotot boga rasa diheureujan. „Maneh teu meunang ngomong kitoe masing bĕnĕr ari djeung Goeroe mah".

„Kapan ieu oge ngomong bĕnĕr" djawab si Dik bari seuseurian nendjo noe amběk-amběkan. „Djipro oge teu koedoe bĕbĕnger teuing sasaoeran teh".

„Koerang adjar sia;" tjek Djipro beuki ngamběk. „Saha anoe mapatahan ngomong kitoe?".

„Ĕma" djawab si Dik bari njagapan beuteung, sabab manehna geus rada lapar.

„Meudjeuhna!" tjek Djipro bari ngadĕlekan. „Tapi di iskola mah maneh teu meunang ngomong teu poegoeh. Tjitjing di dinja! teu meunang kana bangkoe".

„Heug!" djawab si Dik.

Teu meunang „heug", „mangga kitoe:" tjek Djipro beuki bĕngis.

„Teu meunang?" djawab si Dik, bari olohok. „Naha teu meunang?"

„Teu meunang bae, koedoe „mangga" tjek Djipro.

Bawaning koe djengkel djeung geus kĕsĕl, toeroeg beuteungna geus koekoeroeboekan hajangeun njatoe, toeloej bae manehna ngomong: „Teu meunang heug, koedoe mangga kitoeh!"

Djipro boga rasa era pasea djeung boedak kampoeng anoe tatjan sabaraha kanjahona, toeloej bae indit ka kamar sedjen bari gogoděg.

Sanggeus pantona digĕbroegkeun, toeloej si Dik ngodok rotina anoe sapotong tea, dihoeapkeun wani samoetoet. Baroedak sakoer anoe narendjo pada saleuri. Barang ret kadjoeroe si Dik nendjo si Aneke, sobatna tea, toeloej koe manehna disampeurkeun bari ngomong: „Ti mana Nek, ti tadi teu kadeuleu-deuleu? Hajang maneh koeeh?"

Djipro ngadengeeun jen si Dik rek mere koeeh ka batoerna, toeloej nĕmpo tina panto bari ngomong: „Teu meunang mere koeeh di sakola, geus maneh sakarĕp-

karĕp, ajeuna rek mamawa ka batoer. Ka dieu maneh Dik! koemaha ajeuna maneh rek bageur? Lamoen maneh rek bageur, hade kana bangkoe deui".

Si Dik hĕnteu ngadjawab, ngan mĕntjrong bae kana beungeut Djipro.

Djipro nanja deui: „Koemaha Dik! maneh teh rek bageur?"

„Salawasna oge koering mah bageur", djawab si Dik bari imoet, teu pisan aja parangi goreng, doemeh ditjarekan.

„Heug! ajeuna mah geura kana bangkoe deui, tapi teu meunang heureuj nja!"

Dik toeloej dioek deui dina bangkoena, tapi hĕnteu ari ngagambar mah. Manehna nendjo batoerna sabangkoe gawena keur ngahoelĕng bae mikir-mikir kana balik, sabab manehna asoepna ka iskola teh beunang maksa kolotna, lain karĕpna sorangan, malah datangna oge tjarindoel keneh ĕntas tjeurik.

„Koe naon silaing ngahoelĕng bae, geus lapar?" tjek si Dik ka eta boedak.

Eta boedak teh hĕnteu ngadjawab, ngan mĕntjrong bae kana beungeut si Dik.

„Wah! naha ditanja teh anggoer mĕntjrong?" tjek si Dik „Silaing teh gĕring?"

Eta boedak batan ngadjawab mah anggoer goak bae tjeurik tarik pisan.

Djipro njampeutkeun ka anoe keur tjeurik bari nanja pokna: „Koe naon maneh tjeurik?"

„Ditjiwit" djawab eta boedak bari noendjoek ka si Dik.

„Djipro: „Ĕnja Dik maneh njiwit?"

Dik: „Tatjan prak, ngan kakara disingsieunan bae, sabab ditanja sababaraha kali teu nembalan."

Djipro: „Repeh! oelah tjeurik ari di iskola mah. Ke lamoen si Dik rek njiwit deui, maneh koedoe geuwat bebedja, nja?"

Sanggeus ngomong kitoe toeloej Djipro ka kĕlas noe hidji deui tea sarta pantona dipeundeutkeun.

Si Dik ambĕkeun pisan, doemeh ditoeding njiwit; teu

kanjahoan, ngan djoeng bae nangtoeng dina bangkoe, kop njokot sabakna, habĕk diteunggeulkeun kana hoeloena eta boedak, nĕpi ka sabakna rĕmoek pisan, bari ngomong kieu: „Toeman sia! boedak[2] geus diadjar bohong, nagorengkeun batoer."

Ti dinja toeloej manehna njokot topi, leos balik ka imahna teu bebedja heula ka Djipro. Isoekna, lamoen koerang-koerang ngolona mah, si Dik tatjan poegoet daekeun deui ka iskola.

VIIII

Dik djeung Djipro.

Indoeng si Dik soesaheun pisan, doemeh anakna salilana di iskola hĕnteu dipake karĕsĕp koe Djipro, tina bangor teuing tea. Meh oenggal poë koe indoengna dianteurkeun ka iskola bari diolo-olo, sabab lamoen teu kitoe, si Dik tara daekeun indit, atawa, aja indit ti imah, tapi ari ka iskola mah tara datang. Djipro oenggal poë sok ngamběk, sabab si Dik tara beunang digeunggeureuhkeun, malah sok mindĕng ngahadjakeun. Manehna tara pisan daek diadjar, sok njoëhkeun boekoe anoe keur dititah dibatja, oenggal poë meupeuskeun sabak, ragrag tea, kasenggol keur sili sĕdĕk djeung batoerna, dipake heureuj tea dialoeng-aloengkeun, atawa dipake neunggeul batoer. Lamoen keur djĕmpling[2] sok kĕrat-kĕret kana sabak koe pakoe, nĕpi ka Djipro hatena seseresetan bawaning koe linoe. Pendekna saban poë tara pisan diadjar, ngan heureuj bae.

Batoerna sabangkoe, anoe ngaranna si Bruin Boon, meh oenggal poë tjeurik lantaran diheureujan si Dik. Lamoen manehna keur noelis, leungeunna sok disenggol, nĕpi ka toelisanana kapoepoes, atawa gĕripna disoempoetkeun, soemawonna lamoen ngaloehoeran omong mah sok gantjang bae ditjiwit atawa ditjabok nĕpi ka tjeurikna.

Ari eta si Bruin lain boedak matak pikarĕsĕpeun, sabab: hidji sok ngakoe[2] kana barang batoer, lamoen manggih doeit atawa gĕrip sok diakoe anoena bae, tara dibikeun ka noe leungiteun, kadoea sok bohong, katiloe sok galak

istori, kaopat epesmeer, teu paja kagětrak-gětrik seeutik, sok tjeurik.

Ari si Dik mah adatna tibalik pisan djeung adat si Bruin. Lamoen manehna manggih naon-naon teh sok geuwat disalabarkeun, tara bohong, tara galak-istori, djeung wanian, tapi tara olo-olo pikadjapiloeseun batoer, ngan bangor dibeakeun koe sorangan, nĕpi kalila-lila mah djadi panoedingan bae, poegoeh-poegoeh batoer noe boga dosa, ari anoe ditjarekan mah manehna.

Dina hidji poĕ si dik keur madjoe ka iskola, didjalan manggih bangkong gĕde pisan, toeloej koe manehna ditjokot sarta diasoepkeun kana sakoe tjalanana, dibawa ka iskola. Di iskola koe manehna ditembong-tembongkeun ka babatoeranana, dipake njingsieunan, soemawonna ka si Bruin mah. Dasar manehna boedak borangan, geus teu wanieun dioek dina bangkoena, gawena teh ngan loeloempatan bari bibirigidigan. Ari djol djipro, kakara dioek api-api baranggawe. Sabot manehna keur noelis, teu kanjahoan bangkong teh sok koe si Dik diteundeun hareupeunana pisan. Bawaning koe reuwas djeung sieun manehna ngagoak bari ngĕdjat, leungeun-badjoena ngait kana sababna nĕpi ka ragrag, ngagoloprak bĕdas pisan. Djipro norodjol njampeurkeun si Bruin, dĕmi bangkongna geuwat koe si Dik disakoean deui kana sakoena.

Djipro: „Koe naon sabak maneh noe matak moerag, Bruin?"

Bruin: „Disenggol si Dik, Djipro!"

Dik: „Bohong ketah, oelah diandĕl".

Bruin: „Ĕnja disenggol si Dik, malah manehna njakoean bangkong".

Dik: „Si gĕde bohong, ati² sia".

Bruin: „Geura bae koe Djipro tingali dina sakoe tjalanana".

Djipro: „Memang maneh Dik salawasna oge anoe djadi loeloegoena teh, djeung keur naon mamawa bangkong ka iskola toeroeg² dipake heureuj nĕpi ka sabak batoer moerag, katambah-tambah bohong deui, teu boga ka era. Tjing kami nendjo eta bangkong teh!"

Dik: „Eta sabak moeragna kasenggol koe si Bruin sorangan, sabab manehna ti tatadi oge ngan heureuj bae, tjilingtjingtjat teu daek dioek dina bangkoe."

Bruin: „Bongan bae disingsieunan koe bangkong."

Djipro: „Repeh! oelah ngotjomang teuing, da poegoeh maneh Dik anoe pangbangorna teh. Kami pĕrtjaja ka si Bruin batan ka maneh. Geuwat tembongkeun eta bangkong teh kami hajang nendjo!"

Djipro hĕnteu boga sangka jen si Dik bisa njakoean bangkong sakitoe gĕdena, pangirana teh bantjet sawah bae sarta geus paeh balas ditjotjoo, tapi barang ditembongkeun koe si Dik sarta ngatjlog ka hareupeunana, Djipro teh ngadjĕrit bari ngĕdjat ka djoeroe, meh laboeh ngadoepak bor. Eta bangkong atjlog-atjlogan njampeurkeun ka Djipro. Djipro loeloempatan dioedag-oedag bangkong nĕpi ka kapaksa ngatjir ka loear. Barang Djipro geus ka loear, teu tatapasini deui, ngan habĕk bae si Bruin ditondjok koe si Dik nĕpi ka tarangna bantjoeloer, bari ngomong kieu: „Si Katjang kĕntjes! [1]) toekang istori sia! ati-ati! ke di loear sia koe aing ditambahan deui".

Sanggeus rada lila Djipro asoep deui, bangkongna dititah dipitjeun, ari si Dik meunang sĕtrap, disina nangtoeng di tĕpas toekang. Si Dik dina hatena mah atoheun disĕtrap teh, sabab teu koedoe diadjar, djeung hatena nagĕrĕmĕt, ambĕkeun keneh ka si Bruin.

Koe sabab harita oesoem djĕblog, sapatoe kai (klompen) [2]) baroedak iskola kabeh ditaroenda dina golodog hĕnteu diparake ka djĕro, koe si Dik toeloej dipahilikeun sarta didjaoehkeun tina pasanganana, kitoe deui topi-topina kabeh dipindah-pindahkeun tina asalna, atawa sakoer anoe beunang dilipĕtkeun mah diasoepkeun kana sakoe badjoe djas, sabogana-sabogana. Dĕmi topi si Bruin diasoepkeun kana tahang tjai paranti nginoem baroedak iskola Si Dik ret nendjo topi djeung mantĕlna

[1]) Eta boedak ngaranna „Bruin Boon" = Katjang beureum.

[2]) Di nagri Walanda baroedak kampoeng biasa marake sapatoe kai disĕboetna „klompen".

(badjoe pandjang) Djipro toeloej dipake, topina njengtjĕ, mantĕlna ngangsar. Sanggeus dikantjingkeun toeloej manehna djalan² di boeroean, goegoeloejoeran di noe djĕblog, nĕpi ka mantĕlna kotor. Tadina mah ingĕtanana rek toeloej oelin ka lĕmboer make pakean kitoe, orokaja kaboeroe kanjahoan koe Djipro, kabĕnĕran keur nĕmpo tina djandela. Geuwat Djipro kaloear, ngagoesoer si Dik ka djĕro iskola gĕr disaleungseurikeun koe batoerna.

Djipro katjida pisan ambĕkeunana toeloej ngomong arapäp-eureupeup. „Koerang adjar sia! Geuwat laan! Wani sia make mantĕl aing? Laan! ke sia koe aing di. . . ."

Dik toeloej moeka mantĕl djeung ngalaan topina. Sabot keur moeka mantĕl, Djipro nongtak kana leungeunna bawaning koe ambĕk, tapi tina roesoeh teuing, mantĕl teh leungeunna soĕk, meh sapat pisan, atoeh beuki tambah bae ambĕkeunana teh. Barang geus dilaan, toeloej si Dik nangtoeng hareupeun Djipro bari seuri, kawas noe teu boga dosa.

Ari tjek Djipro: „Ajeuna maneh hade balik bae Dik! montong diadjar. Isoekan lamoen masih keneh bangor, koe kami dioesir deui".

Djawab Dik: „Mangga Djipro! tapi si Bruin oge koedoe disĕtrap, sabab manehna sok gĕde bohong".

„Gandeng!" tjek Djipro. „Montong loba omong gandeng! Geura tjig bae ka ditoe!"

Ti dinja si Dik toeloej balik ka imahna.

Barang geus nĕpi kana waktoena kaloear, baroedak kabeh riboet leungiteun klompen, topi djeung mantĕl. Kabeh ngaromong patarik-tarik. Tjek noe saoerang: „Djipro klompen abdi leungit".

Tjek noe saoerang deui: „Djipro! ka mana ari mantĕl abdi?"

Aja deui anoe ngomong: „Djipro! topi abdi teu aja, tadi mah digantoengkeunana lĕbah dieu".

Djipro bingoeng djeung poesing ngadenge baroedak retjet djeung teu tjaritjing, malah sawareh mah aja noe rek tjeurik.

PNRI 6p

„Tah! geuning mantĕl abdi mah ieu, Djipro! tapi geus dipindahkeun tina asalna", tjek Jan Vos.

„Jan! silaing make klompen dewek sabeulah ka mana ari noe sabeulah deui?" tjek si Bruin. „Djeung topi deui geus euweuh tina oeroĕtna".

„Moal teu kalakoean si gĕmbroe ieu teh" tjek Djipro bari hoemandeuar „Baroedak! kabeh arasoep deui ka djĕro, ĕngke ka loear piligĕnti; saoerang-saoerang".

Baroedak teh toeloej arasoep deui. Ari tjek Djipro: „Jan Vos! maneh bidjil ti heula".

Jan Vos toeloej bidjil. Ari geus kapanggih kabeh toeloej manehna oendjoekan: „Djipro! gadoeh abdi mah parantos kapĕndak sadajana".

Walon Djipro: „Soekoer, ari geus kapanggih mah. Tjig! bae maneh mah geura balik". Ajeuna maneh Bruin Boon!"

Bruin toeloej ka loear. Mantĕlna djeung klompenna geus kapanggih ngan kari topina, toeloej manehna oendjoekan: „Djipro! topi abdi teu kapĕndak!"

Walon Djipro: „Teangan bae masing kapanggih, euweuh waktoe, da batoer ge koedoe balik". Ajeuna maneh Johan van Stoet!"

Kitoe bae baroedak teh ka loearna piligĕnti hidji-hidji sarta tĕroes baralik, ngan kari si Bruin anoe masih keneh koetoetang-keteteng neangan topina tatjan kapanggih, nĕpi ka tjeurik pada naringgalkeun koe sarerea. Djipro alak-ilik miloe neangan topina si Bruin, tapi wĕleh teu kàpanggih. Lila² Djipro aja sangka dikoentjloengkeun kana tahang, toeloej toeroebna diboekakeun. Barang geus tetela aja dina tahang, toeloej ngomong, pokna: „Bruin! soegan mah ieu topi maneh teh dina tahang. Tjing tendjo, ĕnja!"

Ari ditĕgĕs-tĕgĕs koe si Bruin tetela topina, toeloej dikodok, tapi geus lĕtek bawaning koe lila dikeueumna. Djipro ngagikgik seuri koneng nendjo si Bruin balikna ngadjingdjing topi baseuh, rajoed kawas kalong beunang ngabĕdil bae. Ti dinja toeloej manehna balik.

Di djalan Djipro papanggih djeung bapana si Dik,

balik tina pagaweanana, Djipro ngomong kieu: „Trom! handjakal pisan ajeuna kaoela kapaksa koedoe njarita ka maneh, saolah-olah ngistorikeun anak maneh si Dik. Anak maneh bangorna leuwih ti misti, meh oenggal poë disëtrap, tapi euweuh pisan tapakna. Tadi koe kaoela dititah balik ka imah samemeh nëpi kana waktoena boebar iskola, sabab mimitina manehna ngaheureujan ka kaoela, toeloej maledog koe bangkong meh kana beungeut pisan, nëpi ka kaoela meh tjilaka, ngadoepak bor, ba waning koe sieun djeung reuwas. Koe kaoela disëtrap ditangtoengkeun di djoeroe di tëpas toekang. Sabot barongoh, kabeh klompen, mantël djeung topi baroedak iskola dipahilikeun tina tëmpatna, nëpi ka djadi kariboetan dina oesoem ka loear, malah nëpi ka wani make topi djeung mantël kaoela, dipake, digoegoesoer di noe djëblog. Saoemoer hiroep kaoela mah kakara manggih boedak saroepa kitoe. Ajeuna pamenta kaoela, sabisa-bisa koe maneh koedoe diwarah, oelah diantëp teuing, bisi bangorna katoetoeloejan".

Bapa si Dik toengkoel bae hënteu ngawalon, ngan barang Djipro rek indit deui, pok manehna ngomong: „Koemaha atoeh, da geus teu bisa ngawarah, mana diiskolakeun oge, nja koemaha behna bae".

IX

Dik djeung toekang tënoeng.

Dina hidji poë, kira wantji asar, si Dik keur balik, papanggih djeung batoer-batoerna sakola, anoe keur aroelin di djalan gëde. Dik nanja, pokna: „Keur naraon euj? Teu papanggih djeung si Katjang Boentjis (Bruin Boon)? Dewek mah ngagërëmët keneh bae hajang njabok masing poeas, toeman sok rësëp ngagoreng-gorengkeun batoer. Tjoba, Djipro ngewaeunana ka dewek, euweuh deui lantaranana ngan sok diistorikeun teuing si Katjang. Lamoen kapanggih ajeuna di dieu, oelah madjar maneh, koe dewek rek diadjar bënër-bënër, peupeuriheun koe indoengna tara pisan diwarah".

Djawab batoena: „Bĕnĕr Dik! Koedoe diwarah, dewek oge teu rĕsĕp, sok tjoekat-tjokot kana banda batoer. Tadi oge isoek² dewek leungiteun gĕrip, ari katendjo geus aja dina doesna, tapi geus dipotongkeun toengtoengna sangkan teu katara".

Tjek noe saoerang deui: „Tadi dewek disĕtrap koe Djipro, lantaran diistorikeun koe si Bruin, magar ngaheureujan manehna, padahal dewek mah ngadeukeutan soteh rek menta tjai".

Noe saoerang deui ngomong kieu: „Dewek oge ditjarekan koe Djipro magar ngaheureujan si Anna, padahal anoe ngaheureujan tea mah manehna."

Roepa² omongan baroedak, kabeh pada ngaroepat si Bruin. Sabot keur ngaromong kitoe, rĕntang-rĕntang ti kadjaoehan si Bruin datang. Barang ret oge kadeuleu koe si Dik, geuwat bae digoepajan bari gĕgĕroan pokna: „Geuwat ka dieu Katjang kĕntjes! toekang istori! toekang tjĕtjĕrĕmĕd! Lamoen ĕnja silaing lalaki, hajoe ajeuna oerang gĕloet".

Tapi si Bruin teu wanieun ari gĕloet mah, ngan bĕlĕsat bae loempat balik ka imahna.

Ari tjek si Dik: „Toeh, euj! si leutik poetjoes, ari diĕnja-ĕnja mah diadjak gĕloet wani ngatjir. Keun bae sakali ieu mah moal dioedag, isoek ge mo boeroeng kapanggih deui. Hajoe ajeuna mah batoer-batoer! oerang aroelin ka pasar".

„Hajoe" djawab batoer-batoerna bari arindit.

Dina tĕgalan pasar loba pisan geusan kaoelinan, sapĕrti: oetjing-oetjingan, koekoedaan, loeloentjatan dina kai pantjoeh paranti njangtjang sapi noe rek dipeuntjit djeung tataekan dina tatangkalan. Tapi ari naek mah si Dik koedoe dibarantoean koe batoer-batoerna, sabab beuteungna ngagandjĕl, teu bisaeun ngarangsod. Eta baroedak dina loehoer kai rame pisan seuseurian djeung kakawihan, nĕpi ka Veldwachter (Mantri poelisi) oge keur sare tibra pisan, hoedang. Manehna njampeurkeun bari mawa pĕtjoet; djaoeh-djaoeh keneh oge geus gĕgĕroan, pokna: „Hajoh bae sia geura kakawihan di dinja! teu

ngoeroes kagandeng batoer, djeung kapan sarerea ogé pada njaraho, jen dilarang kĕras pisan, teu meunang aja anoe tataekan dina tatangkalan sisi djalan gĕde, soemawonna djeung kakawihan mah. Hajoh, geura taroeroen! lamoen sakali-kali deui kapanggih tataekan, sia moal diampoen deui, tangtoe koe aing dirangket sarta dipĕrkarakeun. Kadenge! hah!"

Baroedak teh pagantjang-gantjang taroeroen, malah aja anoe toetoeroeboen bawaning koe sieun dirangket, tapi ari si Dik mah kakarajapan bae hĕnteu goegoep, toeroeg-toeroeg harese koe beuteung, nĕpi ka Mantri poelisi kapaksa koedoe mantoean si Dik toeroen. Sanggeus Mantri poelisi balik, toeloej baroedak teh oetjing-oetjingan di tĕgalan nĕpi ka boerit.

Sabot keur aroelin, Jan Vos ngomong pokna: „Euj, batoer-batoer! toeh! nini-nini teh toekang tĕnoeng."

Kabeh baroedak pada narendjo ka hidji nini² anoe keur leumpang, geus bongkok sarta koendang iteuk. Eta nini² pioemoereunana moal djaoeh tina gĕnĕp poeloeh taoen, tapi roepana kawas anoe oemoer dalapan poeloeh taoen bae. Beungeutna geus pareot sarta geus kĕmong (ompong). Manehna ditioeng koe lamak boetoet, make badjoe anoe geus lodro sarta geus teu poegoeh roepana bawaning koe geus boeroek, djeung sapatoena geus robek sarta ngoplok. Leumpangna toengkoel bangoen noe rek tikoesroek djeung garajam-gĕrĕjĕm, ngomong sorangan.

Ari eta nini² geus djaoeh, Jan Vos ngomong deui, pokna: „Oelah lalawora euj! eta nini² teh loba pisan pangabisana. Hadena mah diboei, soepaja hĕnteu bisa koemĕlĕndang deui ka kampoeng".

„Naha, Jan! koedoe diboei?" djawab batoerna bangoen kaget. „Karoenja atoeh sakitoe geus kolotna".

Tjek si Jan: „Naha silaing teu njaho? Bapa dewek kamari njarita, jen eta nini² bisa nĕnoeng djalma anoe hĕnteu ngajoenkeun kana kahajangna. Minggoe toekang manehna geus njieun sasalad kana hajamna toean Klager, nĕpi ka gĕmpar pisan; sanggeus meunang tiloe poĕ gĕringna toeloej paraeh euweuh hidji aoe ngari. Ari lan-

taranana mah ngan saeutik pisan, menta ĕndog doea siki, pokna keur oebar salakina gĕring, koe toean Klager teu dibere, malah nĕpi ka ditjarekan djeung dioesir. Tah, kitoe noe matak eta nini² koedoe diboei".

Djawab si Dik: „Meudjeuhna bae da sok katjida teuing Klager mah, sakitoe beungharna teh nĕpi ka teu wĕrat mere ĕndog doea siki ka noe miskin, soemawonna aja basa keur oebar mah; dasar atoeh djalma ngopet, euweuh doea toean Klager ari koe kitoe tea mah, atoeh!"

Ari tjek Piet van Dril: „Koemaha ajeuna toean Klager hĕnteu handjakaleun hajamna paraeh?"

Djawab Jan Vos: „Poegoeh bae handjakaleun mah malah nĕpi ka kagĕgĕringan. Manehna ari ras ingĕt ka eta nini² sok ngadegdeg djeung moeroengkoet kawas anoe sieun ditjĕkek bae".

Omong si Dik: „Handjakal teu manehna bae ditĕnoeng soepaja hĕnteu koret teuing, dewek mah nĕpi ka ajeuna kanjĕnjĕrian keneh bae koe toean Klager teh, menta djĕroek hidji keur oebar basa ĕma gĕring, nĕpi ka teu mere, padahal manehna mak sok radjeun oge aja pangaboetoehna."

Tjek Piet van Dril: „Komo teuing ka indoeng silaing, kapan ka noe lakitoe miskinna oge geus ĕmboeng mere".

Djawab Jan Vos: „Naha pangira silaing bĕnĕr salakina teh gĕring? Eta mah akal bae sangkan manehna bisa asoep ka imah, sabab lamoen manehna bisa asoep ka imah oerang, bo! tjilaka, ditĕnoeng, sakarĕp manehna tangtoe djadi. Satoengtoeng manehna aja di imah oerang, oerang teu njaho naon anoe dilampahkeun koe manehna, tapi ĕngke ari geus balik, kakara kanjahoan, sagala euweuh. Malah bapa dewek njarita deui jen manehna geus nĕnoeng anakna paradji, boedak leutik oemoer tiloe taoen, ngan doea poĕ toeloej paeh. Tah, ka noe miskin age manehna sakitoe iklasna, komo ka noe beunghar mah".

Ari tjek anoe saoerang deui: „Koemaha kanjahoanana jen eta boedak ditĕnoeng?"

Djawab Jan Vos: „Dina anggĕl noe dikĕdĕngan eta boedak aja djimat".

Ari tjek anoe nanja: „Saha anoe ngasoepkeun eta djimat kana anggĕl boedak, kapan ditoenggoean?"

Djawab Jan Vos: „Kapan tadi ge koe dewek geus ditjaritakeun, satoengtoeng manehna aja di imah oerang teu kanjahoan, naon anoe dilampahkeun koe eta nini², nja eta dipipahokan tea".

Omong Piet van Dril: „Keur naon atoeh moesapir ari bisa nĕnoeng mah? sabab sakarĕp-karĕpna oge tangtoe djadi".

Djawab Jan Vos: „Poegoeh bae bisaeun mah, malah tjek bapa, manehna bisa hibĕr toempak sapoe njere ngalajang di langit, bari gĕgĕroan; biasana dina peutingan ahir taoen. Basa bapa dewek balik ti sobatnja kira poekoel satoe peuting, lĕbah kĕbon-djae ngadenge aja anoe gĕgĕroan, ari ditĕgĕs-tĕgĕs tetela pisan eta nini² keur kakalajangan di langit, toempak sapoe njere. Manehna ngamang-ngamang tjoeroek ka bapa, kawas anoe njing-sieunan, tapi hadena teu koengsi naon².

Omongna baroedak anoe ngadarengekeun: „Ti watĕs ajeuna ka hareup, lamoen eta nini² ngaliwat, poma oerang oelah wani² ngaganggoe, bisi ditĕnoeng".

Djawab Jan Vos: „Tapi dewek mah hajang njaho di imahna, keur naon gawena eta nini² teh".

„Hajoe oerang ka ditoe". Omong si Dik.

„Teu soedi teuing" djawab Jan Vos. „Wajah kiwari njampeurkeun toekang tĕnoeng. Lamoen manehna nja-hoeun, tangtoe silaing ditĕnoeng, didjieun lantjah atawa sedjen² sasatoan. Tjig bae rek ka ditoe mah sorangan Dik!"

Euweuh hidji boedak anoe wanieun njampeurkeun ka imahna eta nini², sabab sieuneun koe tjaritana Jan Vos, ngan si Dik sorangan anoe panasaraneun teh, hajang njidikeun koemaha boektina. Toeloej manehna ngomong bari ngasoepkeun leungeun kana sakoe tjalanana, kieu pokna: „Dewek sorangan anoe wani tea mah, hajoe euj! saha noe rek miloe?"

Batoer-batoerna kabeh pada era koe si Dik, padahal manehna teh pangboedakna, toeloej bae ngadjarawab:

PNRI

„Dewek miloe! dewek miloe! Lamoen si Dik wani, dewek oge wani. Hajoe oerang barĕng".

Ti dinja toeloej arindit, si Dik pangheulana. Baroedak kabeh pada marawa dahan kai dipake iteuk.

Piet van Dril ngomong bari leumpang: „Oerang singsieunan euj! eta nini² teh, oerang kĕtrokan tina djandelana".

Djawab Karel van Bakel: „Oerang gĕdoran bae pantona soepaja sieueun".

Ari si Dik mah teu ngomong naon² tonggoj bae leumpang pangheulana. dĕmi baroedak anoe rea leumpangna beuki kĕndor bae nĕpi ka koe si Dik djaoeh pisan katinggaleunana. Si Dik loeak-lieuk nendjoan batoerna, bari ngomong dina hatena: „Noeroes toendjoeng teuing laleumpang teh beuki kalĕndor bae, keur naon atoeh mariloe, ari laleutik poetjoes mah".

Teu koengsi lila baroedak teh daratang, tapi djĕmpling, euweuh hidji anoe wanieun ngomong.

Harita keur meudjeuhna poĕk boelan, angin ngagĕlĕboeg, langit angkeub kawas rek hoedjan. Ti kadjaoehan maranehna nendjo tjaang damar di djĕro imah leutik, nja di dinja tjitjingna eta nini² teh.

„Hajoe, euj! oerang oedjoeg-oedjoeg arasoep bae ka djĕro imah" tjek Piet van Dril. „Tjing koemaha rĕmpoeg?"

„St! repeh euj! oelah ngaromong teuing, toeh! tarendjo aja noe hibĕr". Tjek si karel van Bakel bari ngarandĕg. „Tah darenge, aja noe disada".

Kabeh baroedak pada ngarandĕg, ngawaskeun djeung ngadengkeun anoe disada tea, tapi sadjĕroning kitoe teh, boeloe poendoekna mah wani maroeringkak bawaning koe sieun, toeroeg-toeroeg di awang-awang, eta baroedak ngadarenge sora kieu: „Oe-hoe! oe-hoe! oe-hoe!"

„Tah, euj!" tjek Jan Vos. „Nja eta nini² teh, keur ngadjadikeun boeweuk, kakalajangan neangan tĕnoengeun".

„Hajoe, euj!" tjek si Dik. „Oelah roendag-randĕg bae ari ĕnja mah silaing warani, kadjaba lamoen sarieun, da dewek mah teu sieun saeutik-eutik atjan".

Sanggeus ngomong kitoe, toeloej si Dik madjoe deui,

ari batoer-batoerna, bawaning koe era koe si Dik, toeloej naloetoerkeun pandeuri sili tjĕkĕl, ajang-ajangan. Leumpangna beuki lila beuki kalĕndor, toengtoengna areureun ngawaskeun ti kadjaoehan.

„Toeh! tendjo aja noe tjaang", tjek Karel. „Aja kitoe eta nini² teh?"

„Oe-hoe! oe-hoe! oe-hoe!" eta sora teh kadarengeeun deui djeung katendjona aja ngalajang di langit.

„Toeh, geuning euj! nini² teh ngalajang deui" tjek Jan bari haharewosan. „Tjing saha ajeuna noe wani njampeurkeun?"

„Ih!" tjek si Karel bari bibirigidigan. „Dewek mah boro² njampeurkeun, ajeuna ge wani geus asa kop bae dilĕbok eta nini²".

„Dewek oge teu wani" djawab Jan „sabab lamoen kadeuleueun, sakitjeup oge oerang tangtoe djadi lalaj".

„Oe-hoe! oe-hoe" eta sora teh beuki deukeut kadengena.

Baroedak kabeh euweuh hidji anoe ngomong, malah si Karel, anoe panggĕdena djeung pangkolotna soekoena wani njorodtjod.

„Hajoe euj! oerang deukeutan!" tjek si Dik. „Saha noe wani, dewek toetoerkeun".

„Tjig bae silaing sorangan, soegan hajang djadi bangkong", djawab batoer-batoerna. „Dewek mah moal miloe rek ngadagoan di dieu bae".

„Kadjeun, ari arĕmboeng mah" tjek si Dik. „Dewek bae sorangan rek ka ditoe".

Dasar si Dik boedak loedeungan, toeloej bae mădjoe deui nĕpi kana djandelana pisan.

Si Dik ngadenge deui sora di langit sapĕrti tadi tapi manehna mah tĕtĕg bae hatena, bawaning koe panasaran hajangeun njaho boektina. Manehna nĕmpo tina djandela, kadeuleu di djĕro aja nini² keur dioek dina bangkoe, djeung beh djĕro, di djoeroe, aja anoe ngagoler kawas anoe gĕring. Lila² anoe ngagoler teh oesik djeung kadenge aja anoe ngomong kieu: „Kee! koemaha kaka teh bĕt beuki teu poegoeh bae nja rarasaan".

Eta nini² teh toeloej nangtoeng njampeurkeun ka noe

ngagoler tea, pok ngomong kieu: „Wajahna bae Willem! da maneh teh keur dipoeragaan, koedoe sabar tawĕkal, pasrah soemĕrah ka Noe Agoeng; masing ingĕt kana kadar, moal bisa soemingkir deui. Koemaha maneh teu hajang nginoem?"

„Teu hajang Kee!" djawab salakina. „Kami koe hajang nginoem tjisoesoe sarĕgot bae, soegan teu lĕsoe teuing. Lain teu hajang baranghakan teh ngan eta roti lain dahareun noe gĕring, teuas, teu koeat njapekna".

Eta nini[2] teh sĕgroek bae tjeurik bawaning koe watir, ngadenge salakina hajangeun tjisoesoe.

„Oelah tjeurik, Kee!" tjek salakina. „Oelah tjeurik. Keun bae tjisoesoe mah, da kami ge njaho jen euweuh, oerang teh djalma malarat, moal bisa meuli tjisoesoe. Kami mah ngomong soteh kitoe, bawaning koe hajang bae, lain menta".

„Euh, karoenja teuing" djawab eta nini[2]. „Kami ge geus doea poë teu njatoe roti anjar, moesapir ka lĕmboer[2], batan marere mah anggoer ngaboeboerak, magar kami toekang tĕnoeng. Euh, harianeun teuing, kieu rasana ari anoe malarat. Tjing atoeh, Willem! da oerang teh ngan sakieu nja kaboga, keureujeuhkeun bae eta roti teh teuas[2] oge atoeh, soepaja hĕnteu lĕsoe teuing".

Nini[2] teh toeloej njokot roti ditjĕloebkeun kana tjai soepaja rada beukah, sok dibikeun ka salakina bari ngomong: „Heh! ieu Willem! roti teh beunang njĕloeb, dahar saeutik mah atoeh".

Toeloej eta roti teh koe noe gĕring didahar saeutik, tapi teu koengsi diteureuj diboerakeun deui bae, sabab kĕsat teu poegoeh rasana.

Noe gĕring teh ngomong; „Kop bae keur maneh, Kee! kami mah teu bisa neureuj kĕsat; maneh oge koedoe barangdahar bisi gĕring".

Nini[2] teh toeloej njokot saeutik, ari sesana diteundeun deui, ngagehan salakina bisa hajangeun barangdahar, euweuh pisan koreh-koreheun. Ti dinja manehna djoeng nangtoeng, ngomong bari nadahkeun leungeun doeanana, kieu pokna: „Doeh! Goesti Noe Maha Agoeng, moega[2]

gamparan ningali kana kawaloeratan abdi, sarĕng kĕrsa maparin rĕdjĕki, anoe baris djadi tamba ka noe gĕring".

„Kee!" tjek salakina. „Pek atoeh geura sare geus peuting bisi maneh ripoeh teuing, keur teu dahar teh, koerang hees deui. Lamoen meunang nawar mah hajang ajeuna bae ditjaboet njawa teh barĕng djeung maneh Kee! Oerang teh reureudjeungan tingongora nĕpi ka paketrok iteuk, teu papisah".

Omongan eta doea djĕlĕma kadengeeun koe si Dik njatjas pisan, nĕpi ka manehna ragragan tjimata bawaning koe hawatir. Manehna ngomong kieu dina hatena: „Euh! karoenja teuing, djĕlĕma sakitoe sangsarana, bĕt diparake kasieun. Lamoen ĕnja mah manehna toekang tĕnoeng, moal ĕnja sakitoe balangsakna, nĕpi ka teu wĕrat meuli soesoe[2] atjan".

Sanggeus mikir kitoe toeloej si Dik balik rek njampeurkeun batoer-batoerna, tapi euweuh hidji anoe aja keneh di dinja tadi oge basa si Dik nĕmpo tina djandela, kabeh laloempatan, baralik ka imahna.

Barang manehna geus amprok djeung kolotna, pok manehna ngomong kieu: „Ĕma! boga keneh roti anjar saeutik mah?".

„Keur naon roti anjar Dik?" djawab indoengna.

Si Dik toeloej njarita sakoemaha noe geus diomongkeun tadi di loehoer. Ari geus anggeus tjaritana, toeloej indoengna njokot bongsang dieusian roepa-roepa kahakanan, sapĕrti: roti, koeloeb bit, koeloeb ĕngkol, koeloeb katjang, rĕboes hoei koemĕli, kidjoe saeutik, koeeh djeung tjĕsoesoe sabotol leutik.

„Dik!" tjek indoengna. „Tjig! ieu kahakanan bawa koe maneh ka ditoe, karoenja; bĕnĕr, koedoe kitoe ari ka noe keur sangsara, tangtoe di ahir aja wawalĕsna ka diri maneh".

Ari tjek bapana: „Bere doeit deui lima pitjis mah karoenja, bisi hajangeun barang beuli".

Toeloej indoengna njokot doeit lima kĕtip dibikeun ka si Dik bari ngomong: „leu doeit lima kĕtip deui bikeun, asoepkeun kana sakoe bisi moerag".

PNRI

Ti dinja toeloej si Dik indit bari ngadjingdjing bongsang. Manehna leumpangna gagantjangan sakitoe poëkna teh, toeroeg-toeroeg keur poëk teh ngaririntjik hoedjan. Teu koengsi lila manehna datang ka imahna nini² tea, soep asoep ka djëro, kasampak nini² teh keur dioek bari njoesoetan tjimata. Eta nini² ngarendjag, kaget nendjo aja boedak asoep mawa bongsang djeung botol. Sadjongdjongan mah manehna teh olohok bae teu ngomong², mikiran pikarëpeunana eta boedak.

Si Dik toeloej ngomong pokna: „Heh ieu kadaharan keur nini djeung aki, djeung ieu doeit lima këtip bisi hajang barang beuli".

Nini² teh ngarangkoel ka si Dik bari tjeurik.

Si Dik ngomong deui: „Montong tjeurik nini! geura kop bae dalahar masing sareubeuh".

Djawab eta nini²: „Noehoen, oedjang! noehoen! Moega² Goesti Noe Maha Agoeng malës kana kahadean maneh anoe sakieu gëdena. Kitoe deui maneh djeung indoeng-bapa maneh koe nini didoe'akeun masing salamët, parëk rëdjëki, djaoeh tina sagala balahi.

„Willem!" tjek nini² ka salakina. „leu kahajang maneh teh laksana, kop geura dahar meungpeung haraneut keneh. leu mah samata-mata rëdjëki moerag ti langit bae, wajah kiwari aja anoe mere kadaharan sakieu ngareunahna".

„Pek, atoeh maneh oge geura barang dahar, Kee!" djawab salakina bari tjeurik bawaning koe atoh.

Ti dinja toeloej bararang-dahar paronjo pisan.

Sanggeus rada lila toeloej si Dik ngomong: „Ajeuna koering rek balik, peuting teuing".

Djawab nini²: „Mangga atoeh, oedjang! didoe'akeun koe nini² masing salamët".

Keur balik manehna njimpang heula ka imahna toekang panggilingan sobat manehna, sarta ditjaritakeun salampah-lampahna tadi. Toekang panggilingan teh ngomong bari hoemandeuar: „Karoenja teuing Dik! handjakal oerang hënteu beunghar nja! lamoen beunghar, tangtoe bisa noeloeng ka djalma saroepa kitoe. Tapi sanadjan oerang malarat oge, sabisa-bisa nja koedoe noeloeng ka noe balangsak".

Sanggeus amitan, toeloej si Dik balik ka imahna. Manehna bebedja ka indoengna sakoemaha omongna nini² tea.

Dĕmi eta nini² djeung aki² peuting harita ngarimpi kadatangan malaikat sarta maparin kadaharan djeung inoeman anoe ngareunah pisan.

X

Awewe tjerewed djeung kalde giras.

Katjaritakeun lila-lila, Djipro Goeroe si Dik teh ka loear, sabab boga salaki. Ari gantina hidji nona gĕmbreĕ, tapi manis boedi sarta sabar. Oentoeng pikeun si Dik, sabab satoengtoeng digoeroean koe Djipro anoe ti heula mah, manehna tara pisan ngarĕgĕpkeun kana pangadjaran, noe poegoeh mah ngan ngagĕdekeun kana heureuj bae, nja eta tina hĕnteu rĕsĕpeun ka goeroena, goeroe teu rĕsĕpeun ka manehna, tina bangor teuing tea. Sanggeus diganti koe Djipro anjar, manehna katjida pisan madjoena kana pangadjaran leuwih ti babatoeranana, sabab Djipro rĕsĕpeun tina kalintoehanana, kitoe deui si Dik ka Djipro. Tapi ari djeung si Bruin mah, sakitoe geus lilana teh masih keneh bae moemoesoehan, meh oenggal poë pasea.

Dina hidji poë si Dik keur oelin di djalan nendjo si Aneke riwihrawah tjeurik, toeloej ditanja pokna: „Koe nan Nek tjeurik?"

Djawab si Anek: „Si Bruin ngarĕboet appel kami bari neunggeul."

Tjek si Dik: „Di mana ajeuna eta bangsat teh? Toeman oãe." Tadi oge di sakola kaletji kami euweuh lima, moal salah dibadog si Bruin."

Djawab si Aneke: „Toeh! di ditoe handapeun kai, keur ngoeseup."

Si Dik toeloej indit njampeurkeun si Bruin. Teu tatapasini deui ngan habĕk bae didjĕdjĕk tonggongna wani tikĕrĕlĕp pisan dina soesoekan.

„Adoeh! toeloeng! toeloeng!" tjek si Bruin bari roroësan.

Ari tjek si Dik: „Montong gĕgĕroan menta toeloeng,

da moal aja anoe noeloengan ka sia teh bangsat appel, bangsat kaletji! Katjang Boentjis! Sing seubeuh bae sia njatoe appel bari ngeueum".

„Tobat, Dik! tobat! dewek moal deui-deui", tjek si Bruin bari njodorkeun leungeun.

„Toeloej si Dik njokot djeudjeur oeseup disodorkeun ka si Bruin. Si Bruin geuwat moentang, toeloej handjat ka darat, wani rantjoetjoet, baseuh ka topi-topina.

„Montong tjeurik sia bangsat! Lamoen sia wani, hajoe ajeuna oerang gĕloet djeung aing meungpeung euweuh djĕlĕma, moal aja anoe njapih. Memang diarah ti babareto sia teh. Lamoen sia teu wani, hapit djeung indoeng sia, ajeuna sina datang ka dieu koe aing ditoenggoe. Tjig! geura istori sia leutik poetjoes!" bari ngomong kitoe teh ngan habĕk bae ditjabok tarik pisan nĕpi ka pipina geuneuk. Si Bruin tjeurik djĕdjĕritan bari loempat poerat perot balik ka imahna.

Indoengna kaget ngadenge boedak tjeurik djĕdjĕritan ari didenge-denge, tetela sora anakna, toeloej ka loear bari nanja, pokna: „Koe naon Bruin maneh tjeurik?"

Djawab anakna: „Ditjabok si gĕmbroe djeung disoentroengkeun kana tjai wani tikĕrĕlĕp pisan".

Indoengna nanja deui: „Naon salah maneh, noe matak ditjabok?"

Si Bruin ngahoelĕng mikiran pidjawabeun, sabab ingĕtanana, lamoen waktja satarabarsna, sieun koe indoengna, toeloej bae ngomong: „Teu poegoeh-poegoeh bae, koering keur ngoeseup, oedjoeg-oedjoeg njoentroengkeun ti toekang, ari geus handjat, habĕk njabok kana beungeut wani kapoĕkan".

Tjek indoengna: „Di mana ajeuna eta si gĕmbroe teh, keun koe ĕma rek diwarah".

Djawab si Bruin: „Di pasar keur oelin. Ka ĕma oge tadi nangtang gĕloet, rek dihapit djeung koering tjenah".

„Hah!" tjek indoengna bari molotot bawaning koe ambĕk. „Nangtang gĕloet ka ĕma! ati-ati sia, moal sabaraha tanagana".

Gantjang ĕma si Bruin indit ka pasar rek neangan si Dik.

„Dik!" tjek batoer-batoerna: „Toeh! tendjo ĕma si Bruin datang. Geuwat silaing loempat, balik ka imah. Oelah dilawanan, awewe rada boeroeng".

Djawab si Dik bari oetjang-oetjangan dioek dina pilar: „Keun bae suj; antĕp, da dewek mah teu sieun".

Ari eta indoeng si Bruin, hidji awewe djangkoeng-gĕde, goreng patoet, djeung haseum boedi, toeroeg-toeroeg beungeutna bowek, matana tjintat iroengna mantjoeng siga pamatoek ekek. Ari ngomong soegal teu njaho ditata basa, tjerewed djeung gĕde ambĕk. Lamoen manehna keur ngambĕk kawas noe edan bae euweuh ka era. Di lĕmboerna geus katjĕloek djalma goreng, euweuh hidji tatangga anoe rĕsĕpeun, malah ngawaroengna oge beuki lila teh beuki teu lakoe bae sabab euweuh anoe meulian.

Djaoeh-djaoeh keneh manehna geus gĕgĕroan bari ngamang-ngamang leungeun kieu pokna: „Si gĕmbroe! si bangsat! naha anak aing koe sia disoentroengkeun ka soesoekan nĕpi ka djibroeg papakeanana djeung ditjabok beungeutna wani geuneuk. Salawasna sia teh ngan ngaganggoe bae ka anak aing teh. Koemaha pangrasa sia teh gagah? Sakarĕp-karĕp, sakawĕnang-wĕnang ka batoer. Naha dikira moal aja anoe ngalawan? Dikira djĕlĕma teh rek tjaritjing bae dikoeah kieuh koe sia teh? Ati-ati sia! sakali-kali deui sia wani ngaganggoe anak aing, oelah sambat kaniaja, tangtoe mata sia kĕntjes koe aing dikorowot. Kadenge koe sia andjing!"

Si Dik hĕnten ngadjawab, tonggoj bae oetjang-oetjangan dina pilar bari oenggoet-oenggoetan, tambah djeung seuseurian, nanggap anoe keur ambĕk-ambĕkan, bangoenna tĕtĕg teu gimir saeutik-eutik atjan.

Indoeng si Bruin beuki tambah ambĕkeunana, doemeh diantĕp djeung diseungseurikeun, ngomongna beuki awong-awongan nĕpi ka djĕlĕma[2] di pasar pada ngarogrog bari seuri tinggarilikgik.

Lila-lila si Dik toeloej ngadjawab bari seuseurian pokna: „Alon, napsoe! alon, masing antja atoeh ari tjatjarios teh Eulis! oelah roesoeh teuing wani meh-meh teu kaharti,

djéung bisi kěsěl nangtoeng ieu di dieu tjalik teh dina pilar, oerang hidji sewang".

Indoeng si Beuin beuki rosa ngamběkna doemeh disěboet „eulis" boga rasa diheureujan kawas ka boedak, hoentoena kěkěrot kawas anoe hajang geura gěp bae ngegel, toeroeg-toeroeg pada njaleungseurikeun koe sakoer anoe narendjo.

„Geura balik bae, maing! oelah pasea djeung boedak lalaki moal koeat" tjek noe laladjo bari seuseurian.

Ari tjek noe saoerang deui: „Dioek atoeh dina pilar, bisi kěsěl, kapan bieu diadjak sisingaan geuning".

Anoe saoerang deui ngomong kieu: „Lamoen maing teu bisa oenggah, kana pilar, koe kami rek dipangkoe".

Sakabeh omongan anoe narendjo matak pikageuleuheun ěma si Bruin; manehna beuki tambah geuleuheunana ka si Dik, toeloej njingkilkeun leungeun badjoe sarta njampeurkeun ka si Dik karěpna rek ngarontok. Tina rosa teuing ngamběkna, geus teu nendjo kana tintjakkeun, barang manehna rek ngarawel ka si Dik, soekoena tikosewad kana kamalir djalan, něpi ka laboeh tikoesroek pisan, tarangna tidagor kana pilar anoe didioekan koe si Dik wani bantjoeloer. Ari laboehna djoengkir, sirah ka handap, soekoena ratjoeng ka loehoer, ngan kěrěwěk bae soekoena ditewak koe si Dik ditjěkělan pageuh pisan. Lamoen hěnteu make tjalana mah, beuki rosa bae kawiwiranganana teh. Anoe laladjo kabeh pada saleuseurian bari kěkěprok djeung ngomong bědas: „Kamidi! kamidi!" tapi ari awewe mah loba anoe ngalieus mitjeun beungeut, tampi raos nendjo anoe keur djoengkir, morehek pisan.

Sanggeus dilesotkeun koe si Dik, toeloej ěma si Bruin nangtoeng, kikirab bari ngoesapan tarangna. Tina loba teuing anoe ngaromongan nitah balik, nja kapaksa manehna balik bari njoesoetan tjimata. Ari si Dik dioek bae dina pilar bari seuseurian. Toeroenna tina pilar hěnteu nintjak taneuh, pada maroenggoe koe batoer-batoerna, dieak-eak di djalan gěde bari soęsoerakan; sanggeus kitoe toeloej aroelin deui di pasar, něpi ka meh boerit.

Ari eta baroedak rek baralik, si Karel van Bakel ngomong

ka batoer-batoerna, kieu pokna: „Euj! batoer-batoer! oerang njarimpang heula ka toean Bartel; lamoen manehna geus datang, si. Dik oerang toempakkeun kana kaldena. Dik! koemaha silaing wani toempak kalde toean Bartel?"

Djawab si Dik: „Teu wani koe naon? Sagala oge wani dewek mah. Kerong koe tambang indjoek, lamoen dewek ragrag tina kalde".

Omong si Karel: „Hajoe oerang toempangan. Bĕnĕr silaing Dik geus bisa toempak koeda, doemeh saban sore sok noempakan koedana toekang panggilingan, tapi dewek wani naroehan, jen silaing koedoe ragrag tina kalde toean Bartel mah. Lain deui Dik! toempak koeda djeung toempak kalde, sabab dewek sorangan geus ngarasa ragrag tina eta kalde, sageuj silaing hĕnteu nampoejak kawas nangka asak. Dewek hajang geura nendjo silaing djoengkir tina kalde tjara indoeng si Bruin tadi dina kamalir."

Djawab si Dik: „Hajoe boeroe[2] oerang arindit bisi kaboeroe dileupaskeun manten".

Toean Bartel bogaeun hidji kalde, paragi narik roda dagang ka kampoeng[2]. Eta kalde giras pisan ditoempakanana, euweuh hidji anoe toempak, teu ti beubeut. Dĕmi adatna eta kalde, barang tjlak mah dipantjal bageur bae, tapi lamoen geus karĕp ka tĕgalan, teu beunang ditahan, mĕrod djeung sesepak, malah lamoen ngarasa keneh beurat eta kalde sok njĕngkedkeun djeung noetoegkeun, nĕpi ka ragragna, kakara loempat ka tĕgèlan bari disada.

Ari tĕgalan toean Bartel tea kahalangan koe soesoekan tina pakaranganana, djalanna make sasak.

Saban sore ari ĕntas dipake narik roda sok ditaroempakan koe baroedak ti boeroean toean Bartel ka tĕgalan, tapi sakoemaha bisana age anoe toempak, dina lĕbah sasak mah koedoe bae ti beubeut, tampolana mah di boeroean keneh age geus ti djoempalik. Oenggal sore baroedak daratang ka toean Bartel rek noempakan kaldena, sabab anoe bogana oge toengtoengna mah rĕsĕpeun. Lain manehna bae, tapi tatanggana oge saban sore sok ngahadja nendjo anoe taroempak eta kalde, nĕpi ka ti beubeutna.

Barang eta baroedak daratang ka dinja, hol Bartel datang ĕntas dagang sakoemaha biasa. Gantjang baroedak ngabarantoean moekaan pakeanana, sawareh aja anoe ngabantoean Bartel ngakoetan barang-barangna tina roda ka imah. Ari geus ditjoetjoelan toeloej pada njarĕkĕlan. Bartel nanja bari seuri, pokna:

„Saha ajeuna anoe wani toempak?"

„Dik!" djawab baroedak. „Manehna wanieun taroeh jen moal ragrag."

„Ha, ha, ĕngke oerang seuri nendjo si gĕndoet nampoejak dina sasak. Saha?" tjek Bartel „si Dik? Naha maneh wani Dik? tjing geura tjlak, kami hajang nendjo. Lamoen maneh hĕnteu ragrag, nja bĕnĕr maneh teh djoki".

„Ka dieu bawa eta kalde teh masing deukeut!" tjek si Dik bari singkil. „Pek! dewek geura parangkoe. Sing pageuh njĕkĕlanana bisi leupas."

Si Dik toeloej diparangkoe ditoempakkeun kana kalde bari saleuseurian. Eta kalde abroeg-abroegan hĕnteu tjitjing, tapi tina loba anoe njĕkĕlan, si Dik kaboeroe oge ditoempakkeun, tapi njanghareup ka toekang. Kakara tjlak oge geus pada njaleungseurikeun, sabab ingĕtanana baroedak, soemawonna njanghareup ka toekang, toempak biasa oge sok ti beubeut.

„Leupaskeun! leupaskeun!" tjek Bartel bari seuseurian.

Barang sot dileupaskeun, eta kalde teh bĕlĕsat bae loempat adjret-adjretan, noetoeg-noetoegkeun djeung boentoetna ngatjoeng ka loehoer. Geuwat koe si Dik ditewak dipake moentang. Baroedak kabeh pada seuseurian djeung soesoerakan bari ngoedag-ngoedag eta kalde; si Dik toempakna tĕtĕg pisan. Eta kalde lila pisan loeloempatanana di boeroean, sabab pada marĕgatan bari disoerakan. Ari nendjo kana sasak tea, ngan bĕlĕsat bae loempat tarik batan biasa. Eta kalde hatena djengkel doemeh anoe toempakna anjeutjleu keneh bae djeung boga rasa beurat batan noe ĕnggeus, nĕpi ka soekoena rarampeolan bangoen noe rek ngarĕmpĕjĕk. Barang nĕpi kana lĕbah sasak, rĕg eureun, toeloej noetoegkeun, biasana lĕbah dinja mah sok bisa ngaragragkeun, tapi ari si Dik

mah wĕleh teu daekeun moerag. Eta kalde beuki tambah poesing, toeroeg-toeroeg dihantĕm diboeboerak bari disoerakan. Ari geus beak akalna rek ngaragragkeun, bĕlĕsat bae loempat deui. Dina poedoenan eta kalde teh njengtjang bari noetoegkeun soepaja noe toempakna ti djoempalik, tapi si Dik anjeutjleu bari seuseurian. Ari baroedak kabeh pada kaget, doemeh si Dik hĕnteu ragrag sakitoe dibeubeut-beubeutkeunana teh.

Ti watĕs harita kabeh batoerna oelin pada toemarima jen eleh pangabisa koe si Dik.

XI.

Dik noe boga dosa, Bruin noe katidĕrĕsa. *)

Dina hidji poë, si Dik harita oemoerna geus doeabĕlas taoen, baroedak teh aroelin deui di pasar tjara biasa, nĕpi ka boerit. Si Bruin oge, moesoeh si Dik tea, harita miloe oelin sabab manehna saban poë sok mere kĕmbanggoela ka si Dik, nĕpi ka dihadeanana.

Barang geus rada poĕk, kira wantji isa, baroedak rek boebar baralik, si Bruin ngomong pokna: „Euj, batoer²! hajoe oerang ngaheureujan njonja van Aken, toekang waroeng anoe borangan tea."

„Hajoe!" djawab batoer-batoerna. „Oerang gĕdoran bae tina djandelana bari singsieunan, lamoen manehna ngĕlol tina panto, oerang awoeran keusik."

„Dik!" tjek si Bruin. „Koemaha silaing rek miloe? Rĕsĕp geura euj! koetoek gĕndĕngna bari noelakan panto. Minggoe toekang handjakal silaing teu miloe, dewek mah wani ngiihan maneh bawaning koe ngeunah seuri."

„Moal; dewek moal miloe", djawab si Dik.

„Moal miloe Dik?" tjek batoer-batoerna. „Naha silaing sieun koe njonja van Aken?"

Djawab si Dik bari seuri: „Sieun! Pirakoe dewek sieun koe awewe, soemawonna koe njonja van Aken mah,

*) Asalna kĕtjap tina kadjadian dongeng kolot baheula, ano ngaran nini „Tidak" djeung aki „Rĕksa".

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

nja geus kolot nja borangan; lain kaheureujan lalaki ari kitoe mah."

„Koemaha atoeh ari karĕp silaing, Dik?" tjek si Bruin bari ngadeukeutan.

„Karĕp dewek?" djawab si Dik. „Karĕp dewek mah kieu. Oerang ngaheureujan lalaki anoe matak sieun, soepaja oerang manggih karĕsĕp teh tjampoer djeung kasieun. Tjing saha ajeuna anoe mawa bola hideung djeung djaroem?"

„Dewek!" djawab Jan Vos. „Heh ieu rek dikoemahakeun?"

Dik ngomong deui: „Ieu djaroem oerang bolaan masing pandjang, djaroemna oerang tjotjogkeun kana lĕbah dĕmpoel ram katja djandela, make digantelan batoe lĕmboet; bolana oerang oeloer masing djaoeh soepaja bisa njoempoet di noe boeni, toeloej dikĕnjĕd-kĕnjĕd. Geura tarendjokeun ĕngke noe boga imah tangtoe norodjol ka loear, maroekanna aja djĕlĕma, sabab manehna ngadenge anoe kĕtrak-kĕtrek kana katja, tapi tangtoe moal nendjo naon², sabab oerang mah njaroempoet. Lamoen manehna geus asoep deui ka imah, bolana oerang kĕnjĕdan masing mindĕng, nĕpi ka ambĕkeunana."

„Aloes! aloes!" djawab batoer-batoerna. „Saha Dik! anoe rek diheureujan teh?"

„Oerang njonja van Aken bae atoeh ambeh babari" tjek si Bruin.

„Euweuh deui nja! Kawani teh ngan ka njonja van Aken" djawab si Dik.

„Saha atoeh Dik anoe rek diheureujan teh?" tjek si Bruin.

„Mantri Poelisi" djawab si Dik. „Tah eta mah lain awewe. Hajoe saha anoe rek miloe?"

„Ah, ari Mantri Poelisi mah dewek moal miloe," tjek si Bruin.

„Tangtoe silaing mah sorangan moal wani miloe, sabab leutik poetjoes, da ari kawani teh ngan ngaheureujan awewe kolot. Tjig bae silaing mah geura balik Bruin! Meungpeung sore keneh geura ngĕmpeng ka ĕma silaing".

PNRI 6p Balai Pustaka

Sauggeus ngomong kitoe toeloej si Dik indit ditaloe-toerkeun koe batoer-batoerna, sadjaba ti si Bruin, sarta teu koengsi lila daratang ka imahna Mantri Poelisi tea.

Ari eta Mantri-Poelisi di kampoengna hĕnteu dipikarĕsĕp koe somahan, sabab kĕras teuing, tara pisan aja timbangan ka noe salah, soemawonna gĕde, sanadjan leutik oge didaptarkeun bae, djeung adatna sok intip-intipan njoeloemoen di noe poĕk, tara daek ngingĕtan atawa mapatahan kana djalan bĕnĕr, toeroeg[2] gĕde hoeloe, ieu aing pangkat. Ka noe ti loehoer oge karĕpna mah rek ngalawan bae, soemawonna ka sahandapeun mah teu paja pisan kaloeharan omong. Kitoe sababna noe matak teu dipake karĕsĕp koe somahan.

Ari dĕdĕganana, djangkoeng koeroe, iroeng bĕngkoeng matana lĕmboet. Lamoen manehna keur ngaliwat, aja noe seuri sok tampiraosan, toeloej bae ngamběk, sakapeung mah nĕpi ka njarekan; djeung lamoen manehna keur ngamběk diseungseurikeun, sok toeloej bae eta anoe njeungseurikeun teh didawa, disĕboet „ngaroeksak kahormatan." Pendekna djĕlema[2] sakampoeng tjĕkĕlan manehna euweuh hidji anoe rĕsĕpeun.

„Oelah tjektjok euj!" tjek si Dik ka batoer-batoerna. „Daragoan di dieu, dewek sorangan anoe rek njotjogkeun ieu djaroem kana djandelana".

Dik toeloej indit, leumpangna lalaoenan pisan bari djedjengkean. Di djĕro eta imah tjaang, katendjona ti loear, eta Mantri Poelisi keur noelis, dĕmi pamadjikanana keur dioek dina bangkoe bari ngapoet, tapi ari si Dik mah hĕntĕu kadeuleueun ti djĕro, sabab silo. Dik toeloej naek kana tembŏkanana, njotjogkeun eta djaroem kana dĕmpoelna ram katja. Sanggeus pageuh nantjĕbna, toeloej bolana dioeloer nĕpi kana handapeun tangkal kai di noe poĕk.

„Darengekeun euj!" tjek si Dik. „Silaing sarerea koedoe tjaritjing rada djaoeh, soepaja di mana Mantri ka loear bisa geuwat laloempat. Lamoen katendjoeun koe manehna jen aja anoe loempat, tangtoe sangkaanana silaing anoe ngĕtrokan teh, djadi moal njangka ka dewek. Geura tendjokeun, tangtoe silaing rarĕsĕp".

PNRI

„Aloes! aloes!" djawab eta baroedak. „Ari silaing di mana Dik?"

„Dewek mah sorangan rek tjitjing di këbon Mantri njoempoet di noe poëk handapeun tangkal kai. Engke lamoen manehna geus asoep deui ka imah, bolana koe dewek ditarik deui, nëpi ka poesingeunana. Pek, atoeh geura njalingkir".

Eta baroedak toeloej njalingkoer di noe poëk, rada djaoeh, sakira moal kaoedag koe Mantri Poelisi, tapi sing bisa neuleu djeung ngadenge pëtana djeung omonganana. Ari si Dik sorangan dioek handapeun tangkal kai di noe poëk.

Barang si Dik geus mërënah dioekna, toeloej bola teh dikënjëdan, batoena keuna kana ram katja „trek, trek, trek!" trek, trek, trek!"

Mantri Poelisi harita keur noelis pagawean anoe koedoe anggeus peuting eta, hatena bingbang sieun teu anggeus, sabab eta pagawean loba djeung harese. Tina djodjohna kana noelis, manehna teu ngadengeeun anoe koetrak këtrek kana djandela, ngan nji Mantri anoe ngareungeueun teh, toeloej ngomong: „Veldman!",-kitoe ngaranna eta Mantri Poelisi. „Dedengean koering aja anoe ngëtrokan kana ram katja, tjing tëmpo bisi aja djëlëma anoe përloe rek njarita djeung andjeun".

Ari djawab Mantri Poelisi: „Bolampar, sakieu teu sëmpëtna; djeung naha, da kami mah teu ngadenge. Keun bae sina ngëtrokan deui".

Teu koengsi lila bola teh dikënjëd deui „Trek, trek, trek-trek, trek, trek".

„Tah, Veldman! kadangoe?" tjek nji Mantri. „Boeroe[2] panggihan heula bisi aja noe përloe".

„Naha aja djëlëma doesoen[2] teuing, këtrak-këtrek kana djandela, lain kana panto. — Saha eta di loear?" tjek Mantri Poelisi ti djëro imah.

Nanja sababaraha kali teh euweuh noe nembalan, toeloej manehna dioek deui bari ngomong: „Sageuj ari djëlëma mah ditanja sababaraha kali teu nembalan, soegan eta mah manoek atawa pangpoeng kaanginkeun". Toeloej

PNRI

manehna noelis deui. Kakara mah sakotret, geus kadenge deui: „trek, trek, trek".

„Na aja manoesa matak teuing poesing, saha eta teh di loear?"

Djĕmpling euweuh noe nembalan.

„Asoep bae! rek njarita mah montong koetrak-kĕtrek teuing, gandeng!" tjek Mantri Poelisi bari garo-garo teu ateul bawaning koe poesing.

Omonganana Mantri Poelisi kabeh kadengeeun koe si Dik; manehna seuri sorangan wani seeleun.

„Moal eureun, lamoen tatjan kaloear mah", tjek si Dik di djĕro hatena; toeloej bolana dikĕnjĕd deui.

Goesti Noe Maha Agoeng!" tjek Mantri Poelisi bari ngadjengkat. „Naha aja djĕlĕma matak poesing[2] teuing. Kawas anoe ngaheureujan eta mah, ari eureun noelis teu ngĕtrokan, ari rek noelis, ngĕtrokan deui. Tjing koe maneh tĕmpo Mari! saha eta teh manoesana".

Nji Mantri toeloej moekakeun panto hareup bari nanja: „Saha eta di loear?"

Djĕmpling euweuh noe nembalan.

„Saha eta di loear?" tjek nji Mantri beuki tarik, nĕpi ka baroedak oge ngadarengeeun. Maranehna saleuseurian wani seeleun bari sili poentangan djeung pada batoerna.

Gĕbroeg! pantona dipeundeutkeun bari ngomong kieu: „Euweuh djĕlĕma saoerang-oerang atjan geuning!"

„Taksiran kami oge nja kitoe", djawab Mantri Poelisi; toeloej noelis deui.

Teu sabaraha lilana kadenge deui „trek-trekan".

Bãwaning koe poesing, djoeng Mantri Poelisi nangtoeng, kop njokot petji, toeloej moekakeun panto bari gĕgĕroan „Saha eta teh? Djeung naha ngĕtrokan kana ram katja lain kana panto, ka dieu maneh, saha eta teh? rek naon ngĕtrokan teh?"

Tapi djĕmpling euweuh noe ngadjawab.

„Wah! euj! saha eta teh? tjing tembong ari rek bĕnĕr mah."

Koe sabab euweuh anoe nembalan soep manehna asoep

dèui ka imah bari ngagèbroegkeun panto bawaning koe amběk. Manehna toeloej noelis deui.

Tatjan mah meunang doea djadjar, geus kadenge deui bae anoe kětrak kětrek kana djandela teh.

Manehna gantjang němpo tina djandela soegan kadeuleu djělěmana, tapi teu nendjo naon-naon, toeloej bae dioek deui bari ngomong: „Teu kaharti, saha manoesana eta teh?"

Barang manehna rek noelis, kakara mah ngantjlomkeun kalam kana mangsi, geus ngadenge deui kětrak-kětrek kana ram katja, djeung rada digantjangkeun, bangoen anoe roesoeh. Manehna loempat kana panto bari diboekeun, toeloej ngomong bědas kieu pokna. „Saha eta teh? rek naon? Atawa aja anoe wani ngaheureujan ka aing? Ka dieu tembong ari wani mah, ke koe aing dipěrěsen iteuk!"

Tapi djěmpling deui bae euweuh anoe nembalan. Manehna toeloej ngintip mipir-mipir bilik, kana handapeun djandela, tapi wěleh teu manggih naon[2]. Geus kitoe toeloej ka kěbon bari ngawas[2] ka noe poěk, malah kana handapeun kai anoe didioekan si Dik oge ditěmpoan, tapi wěleh teu nendjo naon[2], sabab si Dik, ěnja oge rada deukeut, teu disangka djělěma, maroekanna roentah bae. Ti dinja toeloej balik deui ka imah bari gěgělěnděng, kieu pokna. „Rasa aing tangtoe baroedak kampoeng anoe ngaheureujan teh. Hajang teuing kapanggih djělěmana, aing geus garěgěteun hajang njabok".

„Koemaha akang! aja djělěma teh?" tjek nji Mantri.

„Euweuh!" djawab Mantri Poelisi. „Ke sakeudeung deui tangtoe koe kami beunang".

Sabot keur ngaromong kitoe, kětrek deui kana djandela tiloe-tiloe kali. Mantri loentjat tina korsi bari ngadjewang iteuk, těroes ka loear mimitina mipir-mipir bilik, těroes ka kěbon, djol ka djalan gěde.

„Mantri! Mantri!" tjek baroedak bari laloempatan. Mantri Poelisi geuwat ngoedag ka noe poěk, tapi sabot manehna loeak-lieuk oge, baroedak mah geus njaroempoet manten ka noe bala, boeni pisan. Manehna toeloej

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

ngintip tina handapeun tangkal palĕm di noe poĕk, bari ngawas² ka noe rada tjaang.

Ti kadjaoehan di noe poĕk, manehna nendjo anoe ojag, ari ditĕgĕs-tĕgĕs, tetela aja boedak lalaki njampeurkeun, leumpangna lalaoenan djeung loeak-lieuk, kawas anoe boga dosa.

„La kadalah!" tjek Mantri dina hatena. „Ajeuna sia koe aing beunang, moal bisa ngĕdjat deui. Geuwat kasep; masing gantjang diantos koe iteuk".

Barang eta boedak geus deukeut, ngan gabroeg bae dirontok, kawas oetjing newak beurit bae, kĕrĕwĕk beuheungna ditjĕkek, wani meh teu bisaeun ngomong.

„Hah! sia bangsat! tjek Mantri Poelisi. „Moal kasangka koe sia, jen aing ngintip di dieu di noe poĕk nja! Rasakeun koe sia boeroehanana sia ngaheureujan ka aing, soegan ka hareup mah sia kapok".

„Tobat, djoeragan, tobat! abdi mah teu gadoeh dosa", djawab eta boedak bari tjeurik.

Tjing saha eta boedak anoe di tjĕkek teh, maraneh bisa naksir? Euweuh deui ngan si Bruin, keur lantraklintrik neangan batoer, hajangeun njaho, koemaha kadjadianana hal badami tadi tea. Manehna tetela teu boga dosa, tadi di loehoer geus ditjaritakeun. Tapi sakitoe si Bruin totobatanana teh, Mantri Poelisi mah hĕnteu pĕrtjajaeun ngan habĕk bae diteunggeulan koe iteuk nĕpi ka gegerelengan, bari tjeurik.

„Geura leweh sia bangsat!" tjek Mantri bari neunggeulan. „Koe indoeng bapa sia dinangna-nengne, koe aing mah moal diantĕp, karasa?"

„Adoeh! adoeh! adoeh! tobat djoeragan, abdi mah hĕnteu gadoeh dosa" djawab si Bruin.

„Menta ampoen ka indoeng sia"! tjek Mantri bari neunggeul deui, „Karasa ajeuna koe sia boeroeng! Koemaha sia wani keneh ngaheureujan aing?

„Adoeh! adoeh! adoeh! wantoen soempah abdi mah hĕnteu gadoeh dosa. Adoeh; njĕri njĕri! tobat, djoeragan! tobat! wantoen soempah abdi mah teu pipiloeean. Anoe boga dosa batoer, ari neunggeulanana ka abdi".

PNRI

„Hah! teu pipiloeeun? saha atoeh noe boga dosa teh? bedjakeun ajeuna ka aing. Geuwat geura ngomog, saha? Lamoen teu dibedjakeun sia koe aing . . . . . ."

„Soemoehoen abdi mah teu pipiloeeun. Si Dik Trom sarĕng batoer-batoerna noe gadoeh dosa tea mah, tapi Dik loeloegoena teh!"

„Hah! Dik Trom!" tjek Mantri Poelisi. „Ajeuna kieu. Lamoen ĕnja sia hĕnteu pipiloeeun, si Dik koe sia koedoe rangket tjara sia bieu koe aing, malah lamoen hajang poeas mah, masing leuwih ti kitoe oge pek bae, ĕngke koe aing oge tangtoe dibonggol deui".

Sakabeh omongan Mantri Poelisi djeung si Bruin koe si Dik djeung batoer-batoerna kadarengeeun.

„Si Katjang kĕntjes" tjek si Dik ka batoer-batoerna. „Si leutik poetjoes, make bebedja. Ati[2] sia, ĕngke meunang deui boeroehan istori".

„Keun bae Dik montong diarah deui karoenja, sabab geus tjoekoep bieu koe Mantri Poelisi djeung oerang manggih piseurieun anoe sakitoe ngeunahna, wani dewek mah njĕri koelit beuteung".

„Heueuh" djawab si Dik. „Hajoe ajeuna mah oerang baralik geus peuting teuing".

Ti dinja toeloej baroedak teh baralik saimahna-saimahna.

XII

Mantri Poelisi meunang tjarek.

Isoekna Mantri Poelisi hoedangna kabeurangan; ingĕtanana rek hoedang soeboeh[2], soepaja bisa ngănggeuskeun pagaweanana, tapi koe sabab peuting harita manehna meh teu bisa sare, lantaran diheureujan baroedak tea, nĕpi ka peuting pisan manehna paroesing, ambĕk-ambĕkan sorangan; gawena djalang-djeleng di tĕngah imah djeung toeroen oenggah ka boeroean, toengtoengna ngiboenkeun maneh ngintip di noe poĕk. Poekoel opat soeboeh manehna kakara asoep ka imah, bolampar bisa noelis, toeloej bae ka ĕnggon rek sare, tapi teu bisa

oedjoeg[2] reup, ngan goelang-goeling bae ambĕk mikiran anoe ngaheureujan tea. Ari koredjat hoedang, geus satĕngah dalapan, geuwat bae sibeungeut djeung kĕkĕmoe.

„Mari! aja kaos bĕrĕsih?" tjek Mantri bari sibeungeut. „Geuwat bawa ka dieu, sing gantjang atoeh! Lantaran baroedak ti peuting, kami teu bisa migawe pagawean, padahal sakitoe pĕrloena, ajeuna isoek[2] koedoe disanggakeun ka Burgemeester.

Djawab nji Mantri: „Aja, noe beunang njeuseuh kamari tea, tapi tatjan dikerodan, sabab...."

„Naon! pangdenge teh tatjan dikerodan? Naha kami koedoe make kaos boetoet, atoeh era. Kamari geus diomongkeun koedoe dikerodan, naha kami koedoe ngerodan koe maneh? Keur naon atoeh gablĕg pamadjikan, ari sagala koedoe koe mamaneh mah".

„Lain kitoe kang!" djawab nji Mantri. „Sageuj ari koedoe ngerodan koe andjeun mah, ngan akang oge tangtoe oeninga, lantaran riboet ti peuting...."

„Balĕm!" tjek Mantri bari molotot. „Montong njabit[2] kana kariboetan peuting tadi, naon halanganana kana kekerod. Dasar bae maneh mah ngĕdoel".

„Naon? Ngĕdoel? Kami ngĕdoel?" djawab nji Mantri bari nangtoeng, djeung molotot, sabab manehna ngambĕk pedah disĕboet ngĕdoel. „Lamoen kitoe, maneh oge naon halanganana migawe pagawean sing nĕpi ka anggeusna, soemawonna tjek maneh koedoe kasanggakeun ajeuna mah, naha atoeh hĕnteu dianggeuskeun ti peuting, soegan mah maneh anoe ngĕdoel tea mah".

„Teu beunang disaroeakeun eta mah atoeh" djawab Mantri bari dangdan.

Sanggeus dangdan, toeloej manehna kana mĕdja rek sasarap, tapi dahareunana tatjan sadia, sabab nji Mantri ngagĕntakeun heula ngerodan kaos tea, soepaja bisa kapake ka kantor Burgemeester.

Mantri ngagĕro djeung kĕtjoet boedi, pokna: „Mari! mana ari roti? Naha koedoe njieun heula atawa geus euweuh pisan toekang roti?"

Djawab nji Mantri bari ngadjengkat: „Tjing sabar atoeh,

PNRI

da kami teh teu tjitjing, kapan keur ngerodan heula kaos, hajang kapake ajeuna".

„Heueuh, masing dikerodan oge da moal dilĕbok kaos mah, boeroe² bae roti kadieukeun".

Pikiran nji Mantri, lamoen dilawanan tangtoe djadi pasea gĕde, geuwat bae manehna njadiakeun dahareunana.

Mantri barangdaharna boeroe² pisan tina sieun kaboeroe koe waktoe. Ari geus seubeuh, toeloej kana medja toelis rek nganggeuskeun pagaweanana.

Kakara gek pisan dioek, geus torodjol piwaranganana Burgemeester, njaoer Mantri Poelisi ka kantor bari mawa pagaweanana tea.

„Tah, Mari!" tjek Mantri Poelisi bari hoemandeuar. „Tadi oge tjek kami koedoe garantjang oelah sok talangke, kala ka omong bae. Ajeuna kami disaoer ka kantor, ari pagawean tatjan anggeus saparo-saparona atjan, tangtoe kami diseuseul, moal salah deui; mĕnding lamoen ngan diseuseul bae, koemaha lamoen dieureunkeun tina gawe, lain matak djadi soesah?"

Djawab nji Mantri: „Heueuh! naha salah koering hĕnteu anggeus pagawean teh? Andjeun mah ngan njalahkeun ka koering bae. Naha andjeun hĕnteu wani oendjoekan ka Burgemeester, njaritakeun kalakoeanana baroedak kampoeng ti peuting? Waktja bae masing tĕroes tĕrang, soegan aja timbanganana ari dioendjoekkeun sababna mah".

„Dasar atoeh awewe maneh mah" tjek Mantri bari seuri koneng. „Euweuh deui kabisa ngan waktja. Eta pikiran maneh kitoe bodo pisan, leuwih bodo batan kalde. Pikeun kami hidji Mantri Poelisi teu kadoega njarita ka doenoengan hal kakoerang- adjaranana baroedak kampong, tjara ti peuting, nĕpi ka warani ngaheureujan ka imah; siga naon piroepaeunana, tangtoe disangkana koe noe ti loehoer, jen kami teh geus euweuh pisan hargana. Teu! kami mah teu rek waktja, moal njarita kitoe teh. Hanas eta baroedak anoe ngaheureujan ti peuting, ngaranna mah geus beunang, malah djeung loeloegoena pisan; ĕngke koe kami diadjar masing karasaeun, tendjokeun bae koe maneh. Ajeuna kami rek indit".

PNRI

Teu koengsi lila manehna geus datang ka kantorna Burgemeester, toeloej kĕkĕtrok kana panto.

„Asoep!"

Barang boes asoep, Burgemeester teh ngomong kieu pokna: „Aeh, karah teh djoeragan Mantri Poelisi? Naha make kĕdah diangkĕran, kapan kamari geus didjangdjian, taboeh satĕngah dalapan kĕdah parantos soemping ka kantor. Koemaha padamĕlan teh parantos salse? tjing hajang ningalan".

Veldman toengkoel bae hĕnteu ngawalon, tampiraos disĕboet „djoeragan" toeroeg[2] bingoeng pidjawabeun, doemeh pagaweanana tatjan anggeus.

„Wah! Mantri! anggeus pagawean teh?" tjek Burgemeester rada njĕntak.

Mantri Poelisi: „Parantos, namoeng....."

Burgemeester: „Montong make „namoeng", geus anggeus atawa tatjan?"

Mantri Poelisi: „soemoehoen timbalan, namoeng...."

Burgemeester: „Namoeng! Namoeng bae, anggeus? Tjing kami ngilikan!"

Mantri Poelisie: „Teu atjan, margi....."

Burgemeester: „Tjek maneh bieu parantos, ari ajeuna teu atjan. Mana anoe bĕnĕr? Anggeus atawa tatjan?"

Mantri Poelisi: „Teu atjan, margi abdi...."

Burgemeester: „Pitjeun eta „margi" teh, bosĕn kami mah ngadenge oge, ngan „margi-margi" bae. Maneh teh rek ngaheureujan ka kami?"

Mantri Poelisi: „Teu pisan[2], namoeng...."

Burgemeester: „Naha atoeh ngadjawab teh kawas boedak bae, djeung naon sababna noe matak teu anggeus, kapan geus diomongkeun kamari, koedoe anggeus ajeuna".

Mantri Poelisi: „Sadaja-daja, wĕngi tadi abdi meh teu tjitjing di rorompok, margi baroedak kampoeng ajeuna kalakoeanana langkoeng[2] matak poesing batan noe parantos[2]. Wĕngi tadi koe abdi diintip-intip sarĕng dioedag-oedag".

Burgemeester: „Kitoe? Kami oge rek njarita hal baroedak kampoeng. Naon kalakoeanana peuting tadi? tjing tjaritakeun anoe saběnĕrna."

Mantri Poelisi, bari loeak-lieuk, sabab boga rasa jen

kabĕndon: „Soemoehoen timbalan, eta baroedak kampoeng,.... eta baroedak kampoeng...."

Burgemeester: „Hajoh bae saratoes kali „baroedak-kampong", geus kaharti, maneh teh rek ngabohong".

Mantri Poelisi: „Teu pisan², namoeng eta baroedak".

Burgemeester: „Meugeus bae tjarita teh. Pendekna mah maneh teh ngĕdoel migawe pagawean anoe diparentahkeun koe kami toer sakitoe pĕrloena. Lain tjara kana oedoed, kakara hoedang sare oge geus dipĕrloekeun. Ajeuna maneh njoba-njoba, soegan kami beunang dibawa bohong, sangkan djadi loeloes kana kawadjiban maneh. Kitoe anoe dimaksoed teh?"

Mantri Poelisi: „Teu pisan², jaktos lantaran baroedak kampoeng".

Burgemeester: „Heug, lantaran baroedak kampoeng, noe matak teu anggeus teh, tapi kami hajang ngadenge tjaritana".

Mantri Poelisi: „Mimitina kamari pasosantĕn kapĕndak keur naraekan tatangkalan di pasar, eta parantos poeloehan kali koe abdi ditjaram, moeng pek deui pek deui bae".

Burgemeester: „Ari geus kitoe?"

Mantri Poelisi: „Ti dinja — ti dinja-toeloej maranehna ka — ka garedja".

Burgemeester: „Ka garedja? Naon gawena di garedja?"

Mantri Poelisi, bari ngadehem: „Di garedja, Burgemeester?"

Burgemeester: „Heueuh! di garedja? Kapan tjek maneh ka garedja?". Pek geura omongkeun, montong dedeheman. Koemaha ari geus kitoe?"

Mantri Poelisi: „Ti dinja eta baroedak ehem-ehem-koe abdi di-ehem-ehem...."

Burgemeester: „Montong dedeheman, dikoemahakeun koe maneh teh?"

Mantri Poelisi: „ehem-ehem ditoetoerkeun."

Burgemeester: „Geus kitoe?"

Mantri Poelisie: „ehem-abdi tĕras salesma.

Burgemeester: „Ari geus salesma koemaha? djeung naon kalakoeanana eta baroedak teh?"

PNRI 6p

Mantri Poelisi: „Ti dinja-ehem-maranehna warangsoel bae".

Burgemeester: „Djadi, naon kadjahatanana eta baroedak teh?"

Mantri-Poelisi: „Mimiti naekan kai di pasar, ehem-ti dinja-ehem-teu aja deui".

Burgemeester: „Teu poegoeh, maneh mah Mantri! Lain pagawean Mantri Poelisi ari kitoe mah atoeh. Tah, kitoe noe matak tjek kami oge oelah sok gĕde bohong, ajeuna mah kabĕndon. Kami meunang bedja, eta baroedak peuting tadi bĕnĕr geus njieun kariboetan di djalan² djeung di lĕmboer. Tjatjak maneh ĕnja mah teu tjitjing di imah, tangtoe njaho sakoemaha bedja tea. Eta kami teu rĕsĕp pisan ka noe sok ngabohong teh, tjara maneh; lamoen kitoe maneh teh teu beunang dipake. Eta baroedak njieunna kariboetan di djalan² djeung kadjahatan di pilĕmboeran rosa pisan, malah leuwih ti katoekang-toekang. Koe sabab maneh sagala teu njaho djeung sok gĕde bohong, kami kapaksa koedoe neangan pigantieun maneh anoe leuwih tjakĕp kana ngadjalankeun kawadjiban. Handjakal pisan pikeun maneh, Mantri!"

Mantri Poelisi. „Moega agĕng nja timbangan bae, pikeun abdi djalma waloerat, tina naon abdi nja nĕda, oepami abdi dilĕpas tina padamĕlan. Gamparan lintang tingali tina kamalaratan abdi, teu aja deui anoe ditĕda, moeng tina gadjih, kantoen-kantoen ajeuna gamparan ngadawoehkeun bade ngilari pigĕntoseun abdi. Sadaja-daja bobot pangajon timbang taradjoe gamparan anoe kagoengan tina kabodoan abdi, wantoen-wantoen oendjoekan anoe hĕnteu sajaktosna, nja eta soepados hĕnteu djadi kaaeban kana salira gamparan soemawontĕn ka diri djisim abdi, margi sajaktosna mah soemoehoen timbalan pĕrkawis baroedak kampoeng dangĕt ieu kalakoeanana langkoeng² ti kampoengkoer, waranina sarĕng koerang-adjarna, doegi ka abdi isin, oepami oendjoekan anoe sajaktosna teh".

Burgemeester: „Nĕpi ka koemaha waranina teh? tjing tjaritakeun atoeh oelah djeung bohong".

Mantri Poelisi: „Soemoehoen timbalan eta baroedak kampoeng nalika ieu geus teu pisan ngoepama ka noe djadi pangkat, kitoe deui ka Pamarentah, soemawontĕn ka lĕbah diri abdi mah, pilakadar pangkat Mantri-Poelisi, geus didjieun saroepi ka noe boeroeng bae".

Burgemeester bari seuri wani ngagakgak: „Koemaha ari geus kitoe? Toeloejkeun".

Mantri Poelisi: „Wĕngi tadi nalika abdi keur njĕrat, midamĕl padamĕlan pasihan gamparan tea; eta baroedak kampoeng darongkap ka rorompok, ngĕtrokan kana ram katja djandela, njĕta[2] anoe bade njarios sarĕng abdi, moeng ari ditanja, teu nembalan, ditĕmpo tina panto teu aja, kawasna bae njaroempoet; ari abdi njĕrat, ngĕtrokan deui sarĕng beuki tarik. Sawĕngi tadi abdi teu tiasa djongdjon barang damĕl, balas dianggo toeroen-oenggah, malah tina djengkelna, abdi tĕras bae ngintip dina handapeun kai di noe poĕk, doemoegi ka taboeh tiloe teu pisan mondok, kitoe margina noe mawi ieu padamĕlan hĕnteu tiasa parantos, sarĕng wĕngi abdi kalĕpasan, roemaos kopoĕkan, tina bawaning koe ambĕk ka baroedak anoe ngaheureujan tea, abdi parantos neunggeulan hidji boedak lalaki keur ngaliwat, teu ditanja deui ngan habĕk bae diteunggeul koe iteuk doegi ka gegerelengan".

Burgemeester bari seuri wani rambisak: „Toeloejkeun! toeloejkeun! rĕsĕp eta tjarita teh djeung matak seuri, soemawonna ninggangna ka maneh anoe ngagĕm kapangkatan. Asa naon halanganana pikeun njarita satarabasna? Meudjeuhna pisan maneh dihareureujan kitoe teh, sabab njarahoeun, jen maneh tara pisan ngaronda ti peuting, djeung naha maneh boga rasa dihina dikitoe teh?"

Mantri poelisi: „Teu pisan[2], namoeng eta bae parantos warani tjaloetak kitoe ka noe djadi pangkat, laoen-laoen mah ka Pamarentah".

Burgemeester: „Ah! maneh mah ngan ngoeroes bae kapangkatan rasa kami eta kalakoean baroedak aneh pisan sarta matak seuri toer diheureujkeunana ka djĕlĕma anoe katjĕloek ieu aing djadi pangkat. Djeung deui Mantri!

sadjaba ti eta kami oge rek njarita ka maneh, jen waktoe² ieu loba pisan pĕrkĕlakan".

Mantri Poelisi: „Pĕrkĕlakan?"

Burgemeester: „Heueuh pĕrkĕlakan, ngĕlakkeun maneh. Maneh hĕnteu boga rasa nja? Mimiti toean Klikker geus datang ka kami, njaritakeun jen boeboeahanana saban peuting sok dirandjah baroedak kampoeng. Manehna meh saban peuting teu bisa sare, ngintip-ngintip di kĕbonna. Kami tampiraos pisan ngadenge omonganana Klikker, jen lĕmboer saroepa anoe hĕnteu aja Mantri Poelisi bae, padahal maneh anoe boga kawadjiban tea mah, anoe koedoe ngintip-ngintip saban peuting, hidji tanda maneh tara ngaronda. Manehna geus oendjoekan ka kami, jen rek njieun soerat pĕrkĕlakan, ngĕlakkeun maneh. Eta tangtoe matak djadi kasoesahan ka diri maneh, Mantri! sabab kami kapaksa koedoe ngoeroes ieu pĕrkara".

Mantri Poelisi geus teu bisa ngomong, sabab manehna geus roemasa jen koerang ngadjaga kana milikna somahan.

Burgemeester: „Ti dinja, Mantri! datang deui toean Klager, nja kitoe keneh ngĕlakkeun maneh, tara pisan daek ngaronda ti peuting, nĕpi ka boeboeahanana beak diparalingan baroedak kampoeng. Maneh ngarti sorangan, jen maneh teu beunang dipĕrtjaja dina pagawean Mantri Poelisi. Kami teu rĕsĕp pisan ngadenge pĕrkĕlakan saroepa kitoe, padahal kampoeng tjĕkĕlan maneh hĕnteu sabaraha lĕgana, tjatjak maneh gĕtol mah tangtoe bisa ngadjaga kana kabangkawarahanana eta baroedak, ngan kadjaba lamoen maneh ngĕdoel. Ajeuna pamenta kami, lamoen maneh ĕmboeng dieureunkeun tina gawe, koedoe gĕtol ngaronda ti peuting, oelah sok rĕsĕp teuing tjitjing di imah. Lamoen teuing djeung pisan, hade tangkĕp bae salasaoerang, tapi koedoe anoe pangdjahatna, toetoep di boei, soepaja djadi tjonto ka noe loba. Saha diantara eta baroedak anoe djadi loeloegoena?"

Mantri-Poelisi: „Anoe kasĕbat pangdjahatna teu aja sanes, moeng si Dik anak poen Trom, toekang kajoe. Eta anoe djadi panoengtoenna ka sadajana baroedak kampoeng,

PNRI

pangwanina, pangbangorna sarĕng saomong-omongna ditaroeroet koe batoer-batoerna".

Burgemeester: „Saha? si Dik? anak Trom toekang kajoe? Kami rĕsĕp pisan ka manehna, tapi kadjeun, saha bae noe djadi loeloegoena koedoe diwarah. Ajeuna sing ingĕt kana kawadjiban, nja! sing gĕtol oelah ngĕdoel!"

Mantri Poelisi bari toengkoel bawaning koe isin: „Oendjoek soemangga".

Burgemeester: „Tjig ajeuna mah geura anggeuskeun eta pagawean teh. Ati-ati, kami ĕmboeng ngadenge deui panjerewedan saroepa kitoe. Aĕh, Mantri! aja keneh saeutik deui; lamoen maneh ngaronda ti peuting, pĕrloekeun ngalongok ka kĕbon kami, sabab kami oge sok kapalingan boeboeahan".

Mantri-Poelisi: „Oendjoek soemangga".

Sanggeus amitan, toeloej manehna ka loear ti kamarna Burgemeester tĕroes ka kantor manehna. Ajeuna manehna leuwih amběk batan tadi ka nji Mantri tea, sabab omongan Burgemeester kabeh matak peureus djeung matak reuwas, bĕner hĕnteu nĕpi ka njisia, tapi aja basa rek ngalĕpas, manehna katorekan asa ngadenge sora gĕlap bae. Sabot keur leumpang manehna koetoek gĕndĕng, kieu pokna: „Baroedak haram djadah, ati² sia, moal kamana loempatna. Tiloe peuting aing rek ngintip, moal waka balik lamoen tatjan kaoerĕd heula beuheungna, soemawonna si Gĕmbrot mah, aing tatjan tiis pikir, ngeunah deuleu, lamoen manehna tatjan ngaringkoek di djĕrò boei. Ĕngke peuting aing rek ngamimitian ngintip, lamoen aing teu bisa meunangkeun si Dik Trom, montong disĕboet „Veldman". Geura rasakeun bae koe sia....".

XIII

Anoe gĕde dosa, laoen² meunang siksa.

Saboebarna anoe ngalantor, Mantri Poelisi ngagĕrĕmĕt bae hatena, nĕpi ka teu daek dahar-dahar atjan. Manehna mikir² pitĕmpateunana geusan ngintip, soepaja hĕnteu kasangka koe baroedak kampoeng tea.

Ari reup peuting, toeloej manehna ngĕlĕmĕt, asoep ka kĕbonna toean Klikker, njoempoet di noe poĕk handapeun tangkal apĕl. Peuting harita hoedjan gĕde pisan, nĕpi ka papakeanana djalibroeg, tapi manehna tjitjing bae hĕnteu balik, sabab ingĕtanana, sieun baroedak daratang sabot manehna di imah. Barang geus peuting, kira poekoel 12, toeloej manehna balik bari ngomong kieu dina hatena: „Hanas aing ngahoedjankeun maneh wani meh kaboeloesan, baroedak mah hĕuteu daratang, palangsiang maralingan boeboeahan toean Klager atawa Burgemeester. Pisakoemahaeun teuing njarekanana Burgemeester lamoen peuting ieu kapalingan deui, siga nakĕr noe euweuh tapakna beunang aing sakitoe diseukseukanana teh djadi lampah aing ajeuna euweuh goenana, tjek paribasa tea mah: „hese gawe teu kapake". Ah! panasaran, peuting isoek aing rek ngintip di kĕbon toean Klager atawa di pipir gĕdong Burgemeester".

Sapeuting harita manehna ngan goelang-goeling bae teu daek hees. Isoekna manehna ngadedengekeun bisi aja anoe kĕlak deui, tapi salamĕt nĕpi ka sore teh euweuh panjaoer ti Burgemeester. Ari geus rada poĕk, toeloej manehna indit deui ngintip di kĕbon toean Klager, tapi harita oge hĕnteu manggih naon-naon. Peuting isoekna manehna ngintip di pipir gĕdong Burgemeester njoempoet di noe poĕk deukeut bak tjihoedjan, pon kitoe keneh bae teu beubeunangan.

Ari noe matak harita, di djĕro tiloe peuting, baroedak kampoeng hĕnteu ngarandjah kĕbon batoer, sabab euweuh pamawana anoe djadi loeloegoe kana kadjahatan, nja eta oedjang Dik, geus tiloe poë tiloe peuting teh hĕnteu ka loear ti imahna, sabab indoengna gĕring pajah pisan, kasakitna eungap. Saban peuting manehna meh tara hees, tina mĕlangeun ka indoengna, sieuneun paeh. Manehna sok mindĕng tjeurik, lamoen ngadenge indoengna hoemaroeroeng keur ngarasakeun kanjĕri, tapi sakitoe si Dik popohoanana teh, indoengna mah geus teu ingĕt kana naon-naon, malah dibawa ngomong oge, ngalĕmpreh bae.

Lila[2] kasakitna rada sĕnang, malah sanggeus meunang

salapan poë Doktor anoe ngoebaran, ngomong, jen eta noe gëring teh geus tjageur, ngan kari lësoena bae. Ari doktor rek balik, ngomong heula ka anoe gëring, kieu pokna: „Oentoeng maneh boga anak bageur, anoe sakitoe ngamoemoelena ka maneh dibelaan koerang dahar koerang sare, tapi timbangan kami, koe sabab maneh ajeuna geus madjoe kana sënang, anak maneh sina reureuh bisi gëring. Isoek manehna sina oelin djeung batoer-batoerna koe maha biasa sangkan lëdjar hatena".

Sanggeus Doktor balik, si Dik toeloej ngarangkoel ka indoengna, ngomong bari tjeurik, kieu pokna: „Ëma! koering atoh pisan, ëma ajeuna geus sënang; kamari mah koering leutik hate, inggis ëma nëpi kana mangsa. Moegamoega goesti Noe Maha Kawasa toeloej toemoeloej maparin kasënangan kana panjakit ëma".

Indoengna ngadjawab bari njioeman, pokna: „Ëma masih keneh dipalihara koe Noe Maha Agoeng, lantaranana nja diri maneh daek ngarawat djeung ngamoemoele ka indoeng, geuning tadi tjek doktor oge, pangkoerangna kasakit ëma teh lantaran maneh. Soekoer, oedjang! bënër koedoe kitoe ari njaah ka kolot. Ajeuna ëma geus ngarasa sënang, maneh koedoe reureuh bisi gëring, ëngke lamoen bapa maneh geus datang, boeroe[2] bae maneh mah geura sare, nja!"

Ari bapana geus datang tina pagaweanana, si Dik toeloej bae ampih. Peuting harita manehna kakara ngarasa ngeunah hees, ti barang reup nëpi ka isoek teh meh teu lilir-lilir, sabab salilana indoengna gëring, manehna tara pati bisa hëës, malah dahar oge lamoen teu dipaksakeun mah, meh teu hajang bae. Ti isoek, ti barang bapana indit kana pagawean, manehna njanghareupan deui indoengna nëpi ka bapana datang deui. Ari geus boerit, toeloej si Dik oelin, njampeur batoer-batoerna.

„Euleuh, si Dik itoe datang!" tjek batoer-batoerna bari njalampeurkeun. „Koemaha euj ëma teh tjageur?"

„Sënang, ngan tatjan djagdjag pisan" djawab si Dik.

„Pajah ëma silang teh gëringna Dik"? tjek Jan Vos.

Djawabna: „Poegoeh bae pajah mah, dewek oge di

djěro sapoeloeh poë teh teu bisa ninggalkeun djaoeh, malah noe opat poë mah geus beunang disamarkeun bae. Tapi euj! geus heubeul oerang teu oelin². Hajoe oerang aroelin deui, dewek koe geus ngarasa....."

„Ngarasa gĕring?" tjek Jan Vos bari seuri.

„Ha, ha!" tjek Piet van Dril. „si Dik gĕring? tendjo bae gĕgĕmboengna, geuning teu kĕmpes-kĕmpes".

Ari tjek Karel van Bakel: „Moal salah manehna moeriang lantaran hajangeun njatoe boeboeahan, sabab geus sakitoe lilana teu ngarandjah kĕbon batoer".

Djawab si Dik: „Ari gĕring mah hĕnteu, dewek teh euj! malah tatjan² atjan ngarasa gĕring, ngan dewek mah geus sono....."

„Sono kana naon atoeh Dik?" tjek batoer-batoerna. Djawabna: „Dewek? ajeuna dewek geus ngarasa sono kana boeah apĕl, wani geus asa dina tikoro bae, koe hajang geura kop hidji bae".

„Dewek oge geus sono kana apĕl mah", tjek Jan Vos. „Hajoe oerang ngarala apĕl di kĕbon toean Klikker, soegan bae geus arasak".

„Hajoe" djawab Dik. „Tangtoe ajeuna mah geus arasak, sabab minggoe toekang rada karĕsĕd keneh".

Jan Vos: „Naha silaing njaho karĕsĕd keneh, Dik? Iraha silaing ngandjang ka Klikker?"

Dik: „Tatjan lila, samemeh ĕma gĕring, malah harita mah sĕnang pisan dewek njatoe apĕl teh".

Karel van Bakel: „Mĕnding silaing daek ngandjang ka Klikker, kapan manehna rada geuleuheun ka silaing teh?"

Dik: „Padoeli teuing geuleuheun oge, da dewek mah teu koengsi papanggih".

Jan Vos: „Naha manehna keur euweuh di imahna?"

Dik: „Poegoeh bae aja mah, tapi manehna teu njahoeun".

Jan Vos: „Koengsi silaing asoep ka djĕro?"

Dik: „Teu, dewek mah ngandjang soteh kana tangkal apĕlna, lain ngandjang ka Klikker".

Jan Vos: „Hih! ari si Gĕmbroe keur naon atoeh pandjang² teuing, maling mah maling bae kitoe, mantong njarita-njarita ngandjang. Koemaha teu kanjahoan euj?"

Dik: „Poegoeh bae kanjahoan mah tapi moal ěnja peutjang eleh pintěr koe sakadang koeja, kakara ngaringkang oge dewek mah geus djaoeh manten. Hajoe atoeh boeroe[2], dewek mah geus hajang geura kop".

Jan Vos: „Hajoe".

Piet van Dril: „dewek miloe".

Jan Vos: „Hajoe. Koemaha silaing Karel rek miloe?"

Karel van Bakel: „Hajoe; tapi euj! Klikker teu beunang disaroeakeun djeung sakadang koeja, dewek mah mere ingět bae, jen manehna ajeuna[2] ieu, saban peuting sok ngintip di kěbonna di noe poěk; malah dewek ngadenge bedja, jen manehna geus ngadeuheus ka Burgemeester, ngělakkeun oerang sok ngarandjah boeboeahanana".

Dik: „Dasar atoeh silaing mah leutik hate, sok ngarirrisi bae ka batoer teh. Moal ěnja soegan Klikker teh ngahakan, da oerang teh lain apěl. Ajeuna mah pendek bae, rek miloe atawa moal?"

Karel: „Moal miloe? dewek leutik hate? oelah disangka dewek sieun, ngomong soteh kitoe soepaja silaing tjaringtjing bae oelah gělěweh teu ati[2], sabab těrang pisan, jen manehna sok ngintip saban peuting oge".

Dik: „Atoeh pětakeun bae oeteuk teh, oelah tjara kalde teuing. Moal ěnja soegan manehna oenggal peuting ngintip teh, toeroeg[2] di djěro sapoeloeh peuting oerang sarerea teu laliar, djeung deui da ieu mah lain maling rasa dewek mah, ngan njokot apěl tina tangkalna hidji sewang atawa doea sewang".

Ingětan si Dik harita kaliroe, magar maneh njokot banda batoer teu bebedja teh lain maling, sabab nikeun manehna, tara pisan ngarawatan doeit, soemawonna gěde, nadjan sasen ngagoler di boeroean atawa di djalan, lamoen lain anoena pribadi, malah miminděngna mah sok disalabar-salabarkeun ka noe bogana. Kitoe deui lamoen manehna ngarawatan banda batoer, sapěrti doeit, kaletji, gěrip djeung djaba ti eta, rasana panas aja dina sakoena teh, tapi lamoen manehna hajang njatoe apěl atawa sedjen[2] boeboeahan, meuli teu boga

doeit, nja sok ngala bae, sanadjan tangkalna anoe batoer oge.

Jan vos ngomong deui: „Bĕnĕr paham si Dik, lain maling eta mah. Hajoe bae Karel silaing miloe".

Djawab Karel: „Hajoe, da dewek oge geus sono kana boeah apĕl".

Sanggeus ngaromong kitoe, toeloej eta opat baroedak teh arindit. Mimitina arasoep ka pakarangan sakola, ti dinja ngawas[2] bisi aja anoe ngintip; sanggeus katendjo, jen euweuh djĕlĕma, toeloej maradjoe kana sisi soesoekan, watĕs kĕbon Klikker tea. Harita geus poĕk pisan, soemawonna dina handapeun tatangkalan mah, meh teu kadeuleu tjoeroek[2] atjan.

„Euj, batoer[2]!" tjek si Dik ngaharewos; „Kabĕnĕran ajeuna teu pati tiris teuing, nja!"

„Heueuh" djawab Jan, „kawas-kawasna sĕpi euweuh noe ngintip".

„Hajoe atoeh oerang arantjloeb bae tjek si Dik; „tapi poma oelah tjektjok bisi aja djĕlĕma".

Teu sabaraha lilana eta baroedak geus aja di kĕbon Klikker.

„Euj, batoer[2]!" tjek si Jan. „si Dik mah montong sina naek, beurateun teuing koe beuteung, sina moeloengan bae di handap, toeroeg[2] manehna mawa bĕrĕnoek dina tjalanana".

„Heueuh" djawab anoe doeaan. „bĕnĕr silaing mah Dik montong miloe naek bisi ragrag".

Ti dinja toeloej baroedak anoe tiloean teh naraek, ari si Dik tjitjing di handap bari ngawas[2], bisi aja djĕlĕma. Barang si Dik geus njakoean 8 apĕl, kadenge aja anoe gĕgĕroan, sora anoe boga kĕbon, kieu pokna: „Tah! ajeuna mah beunang sia, bangsat apĕl, ati-ati sia koe aing diwarah bĕnĕr[2]. Pamadjikan! geuwat kadieukeun bĕdil!"

Klikker hĕnteu sabar noenggoe pamadjikanana, geuwat bae indit koe maneh njokot bĕdil ka imah, tapi sabot manehna ka imah oge, baroedak mah geus laloempat manten. Dik noenggoean batoer-batoerna. di sisi soe-

PNRI

soekan sabeulah pakarangan sakola, sabab manehna tara pisan ninggalkeun batoer, ngarah salamĕt sorangan.

Barang anoe tiloean geus daratang kana sisi soesoekan, si Dik ngomong pokna: „Boeroe² laloentjat, itoe Klikker geus deukeut mawa bĕdil".

„Dagoan atoeh!" tjek si Karel anoe pangboranganana diantara anoe opatan.

„Dagoan, dewek sieun kabĕdil".

„Montong ngomong bae atoeh, geuwat loentjat sing gantjang" djawab si Dik.

Jan djeung Piet geus laloentjat sarta salamĕt ngan kari si Karel anoe masih keneh nangtoeng teh bari loeaklieuk nendjoan ka toekang, rasana geus asa dor bae dibĕdil bawaning koe kasima.

„Geura loentjat Karel! geura silaing tjilaka ĕngke".

Tina bawaning koe goegoep, loentjatna hĕnteu ngawahan heula, ari gadjlĕng teh ngan nĕpi kana tĕngahtĕngahna soesoekan, wani kamblĕs pisan kana leutak. Sora bĕdil barĕng pisan datangna djeung sora anoe ngoetjoeprak bari ngagĕro menta toeloeng. Gantjang koe si Dik ditongtak leungeunna, digoesoer ka darat, bari ditanja: „Keuna silaing teh Karel?"

„Adoeh! adoeh! toeloeng! dewek kabĕdil Dik!" djawab Karel bari tjeurik.

„Lĕbah mana anoe kabĕdil teh Rel?" tjek Jan.

„Adoeh! teu poegoeh anoe karasa" djawabna bari kikirab.

„Heueuh, lamoen bĕnĕr silaing kabĕdil tangtoe aja anoe karasa" tjek Piet.

„Dewek oge njaho" djawab Karel. Tapi ari dirasa-rasa kawas hĕnteu keuna euj! ngan oekoer ngaliwat bae kana tjeuli, tjeurik soteh ngan bawaning koe reuwas bae".

Omong si Dik: „Soekoer atoeh ari hĕnteu keuna mah, kainggis teh silaing kabĕdil. Ari kitoe mah tĕrang pisan, jen silaing teh borangan, lain pibatoereun oerang. Tjing rasa², bĕnĕr hĕnteu keuna?"

„Hĕnteu!" djawab si Karel. „Tadi mah ngan rarasaeun bae".

„Ajeuna mah geura balik bae Karel! sabab miloe oge matak ridoe" tjek si Dik bari seuseurian.

Ti dinja toeloej si Karel balik, ari anoe tiloean tĕroes aroelin ka pasar.

Si Dik ngomong bari leumpang, pokna: „Rasa² dewek, oerang teh sieun koe noe teu poegoeh".

„Naha?" djawab noe doeaan.

„Geura pikir masing bĕnĕr", tjek si Dik, „moal ĕnja Klikker wanieun ngabĕdil djĕlĕma make pelor, tangtoe ngan njingsieunan koe boeang obat bae".

Jan: „Pikeun dewek tatjan bisa nĕtĕpkeun kitoe, Dik!, sabab, lamoen manehna hĕnteu keur mabok, geus tangtoe mikir pandjang kana piahireunana, nja bisa djadi sakoemaha pikiran silaing, tapi Klikker meh oenggal peuting mabok, bisa djadi manehna ngabĕdilna teh make pelor, sabab moal boga ingĕtan pandjang, teu beda djeung noe edan".

Dik: „Bĕnĕr, lamoen keur mabok mah, tapi ajeuna mah da geus salamĕt, hajoe oerang ngabagi-bagi ieu apĕl".

Piet: „Meunang sabaraha silaing Dik? da dewek mah teu hidji² atjan".

Dik: „Ieu apĕl aja dalapan, bĕnĕr pisan doea sewang".

Jan: „Kapan oerang ngan tiloean euj! meureun njesa doea".

Dik: „Ari si Karel, naha moal dibagianan? Kapan manehna oge miloe naekan".

Jan: „Montong teuing dibere, da geus balik, boa ajeuna oge keur njatoe apĕl djeung bapana. Taksiran dewek mah moal² atjan hajangeun".

Dik: „Timbangan dewek oge nja kitoe, tapi oerang teh koedoe adil oelah hawĕk kana milik batoer. Ieu noe doea oerang roeang toeh di ditoe, handapeun tangkal kai, isoek oerang bikeun".

Jan: „Bĕnĕr silaing teh boedak adil, Dik!; eta apĕl anoe doea milik si Karel, oerang roeang bae".

Sanggeus badami kitoe toeloej eta doea apĕl teh diroeang di handapeun tangkal kai, ari maranehna toeloej arindit deui.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

„Katjida ngeunahna ieu apĕl, nja!" tjek si Dik bari ngosom. „Isoekan mah oerang ngarala deui bae".

„Hajoe" djawab Piet.

Jan: „Tapi sakieu ngeunahna teh teu njoesoel ari kana boeah persik kagoengan Burgemeester mah, rasana teh nja amis nja lĕgit, dewek mah wani rarasaeun keneh bae".

Dik: „Boeah persik, Jan? Naha Burgemeeester kagoengan tangkal persik? dewek mah teu njaho".

Jan: „Poegoeh bae, boeahna ge wani meuhpeuj. Kamari ieu mah rada aratah keneh, ajeuna mah tangtoe geus arasak".

Dik: „Koemaha noe matak silaing njaho, Jan!"

Jan: „Basa oerang ngaheureujan mantri poelisi tea, koe dewek katendjo boeahna leubeut pisan, malah dewek oge harita ngala doea siki".

Dik: „Koemaha silaing njaho djalanna?"

Jan: „Poegoeh bae njaho mah".

Dik: „Hajoe atoeh oerang ngarala, dewek mah hajang ngasaan. Lamoen ajeuna kapĕrĕgo deui, bĕnĕr soee peuting ieu teh".

Jan: „Lamoen silaing warani, hajoe dewek toetoerkeun".

Piet: „Dewek mah asa² euj! Kareuwas tadi ge tatjan leungit".

Dik: „Oelah kapok, anggoer koedoe beuki gawok. Hajoe silaing rek miloe?"

Piet: „Hajoe paeh-hiroep oge tiloean".

„Dik: „Tapi euj! ajeuna mah oerang koedoe leuwih ati-ati, sabab arasoep kana kandang singa".

Jan: „Teu koedoe diingĕtan deui kana ati² mah Dik! dewek oge sieun katangkĕp. Ari silaing sieun Dik?"

Dik: „Nja eta matak diomongkeun oge soepaja oelah gĕlĕweh bisi katangkĕp, tĕrkadang Mantri Poelisi oge ajeuna ngintip, sabab manehna kamari ieu ditjarekan koe Burgemeester, lantaran sok aja noe malingan boeboeahanana".

Teu koengsi lila eta baroedak geus daratang ka pipir gĕdong-bitjara (kantorna Burgemeester); hĕnteu djaoeh

ti dinja aja deui hidji gĕdong, nja eta boemina Burgemeester. Di antara eta doea gĕdong aja kĕkĕbonan, dipĕlakan roepa[2] kĕkĕmbangan anoe araloes, paragi pĕlĕsiran pasosore. Satoekangeun eta kĕbon kĕmbang, nja kĕbon boeboeahan tea, tapi sakoerilingna dipagĕr kawat sarta rĕmbĕt koe roetjoek.

„Kadieu dewek toetoerkeun euj!" tjek Jan. „Lĕbah djoeroe aja koeloewoeng pamitjeunan tjai, gĕde pisan, oerang koedoe arasoep ka dinja soepaja babari, lamoen teu kitoe, moal bisa asoep, sabab rĕmbĕt koe roetjoek".

Eta baroedak toeloej maradjoe nĕpi ka djoeroe kĕbon. Jan ngomong bari dongko, pokna: „Tah, geuning euj! ieu koeloewong teh, hajoe oerang arasoep, toetoerkeun bae dewek".

Jan ngarandang ti heula, toeloej Dik, pangpandeurina Piet. Ajeuna maranehna geus aja di djĕro kĕbon Burgemeester. Harita poĕk pisan, nĕpi ka Dik djeung Piet talag-tolog noetoerkeunana si Jan, sabab teu njarahoeun di djalanna.

Euweuh saoerang anoe boga sangka, jen harita Mantri Poelisi keur ngintip dĭ noe poĕk handapeun tangkal kai, njalindoeng kana bak tjihoedjan. Jan: „Ka dieu atoeh masing dareukeut ari teu awas mah, tah ieu aja djalan poetĕran".

Dik: „Oelah gantjang teuing atoeh, bisi laboeh, dewek mah wani teu awas kana tjoeroek[2] atjan".

Piet: „Komo dewek mah pangpandeurina, keur poĕk teh kapindingan koe silaing, Dik, beuki tambah angkeub bae".

Jan: „Masing arawas euj! bisi aja anoe ngintip".

Dik: „Sageuj, sakieu djĕmplingna mah. Di mana Jan, tangkal persik teh?"

Jan: „Meh adĕk kana tembokan gĕdong, toeh! di djoeroe deukeut bak tjihoedjan".

Piet: „Koe poĕk geuning euj! oerang baralik deui bae atoeh bisi tjilaka".

Dik: „Kapalang, Piet! Sakeudeung deui oge nĕpi.— Lĕbah mana Jan?"

Jan: „Poegoeh bae kapalang mah. Toeh! geuning geus katendjo roenggoenoekna mah".

Dik: „Euleuh! aja leubeut. Geuwat euj! geura naraek, dewek mah rek ngahontalan anoe harandap bae da teu bisa naek. Hajoh, Piet! oelah tjoelang-tjileung, geura silaing moal beubeunangan".

Teu sabaraha lilana baroedak teh geus pinoeh sakoena koe boeah persik, soemawonna si Dik mah, sakoe tjalanana oge wani rĕmpih.

„Meugeus Piet;" tjek si Dik. „Boeroe² geura toeroen, bisi aja djĕlĕma".

Djawab Piet: „Ke, sakeudeung deui, sakoe dewek mah tatjan pinoeh".

Tapi tjilaka, eta omongan si Piet kadengeeun koe Mantri Poelisi anoe keur ngintip tea.

„Euj!" tjek Jan, „dedengean dewek sada aja anoe ngorosak".

„Heueuh" djawab Dik. „Dewek oge ngadenge, malah aja anoe kĕdĕprak-kĕdĕproek, sada sora sapatoe. Boeroe² Piet! oerang baralik".

Ti dinja toeloej baroedak teh taroeroen sarta tĕroes arindit, tapi barang narĕpi kana lĕbah bak tjihoedjan tea, teu kanjahoan Mantri Poelisi loentjat ti noe poĕk bari ngomong: „Hah; sia bangsat! ajeuna sia koe aing beu .....

Gĕdĕboet! Mantri Poelisi teh laboeh wani nangkoeban pisan, tarangna keuna kana batoe balaj wani bantjoeloer, sabab tina goegoep teuing, matana teu awas kana tintjakeun, soekoena tikodjot kana rante timba wani meulit pisan.

„Adoeh! haram djadah!" tjek Mantri bari kokosehan djeung ngoesapan tarang anoe bantjoeloer tea. Geuwat manehna hoedang, tĕroes ngoedag baroedak bari njarekan.

Dina lĕbah koeloewoeng tea, Jan djeung Piet geus arasoep sarta geus baridjil ka loear, ngan si Dik anoe tatjan asoep teh, sabab loempatna rada kĕndor. Barang manehna rek ngarandang, ngan kĕrĕwĕk bae beuheungna ditjĕrĕk koe Mantri Poelisi bari ditanja kieu: „Saha sia, bangsat? ti bareto sia koe aing diintip-intip teh. Siga-

sigana sia teh anoe diarah-arah tea. Bĕnĕr geuning njaieu. Rasakeun koe sia bangsat! ajeuna waktoena sia meunang pangadjaran".

Tapi sabot mantri keur njarekan, teu kanjahoan, ngan habĕk bae ditondjok beungeutna, nĕpi ka nangkarak bĕngkang pisan. Ari si Dik bĕlĕsat loempat balik deui ka oeroet, karĕpna rek djalan ka hareupeun gĕdong bitjara tea. Mantri koredjat hoedang, toeloej ngoedag deui si Dik, diabrik-abrik di djĕro kĕbon. Tapi tina si Dik teu pati bisa gantjang loempat, nja teu koengsi lila oge katjĕrĕk deui.

„Rek loempat ka mana sia Gĕndoet! tjek Mantri bari hoeroehah-harehoh, bawaning koe tjape. „Sanadjan ngaganda sapoeloeh pal oge mo boeroeng kasoesoel. Hajoh! sia miloe ka boei, di dinja oge loba boeah persik palingeun. Ha, ha, ha, nja sia anoe diarah-arah teh".

Dik hĕnteu ngadjawab, toeloej bae noetoerkeun mantri ka boei. Teu koengsi lila si Dik geus diasoepkeun ka boei sarta pantona dikoentji.

XIV

Beurit leupas, tinggal oetjing dina sĕnteg.

Di djĕro eta kamar poĕk pisan, nĕpi ka si Dik teu awas kana tjoeroek[2] atjan. Sadjongdjongan mah manehna nangtoeng bae dina panto bari mikir[2] pilampaheun. Ti dinja toeloej manehna madjoe opat lima lengkah ka djĕro. Manehna boga rasa jen hĕnteu dikoentji 'dina cel (kamar pangboeian), sabab eta kamar ka'endjona teh lĕga pisan. Manehna manggih golodog opat-lima hambalan ka handap toeloej toeroen lalaoenan nĕpi ka handapna pisan. Ti dinja Dik manggih hidji kamar, sakoerilingna tembokan, ngan make hidji djandela, tapi geus tangtoe lain koe ram katja. Eta djandela saroepa liang pasagi make palang beusi anoe disĕkroep kana tihangna. Dina eta kamar aja hidji batoe pasagi, minangka bangkoena, make diamparan djadjaba paranti hees.

Dik toeloej dioek dina eta batoe bari ngomong kieu

dina hatena: „Teu sangka kabina-bina Mantri Poelisi loempatna leuwih gantjang batan aing, sakitoe aing geus djaoeh teh nĕpi ka kasoesoel. Euh! sakoemaha teuing pihateeun ĕma, lamoen njahoeun jen aing ajeuna dikĕrĕm di dieu; oentoeng lamoen aing bisa kaloear ajeuna ti dieu, meureun moal ngabarobahkeun kana hate ĕma, toeroeg² ĕma teh kakara pisan sĕnang, paoer karoegrag deui, lantaran njĕblak hatena. Hajang teuing si Jan djeung si Piet bebedja ka bapa, tapi ngarasiah ari ka ĕma mah, tapi sanadjan dirasiah oge, tangtoe ĕma moal sĕnangeun keneh bae hatena mah, sabab kaget doemeh aing hĕnteu datang. Handjakal teuing aing kabita koe boeah persik, lamoen tadi teh tĕroes bae balik, meureun ajeuna aing teh geus hees deui. Lamoen ĕma ajeuna karoegrag, euweuh deui noe djadi lantaran ngan aing sorangan, djadi ana kitoe aing teh hĕnteu njaah ka indoeng. Palangsiang ajeuna Mantri Poelisi keur njieun proees-verb....."

Dik! silaing teh di djĕro kamar ieu?" tjek Jan loeareun djandela.

Dik ngarendjag keur lalamoenan ngadenge anoe nagĕroan tina lĕbah djandela, toeloej ngadjawab: „Jan! silaing eta teh? mana ari si Piet?"

„Heueuh! dewek djeung Piet" tjek Jan. „Koemaha euj! silaing teu sieun sorangan di dinja di noe poĕk?"

Djawab Dik: „Ari sieun mah hĕnteu, euj ngan hate dewek bingbang ingĕt ka ĕma, silaing njaho sorangan, jen ĕma teh kakara pisan sĕnang. Tada teuing bae njĕblakna hate ĕma, lamoen njahoeun, jen dewek ajeuna dikoentji di dieu; paoer dewek mah, inggis karoegrag deui. Soekoer silaing hĕnteu naringgalkeun euj! Koemaha silaing geus bebedja ka imah dewek?"

„Tatjan ka mana-mana" tjek Jan; „da dewek mah ti tadi ge di dieu bae di noe poĕk, noenggoe balikna Mantri Poelisi. Bieu barang Mantri geus katendjo balik, dewek doeaan geuwat njampeurkeun silaing".

Jan djeung Piet ngaromongna bari nangkoeban, sabab eta djandela ari ti loeatna mah handap pisan.

Ari eta kamar saĕnjana mah lain kamar pangboeian,

PNRI 6p Balai Pustaka

tapi kamar paranti noetoep anoe mabok atawa anoe djadjaloek di djĕro sapeuting panglilana.

Dik: „Naha dewek soee[2] teuing euj! peuting ieu teh. Poekoel sabaraha ajeuna?"

Jan: „Sakeudeung deui ge poekoel salapan".

Piet: „Dik! lamoen ieu djandela hĕnteu make palang beusi, tangtoe silaing babari bidjil teh".

Dik: „Poegoeh bae euj! Tjing koemaha atoeh ajeuna akalna?"

Boeboehan Piet anak toekang beusi, aja oge pahamna saeutik-eutikeun leuwih ti batoerna. Toeloej bae manehna singkil, ngagilĕk-gilĕk eta beusi.

Dik: „Koemha euj! pageuh pisan eta palang teh?"

Piet: „Hĕnteu sabaraha geuning, beunang digoelak-gilĕk. Tjing silaing mawa peso?"

Dik: „Kabĕnĕran euj! mawa, malah peso wĕwĕg pisan. Heh! ieu tampanan. Koe maha euj! Kira-kirana beunang oge dikorek-korek koe peso?"

Piet: „Oerang tjoba[2] bae atoeh".

Jan: „Kabĕnĕran dewek oge mawa ieu peso. Pek atoeh geura korek-korek. Tah, euj! kabĕnĕran, boelan teh bidjil".

Jan djeung Piet ngorekan sĕkroepna meh lotjot, ari si Dik nendjokeun ti djĕro bari njatoe boeah persik.

Dik: „Hajoh euj! sing garantjang meungpeung euweuh djĕlĕma. Toeh geuning boelan oge mantoean ka silaing".

Piet: „Kapan ieu oge eukeur, sabar atoeh, ke sakeudeung deui, mo boeroeng beunang. Toeh! tendjo beusina geus logor pisan. Sakeudeung deui euj!"

Dik: „Heurseh! soekoer euj! dewek mah ingĕt bae ka ĕma. Poesingeun tĕmĕn Mantri Poelisie, lamoen isoek manehna njampak boei geus kosong".

Jan: „Tangtoe bae poesingeunana mah".

Piet: „Hajoh atoeh Jan! oelah ngomong teuing. Geura tendjo dewek mah geus meh lotjot. — Dik! anoe diboei pandeurieun silaing mah moal gampang[2] bisa miñggat, sabab ieu beusi isoek oge tangtoe dipageuheun".

Dik: „Heueuh! kapan dewek ge tatjan kaloear. Naha tangtoe dewek teh bisa bidjil euj?"

Piet: „Tangtoe. Lamoen silaing teu bisa ka loear, dewek montong disĕboet „Piet" anak toekang beusi.

Eta beusi dihantĕm koe doeaan dioegĕt-oegĕt, nĕpi ka sĕkroepna molotjon.

Piet: „Tjoba Jan! ajeuna mah oerang bĕdol bari dioegĕtkeun".

Jan djeung Piet ngadontja, soekoena nodjer kana tembokan, krak! beusi teh potong.

Piet: „Hajoh djoengdjoengkeun sing loehoer oelah ngahalangan kana lawangna".

Dik: „Heurseh! potong, euj? potong? tapi koemaha akalna sangkan dewek bisa ka loear? Leungeun djeung hoeloe bisa oge asoep, tapi ari awak mah moal bisa, sabab dewek euweuh keur nintjak".

Piet: „Gampang eta mah; leungeun silaing bae doeanana sodorkeun koe oerang dibĕdol, tapi tangtoe aja rasana kana awak silaing doemeh liangna rada sĕrĕg".

Dik: „Njĕri saeutik mah mokaha bae euj! Heh! ieu leungeun dewek geura bĕdol".

Dik njodorkeun leungeun doeanana, toeloej dibarĕdol koe doeaan satakĕr tanagana, tapi awakna sĕrĕg dina liang, toeroeg[2] sakoena pinoeh koe boeah persik.

Jan: „Lah, aja beurat, wani asa ngabĕdol moending bae. Ke eureun heula sakeudeung euj! njeunghap heula."

Dik ngagantoeng dina liang, awakna sapotong geus ka loear, sapotong deui di djĕro keneh.

Dik: „Hajoh euj! beakeun tanaga teh, bisi kaboeroe aja djĕlĕma djeung eungap dewek ngagantoeng di dieu."

Piet: „Eureun euj! euren. Itoe aja djĕlĕma. Oerang njaroempoet heula sakeudeung.

Jan: „Heueuh djĕlĕma. Mantri poelisi geuning. Boeroe[2] euj njaroempoet."

Sakilat pisan baroedak teh geus njaroempoet boeni pisan di noe poĕk hĕnteu djaoeh ti dinja, soepaja bisa awas djeung ngadenge. Mantri Poelisi beuki lila beuki deukeut. Barang nĕpi kana lĕbah djandela, manehna nendjo tangkĕpanana rek minggat.

„Ha, ha", tjek Mantri-Poelisi. „Kabĕnĕran aing ngaronda deui ka dieu, lamoen hĕnteu, tangtoe sia leupas manten. Ke koe aing dibantoean sangkan bisa bidjil.

Gantjang manehna newak leungeunna si Dik sarta dibĕtot satakĕr tanagana, tapi Dik mĕgil bae dina liang, sĕrĕg lĕbah biritna, sabab kagandjĕl koe boeah persik dina sakoe tjalanana. Ari geus wĕleh ngadontja, toeloej manehna ngomong bari seuri pokna: „Sia moal bisa kaloear, sabab ieu liang sĕrĕg teuing pikeun awak sia, euweuh gawena beunang sia ngaroeksak palang beusi teh. Tapi, ke koe aing dibĕdol ti djĕro soepaja oelah ngagawing teuing, djeung ieu aing mawa anggĕl keur sia hees".

Ti dinja toeloej manehna moekakeun pantona, tapi sabot manehna loempat kana panto oge, baroedak anoe doeaan teh geus njalampeurkeun deui ka si Dik. Geuwat leungeunna dibarĕtot deui tjara tadi.

Jan ngomong pokna: „Geuwat Piet bĕtot, si Dik oelah diantĕp bisi kaboeroe kabĕdol ka djĕro, oerang pabĕdas-bĕdas bae djeung Mantri Poelisi, saha noe meunang oerang, atawa manehna".

Barang Mantri geus asoep, ngan kĕrĕwĕk bae njĕkĕl kana soekoena si Dik dibĕdol ka djĕro, ari leungeunna dibarĕtot koe doeaan ka loear, kadjadianana, si Dik teh ngadjĕtĕn bae dina liang, teu ka loear teu ka djĕro. Ari Mantri Poelisi teu pisan boga sangka, jen si Dik aja anoe ngabĕdol ti loear, maroekanna pageuh teh bawaning koe sĕrĕg bae. Toeloej manehna ngadontja, soekoena doeanana ditodjerkeun kana tembokan, ari leungeunna pageuh njĕkĕl kana tjalana si Dik. Lila-lila si Dik boga akal, toeloej manehna ngalaan tali tjalanana anoe dibeulitkeun kana beuheungna. Ari geus lesot, toeloej ngaharewos: „Pek, geura tarik deui ajeuna mah".

Barang didontja, ngan borodjol bae si Dik kaloear; ari Mantri Poelisi kalĕpasan teuing nongtakna, blak nangkarak bĕngkang pisan sarta beungeutna karoengkoepan koe tjalana si Dik. Ingĕtanana anoe kabĕdol teh si Dik, ngan habĕk bae diteunggeulan bari digoegoeloeng.

„Heurseh!" tjek si Dik bari emprak. „Beurit leupas, tinggal oetjing dina sĕnteg".

Dik geuwat loempat kana panto, gĕbroeg! dipeundeutkeun sarta dikoentji ti loear; sanggeus kitoe, toeloej baroedak teh baralik saimahna-saimahna.

Teu koengsi lila Dik geus aja di boeroeanana, tapi manehna teu wanieun asoep, sabab teu make tjalana, inggis kanjahoan koe indoengna. Manehna toeloej ngomong kieu dina hatena: „Kŏemaha ĕma kira-kirana moal reuwaseun kitoe, lamoen aing asoep ka imah teu make tjalana. Lamoen keur tjageur mah tangtoe ĕma seuri ngadenge lalampahan aing bieu, tapi ajeuna doemeh keur gĕring? Kitoe deui Mantri Poelisi moal ngeunaheun, lamoen manehna sapeuting ieu ditoetoep di kamar eta, sabab geus karasa koe aing sorangan, soemawonna pamadjikanana mah meureun hatena kaměmělangan lamoen salakina teu datang teh. Aing karoenja ka manehna, sabab manehna geus mindĕng pisan njieun kahadean ka ĕma malah ajeuna-ajeuna oge dina waktoe ĕma gĕring, manehna mindĕng ngalongok djeung ngirim kadaharan. Ah, leuwih hade koe aing kaloearkeun deui bae, karoenja".

Sanggeus mikir[2] kitoe, toeloej manehna balik deui ka boei. Djaoeh[2] keneh oge manehna geus ngadenge Mantri-Poelisi gĕgĕroan menta toeloeng.

„Toeloeng! toeloeng!" tjek Mantri Poelisi. „Si bangsat, si Gĕndoet, isoekan sia koe aing diboei".

„Menta toeloeng ka saha Veldman!" tjek Dik bari nĕmpo tina djandela eta kamar, „Lamoen maneh ajeuna djangdji, jen moal njieun pĕrkara tina hal ieu, tangtoe maneh ajeuna oge dikaloearkeun".

„Djangdji moal njieun pĕrkara?" djawab Mantri ti djĕro kamar. „Heh, noeroestoendjoeng si bangsat sia, teu boga kaera make datang deui ka dieu; isoekan tangtoe sia dipĕrkarakeun, memang diarah ti bareto".

„Kadjeun ari ĕmboeng djangdji mah" djawab Dik. „Handjakal pisan pikeun maneh Veldman! kami ajeuna datang deui ka dieu, istoe rek ngaloearkeun maneh bae, tina karoenja ka maneh oelah nĕpi ka ngaringkoek

di dieu di noe poëk. Tapi lamoen maneh keukeuh ëmboeng djangdji nja koedoe wajahna bae maneh ajeuna dikoentji di dieu, bari ngëmitan tangkal persik bisi aja anoe ngarandjah deui. Pek atoeh, kami ajeuna rek balik".

Barang Dik rek indit, Mantri Poelisi teh gëgëroan, pokna: „Dik! Dik! ke heula oelah waka balik. Panjana kami maneh datang deui ka dieu teh niat ngera² ka kami noe matak kami ëmboeng djangdji, tapi lamoen bënër pikiran maneh kitoe, heug kami djangdji ajeuna mah".

Ari djawab Dik: „Bënër kitoe pikiran kami teh, moal ënja bohong, kami karoenja ka maneh, sabab geus karasa koe kami sorangan, soemawonna lila-lila mah nëpi ka sapeuting, sakeudeung oge sakitoe teu ngeunahna. Heug ajeuna mah koe kami diboeka pantona, tapi kadieukeun heula tjalana kami".

Tjek Mantri Poelisi: „Heh, ieu Dik! tjalana teh tampanan".

Dik njokot tjalanana sarta toeloej dipake".

Mantri Poelisi: „Geuwat atoeh boekakeun pantona".

Dik: „Mangke heula sing sabar, sabab saha noe njaho, ëngke maneh dikaloearkeun, kami dikërëm deui".

Mantri Poelisi: „Masing përtjaja bae Dik, moal ënja hidji Manrti Poelisie tjidra kana djangdji. Geuwat bae geura boeka".

Dik: „Sanadjan kitoe, kami mah asa² keneh. Koemaha maneh bisa moeka panto ti djëro?"

Mantri Poelisie: „Oerang tjoba bae. Kadieukeun atoeh sorogna".

Dik toeloej njokot sorog sarta toeloej ditalian koe bola pandjang. Toengtoengna eta bola dibikeun ka Mantri Poelisi bari ngomong: „Heh, ieu Veldman! bola tarik koe maneh. Samemeh maneh nëpi kana sorogna, kami mah geus datang deui ka imah".

Mantri Poelisi: „Kitoe nja kitoe. Tapi masing përtjaja bae, da kami teh moal tjidra".

Ti dinja toeloej Dik balik ka miahna. Barang datang, kasampak indoengna njaring keneh, ari bapana keur dioek

dina bangkoe bari oedoed. Dik toeloej njampeurkeun ka indoengna, bari nanja: „Koemaha ĕma ajeuna teh sĕnang?"

„Sĕnang Dik!" djawabna.

Dik nanja deui: „Teu hajang dahar ma! samemeh sare?"

Djawab indoengna: „Hĕnteu Dik, ngan ĕma hajang boeah peer. Tjing soegan geus arasak ĕma pangalakeun doea siki mah".

Dik toeloej ka kĕbon rek ngala boeah peer, tapi barang manehna geus rada deukeut kana tangkalna, ngadenge anoe tingkorosak kawas anoe loempat, ari ditĕgĕs-tĕgĕs tetela baroedak kampong ĕntas maralingan boeah peer tea wani beak pisan. Manehna ngahoelĕng bari mikiran djĕlĕma anoe maraling.

Bawaning koe bingoeng, ras ingĕt ka indoengna sakitoe hajangeunana dahar boeah peer, ngan sĕgroek bae tjeurik, nalangsa euweuh bikeuneun. Dik hĕnteu boga rasa dipaling batoer, tapi karasana teh manehna bae anoe malingan teh meakkeun indoengna, padahal eta boeah peer koe manehna diingkeun-ingkeun bae diadjangkeun keur indoengna, doemeh keur gĕring tea.

Ti dinja manehna datang pikiran hade, soempah dina hatena, jen moal[2] deui ngarandjah kĕbon batoer. Ti watĕs harita Dik tara daekeun deui diadjak oelin koe batoer-batoerna.

XV.

Koeda djeung kalde.

Sataoen ti harita Dik ka loear ti iskola; lain manĕhna bae tapi babatoeranana oge anoe barĕngan manehna asoep mah, pada ka loear, sapĕrti:

Piet van Dril, sanggeusna ka loear miloe baranggawe mantoean bapana djadi pandaj; oenggal poë beungeutna tjamohok koe mohong bari narik ĕmposan, atawa maloean beusi beunang meuleum;

Jan Vos miloe baranggawe djeung bapana djadi kĕnek toekang tembok. Pagaweanana noe djadi loeloegoe, nga-

PNRI 6p

koetan bata djeung ngadoek, atoeh oenggal poë beungeutna tjamaplak bodas kawas tjareuh boelan;

Matak pisan seuri, lamoen eta doea boedak parĕng papanggih ĕntas baranggawe, kawas beurang djeung peuting bae; tapi eta doea boedak warĕkĕl pisan kana gawena matak njĕnangkeun ka kolot-kolotna.

Ari si Bruin Boon sanggeusna ka loear ti iskola, ngabantoean indoengna dagang lalab roembah ka pilĕmboeran, sabab ngawaroengna geus meh teu lakoe. Manehna saban poë idĕr-idĕran ka oenggal imah nawarkeun daganganana; sabab lamoen teu kitoe, hĕnteu bisa madjoe lantaran indoengna tjerewed teuing. Manehna dipangmeulikeun hidji kalde geus kolot djeung roda paragi dagang ka kampoeng[2]. Tapi si Bruin oge hĕnteu bisa madjoekeun kana daganganana, sabab manehna sok rĕsĕp teuing maen make toempangan, nĕpi ka ladangna saban poë beak, toeroeg[2] rojal kana djadjan noe teu poegoeh. Dĕmi kaldena beuki lila teh beuki bĕgang bae, sabab koerang njatoe, ari digawekeunana saban poë, malah sakapeung mah sok mindĕng mopo, nĕpi ka garĕtihan balas diteunggeulan.

Ari si Dik hĕnteu boga ingĕtan noeroetan bapana djadi toekang kajoe. Mimitina mah manehna oge bingoeng naon anoe koedoe dipigawe, anoe soeroep djeung lĕlĕmboetanana. Lain kana toekang kajoe bae, tapi sagala pagawean di kampoeng eta euweuh hidji anoe soemĕrĕp kana hatena. Lila-lila manehna meunang pagawean anoe tjotjog. Manehna ditjaloekan koe Doktor rek didjieun koesir sabab koesirna gĕring teu bisa madjoe deui. Eta Doktor geus kolot sarta loba pisan langgananana anoe djaraoeh ti imahna, manehna kapaksa koedoe miara koeda djeung kareta, paranti neang anoe gĕring.

Saban isoek Dik koedoe ngabĕrsihan kareta djeung ngagĕbĕg koeda, djeung teu meunang djaoeh ti istal, bisi kapĕrloean djanari tĕngah peuting oelah hase.

Dik aja dasar rĕsĕpan kana koeda euweuh deui gawe ngan ngagĕbĕg koeda bae nĕpi ka boeloena loetjir kawas meunang ngaminjakan, kitoe deui karetana bĕrĕsih pisan

euweuh kotor saeutik-eutik atjan. Sĕlang[2] tina ngagĕbĕg koeda djeung ngosok kareta, manehna sok ngabantoean toean Doktor njieun pel djeung ngarieus poeir atawa njieun inoeman noeroetkeun parentahna toean Doktor.

Manehna katjida pisan wĕkĕlna kana gawe daek sarta radjin djeung oeteukna entjer babari ngaharti, nĕpi ka Doktor oge njaaheun kawas ka anak koekoetan bae. Ngan saroepa pisan adat Dik anoe hĕnteu beunang diwarah teh, nja eta lamoen manehna keur ngoesiran, sok ngadjak ngomong kawawoehanana anoe kapanggih di djalan, malah sakapeung mah nĕpi ka gĕgĕroan. Toean Doktor mindĕng njaram, tapi si Dik tina geus djadi tabeät tea, pek deui pek deui bae. Lmoen manehna ditjaram, salawasna sok ngadjawab kieu: „Mangga moal deui[2]", tapi ari gok mah papanggih djeung kawawoehanana soemawonna djeung sobat-sobatna manehna sok poho, pek deui bae nanja djeung seuseurian.

Dina hidji poë pasosore si Dik ngoesiran kareta, koeda hideung, mawa toean Doktor rek ngalongok anoe gĕring rada djaoeh ti kampoengna. Koeningan dina pakean koeda wani tinggoerilap katodjo koe sorotna pananpoë. Sora pĕtjoet hĕnteu eureun[2] „dor, dar, dor, dar", nĕpi ka manoek[2] dina tatangkalan halibĕr, djeung si Hideung loempatna wani dĕpa bawaning koe tarik. Dik soeka ati nendjo si Hideung sakitoe kĕsitna, nja kitoe deui toean Doktor, sabab manehna oge hĕnteu rĕsĕpeun kana kĕndor, boga rasa sakarĕsĕp djeung koesir.

„Hâjoh Hideung! sing gantjang" tjek si Dik bari ngĕpoekan rambĕtoek koe pĕtjoet anoe rapĕng loehoereun tjeuli koeda. „Sing gantjang soepaja tereh nĕpi. Tingali Doktor! si Hideung loempatna aja gantjang, timbangan abdi hese neangan bandinganana".

„Bĕnĕr gantjang" djawab Doktor. „Samemeh dipiara koe maneh mah loempatna hĕnteu kĕsit kieu, dibere naon Dik njatoena"?

Ari njatoena mah biasa sakapoengkoer bae" tjek Dik. „Ngan ajeuna mindĕng digoemĕl awakna djeung soekoena, dioeroetan make arak".

Doktor: „Tendjo Dik! toeh, di peuntas aja kareta koedana gantjang pisan".

Dik: „Soemoehoen. Titingalan abdi kawas Doktor hewan, katjiri koedana dawoek, anjar keneh kakara beunang meuli. Koe panjariosan, noe matak dibeuli teh, gantjang narikna, tapi si Hideung moal kawon, mangga bae tingali. — Hajoh Hideung gantjangan oelah kapiheulaan si Dawoek."

Doktor: „Tahan saeutik, Dik! berean djalan, toeh! tendjo koesirna ngoelang[2] pětjoet rek ngaliwat dina pengkolan."

Dik: „Gampang, merean djalan, moal ěnja si Hideung kapiheulaan koe si Dawoek, mangga oerang paheula-heula kana pengkolan. — Hajoh Hideung! gantjangan.— Tingali Doktor! maranehna oge narendjo ka oerang kawas ngadjak pagantjang-gantjang.

Doktor: „Běněr Dik ngadjak pagantjang-gantjang; toeh! koedana oge wani děpa. Mangkade eleh Dik!"

Dik: „Eleh, Doktor? si Hideung eleh? mangga ěngke tingali. — Hajoh Hideung sing gantjang."

„Dor, dar, dor, dar", si Dik nabeuh pětjoet, djeung si Hideung loempatna beuki gantjang.

Dik: „Tingali Doktor! si Hideung mah teu kědah dipětjoet, ngadenge sorana oge geus ngartieun jen koedoe gantjang. — Hajoh Hideung gantjangan. Toeh tendjo si Dawoek loempatna gantjang pisan."

Doktor: „Ěnja gantjang Dik, tapi si Hideung rasa[2] kami leuwih gantjang djeung kawas-kawasna heula ŏerang kana pengkolan teh, Dik!"

Dik: „Tangtos heula oerang, mangga bae tingali. — Hajoh Hideung saeutik deui, oelah kapiheulaan kana pengkolon. — Toeh! tingali Doktor! si Dawoek mah geus dirangket, si Hideung mah tatjan ditoël-toël atjan. — Hajoh Hideung gantjangan saeutik deui.

„Dor, dar, dor, dar, si Dik nabeuh pětjoet, tapi katjida ati-atina soepaja hěnteu keuna kana koeda, sabab manehna tara pisan ngarangket koeda, lamoen hěuteu ngadat.

Dik: „Hajoh Hideung, saeutik deui. Tingali Doktor

PNRI

oerang anoe ti heula kana pengkolan. Heurseh! oerang anoe meunang!"

Si Dawoek loempatna wani dĕpa, kesangna ngoetjoer tina mata[3], toeroeg[3] hantĕm dirangketan, tapi dasar gantjang si Hideung, nja kapiheulaan datangna kana pengkolan teh.

Barang Doktor nendjo, jen si Hideung anoe meunang, toeloej manehna njoeplak topi bari ngalĕnggak kana sasarandean.

„Dik!" tjek Doktor, „ĕngke silaing bakal meunang pĕrĕsen, djeung si Hideung koedoe diparaban masing seubeuheun".

Djawab Dik: „Kantĕnan abdi kĕdah dipĕrĕsen, malah ti kapoengkoer abdi hajang dipasihan badjoe tiris".

Tjek Doktor: Heug, ĕngke ari balik oerang meuli".

Teu koengsi lila Doktor geus datang ka imah anoe gĕring tea, toeloej toeroen tina kareta bari ngomong kieu: „Dik! toenggoe di dieu, kami rek ngalongok heula noe gĕring. Si Hideung hade tjoetjoelan bae, sabab kami tangtoe rada lila. Bawa ka noe ioeh toeh! dina djoekoet".

Si Dik toeloej toeroen tina boek, njoetjoelan koeda tina kareta. Barang manehna keur ngadjalan-djalankeun koeda, ti kadjaoehan nendjo si Bruin Boon, batoerna iskola tea, keur noengtoen kalde narik roda. Eta kalde geus mopo, leumpangna oge geus rarampeolan meh teu bisa madjoe, toeroeg[2] keur mopo teh diteunggeulan bari digoesoer; tapi ti bata daek madjoe mah anggoer beuki ngahintoel. Bruin toeloej newak kadalina, digoesoer bari diteunggeulan. Eta kalde teh tjitjing bae, malah soekoena noe hareup doeanana ditodjerkeun, tanda geus ĕmboeng pisan madjoe. Bruin beuki tambah poesingeunana toeloej ngarangketan geus euweuh daratanana toeroeg[2] diseungseurikeun koe si Dik, boga rasa diera-era.

Barang eta doea boedak geus pahareup-hareup si Dik ngomong, pokna: „Wah, logodjo! toekang njiksa sato lamoen silaing ngahantĕm neunggeulan eta kalde, toengtoengna silaing ĕngke dibonggol koe dewek, kaharti? Tjing tendjo koe silaing, eta kalde teh geus teu bisaeun

madjoe djeung awakna wani garĕtihan balas diteuggeulan. Leuwih hade paraban sing seubeuheun, tangtoe moal ripoeheun teuing. Geura tendjo igana wani ragas kawas gambang bae."

Djawab si Bruin: „Rasa[2] dewek lain oeroesan silaing, keur naon miloe tjampoer; ieu mah lain pedah koerang njatoe, ngan bawaning koe ngĕdoel bae".

Dik ngomong deui: „Euweuh taksiran kana seubeuh njatoe teh sakitoe bĕgangna mah, tapi lamoen tjek silaing kitoe, nja pantĕs bae, saroea ngĕdoelna djeung noe boga".

Bruin beuki tambah ambĕkna kana kalde, toeloej digoesoer kadalina, da ari neunggeul mah teu wani, sieuneun koe si Dik, tapi eta kalde tjitjing bae teu daekeun madjoe. Dik beuki rosa njeungseurikeunana, nĕpi ka Bruin beungeutna geuneuk, ambĕk njĕdĕk tanaga miděk. Ti dinja toeloej manehna njorong rodana ti toekang, bari njĕntak: „Hajoh sia ngĕdoel, madjoe!"

Eta kalde ngahintoel bae teu daekeun madjoe.

Lila[2] toean Doktor datang, ditoetoerkeun koe doea lalaki, badegana anoe gĕring tea. Barang Doktor nendjo kana eta kalde, pok ngomong ka eta doea lalaki tea: „Tjing toeloengan, pangnoengtoengkeun sakeudeung."

Eta doea lalaki toeloej ngabantoean si Bruin, noe hidji noengtoen kalde, noe saoerang deui njorong rodana doeaan djeung si Bruin; tapi eta kalde, batan madjoe mah anggoer ngĕdĕprĕk, toeloej ngagoler tĕngah djalan.

„Rasa kami eta kalde teh gĕring" tjek Doktor, „djeung naha aja bĕgang".

„Soemoehoen" djawab si Dik. „Eta kalde seubeuheun koe paneunggeul batan koe parab."

„Moenasabah pisan koesir" tjek djalma[2] anoe narendjo, sabab harita sakoer anoe ngaliwat pada ngarandĕg.

„Bruin!" tjek Dik bari seuri. „Leuwih hade tjoetjoelan bae eta kalde teh sabab timbangan dewek moal bisaeun madjoe deui. Ke koe dewek djeung sarerea dibantoean noempakkeunana kana roda mah, toeloej koe silaing goesoer bawa balik, sabab lamoen teu kitoe, nadjan nĕpi ka boerit oge moal beunang dipaksakeun."

PNRI

Gĕr! djalma² kabeh pada seuri bari ngaromong kieu: „Bĕnĕr kitoe; ajeuna silaing Bruin! koedoe djadi kalde. piligĕnti narik roda. Rĕsĕp geura, kalde toelen digoesoer koe kakaldean."

„Euweuh deui akalna" tjek Dik bari seuri. „Koemaha Bruin, daek?"

„Daek, teu daek oge paksa bae," omong anoe narendjo wani raong, „Eta kalde hĕnteu meunang lila² ngagoler tĕngah djalan. Hajoe batoer² oerang pada ngarĕdjĕng."

„Poegoeh bae" tjek Doktor. „Ngan sakitoe piakaleunana teh. Pek Dik, bantoean sakeudeung, oerang boeroe-boeroe balik."

Sakabeh djĕlĕma anoe aja di dinja pada ngabarantoean, aja anoe ngalaan kadalina, aja noe ngalaan ĕlesna, aja noe moeka lestrengna, sawareh deui njarĕkĕlan rodana, atoeh hĕntĕu sabaraha lilana eta kalde geus ditjoetjoelan. Ti dinja toeloej pada ngagotong bari soesoerakan didĕpakeun dina roda. Djalma² kabeh pada seuri wani sareeleun, soemawonna basa si Bruin djoeng indit mah bari ngagoesoer roda, beuki tambah rame disoerakan djeung diemprakan.

„Salamĕt djalan Bruin!" tjek djalma² bari njaroeplak topi.

„Hadena mah eta koesir teh sina njĕkĕl pĕtjoet," tjek noe saoerang bari seuri.

„Bĕnĕr!" tjek noe saoerang deui. „Tadi dirangketan, ajeuna sina malĕs ngarangket."

„Hajoe Dik!" tjek Doktor bari oenggah kana kareta. „Oerang balik bae geus boerit teuing."

Ti dinja toeloej Dik kana boek sarta tĕroes koedana dipadjoekeun. Manehna ngan loeak-lieuk bae ka toekang nendjoan si Bruin bari seuseurian.

Sadatangna ka imah Doktor, toeloej koedana ditjoetjoelan sarta tĕroes dileupaskeun di tĕgalan. Barang manehna keur dioek dina handapeun tangkal kai sisi djalan gĕde, nendjo pirang-pirang djĕlĕma, ari ditĕgĕs-tĕgĕs, sihoreng tĕh si Bruin keur pada ngaleut-ngaleut koe baroedak kampoeng bari soesoerakan djeung seuseurian.

Nĕpi ka imahna pisan teu eureun-eureun anoe soesoerakan, malah ti batan ngoerangan mah anggoer beuki nambahan. Sapoë harita si Bruin teu bisa ka loear ti imah bawaning koe era, sabab sakampoeng eta mah meh kabeh pada njarahoeun.

XVI.

Dik noeloengan toekang tĕnoeng.

Katjaritakeun si Dik oemoerna geus gĕnĕp bĕlas taoen. Dina hidji poë, keur oesoem tiris, manehna ngaliwat ka imahna nini[2] noe disĕboet toekang tĕnoeng tea. Hoedjan saldjoe euweuh eureunna, nĕpi ka papakeanana djalibroeg, tĕroes ka djĕro-djĕrona. Beungeutna moenggah geuneuk bawaning koe tiris.

„Heh! na aja angin gĕde-gĕde teuing", tjek Dik dina hatena. „Lamoen kaja kieu tangtoe aing kaboeloesan. Ah! leuwih hade aing rek ngioehan bae di imah nini[2] anoe disarĕboet toekang tĕnoeng tea, nĕpi ka raatna hoedjan".

Sanggeus mikir kitoe, toeloej manehna gagantjangan njampeurkeun imah eta nini[2]. Barang nĕpi ka dinja, toeloej manehna asoep.

„Maing! koering rek miloe ngioehan", tjek Dik bari asoep. „leu hoedjan gĕde pisan, inggis kaboeloesan". Nini[2]: „Aeh, karah Dik eta? Ka dieu oedjang asoep. Karoenja teuing. Ka mana Dik! geus lila tĕmĕn teu tembong[2]?"

Dik toeloej dioek dina bangkoe bari njoesoetan beungeut koe sapoetangan.

Dik: „Tara ka mana[2] maing teu sĕmpĕt koe gawe. Ka mana ari Paing?"

Nini[2]: „Euh, Dik! Paing teh ngaringkoek, djadi deui kasakitna. Ti beurang ti peuting teu bisa sare ngan batoek bae. Geura tĕmpo awakna oge koeroe pisan".

Dik: „Geus sabaraha poë Paing teh gĕringna?"

Nini[2]: „Poë isoek djĕdjĕg pisan lima minggoe. Euh, Dik! kieu rasana ari anoe malarat, ngan ngagoegoeloeng

kasoesah bae, indit ti imah, mĕlang ninggalkeun noe gĕring, ari teu balangsiar, moal bisa barang-dahar".

Nini[2] teh ngalieus bari oengsrak-ingsreuk njoesoetan tjimata, malah si Dik oge harita ngalimba bawaning koe watir.

Dik: „Soesah tĕmĕn maing, lamoen kitoe bae mah. Ti mana atoeh nja bisa barang-dahar?"

Nini[2]: „Barang-dahar, Dik? nja saaja-aja beunang djadjaloek bareto bae basa Paing keur tjageur keneh, da ajeuna mah di djĕro lima minggoe teh teu nampa doeit sapeser-goĕng, ngan ngagoegoeloeng anoe gĕring bae".

Dik: „Oelah kitoe, ming! lila[2] mah tangtoe matak djadi leuwih soesah. Oerang teh ihtiar koedoe, ngarawatan noe gĕring mah soemawonna. Lamoen maing teu oesaha, ĕngke Paing paeh kalaparan, lantaran euweuh tĕdaeun".

Nini[2]: „Tangtoe Paing paeh kalaparan, nadjan ĕming oge geus teu ngarĕpkeun pandjang oemoer".

Dik. „Naha atoeh hĕnteu menta toeloeng ka babatoeran di lĕmboer, kapan loba anoe marampoeh, soegan sageuj euweuh ingĕtanana. Sapĕrti di dieu anoe pangbeungharna teh euweuh deui ngan toean Klager, sageuj euweuh timbanganana ka noe sakieu waloeratna".

Nini[2]: „Klager Dik? Lamoen maneh beunghar tjara toean Klager, maing moal era djadjaloek oge, sabab maneh mah karoenjaan ka noe miskin. Ari Klager mah lain pentaaneun, djĕlĕma euweuh timbangan, tara karoenjaan ka noe balangsak; malah tadi oge rĕboen[2] manehaa geus datang ka dieu, rek menta sewaan imah di djĕro lima minggoe.

Tapi ti mana maing bisa majar sakitoe lobana, boro[2] sewaan imah, keur tĕda oge geus potpotan. Maing menta tanpo nĕpi ka tjageur Paing, tapi manehna keukeuh koedoe dibajar ajeuna-ajeuna. Poë isoek, lamoen ĕming hĕnteu bisa majar, koedoe ka loear ti dieu. Euh, Dik! koemaha pĕtana, ĕming mamawa anoe gĕring, djeung ka mana nja los euweuh geusan salindoenganeun. Lieuk deungeun — lieuk deungeun, da poegoeh maing teh djalma

ngoembara. Tiloepoeloeh lima taoen ĕming njitjingan ieu imah, ajeuna koedoe ka loear. Euh harianeun teuing....."

Dik: „Koedoe ka loear ti dieu ming? Harianeun toean Klager, sakitoe beungharna teh masih keneh heroj koe doeit saeutik, padahal sanadjan teu dibajar oge moal matak ngoerangan kana bandana. Katjida teuing eta mah, istoe teu aja rasrasan. Sabaraha ming anoe koedoe dibajar teh?"

Nini²: „Salapan kĕtip dina saminggoena, djadi kabeh opat perak satĕngah. Tapi ĕming teh boro² boga, sakitoe, opat sen sapeser ge teu boga".

Dik: „Heh! ming ieu koering mere, tapi ieu mah lain keur sewaan imah, keur balandja bae, loemajan tambah-tambahaneun. Ari keur sewaan imah mah soegan ke deui, da ajeuma mah teu boga".

Nini²: „Noehoen, Dik! noehoen. Lamoen kabeh djĕlĕma sahate djeung maneh, moal soesah teuing hiroep di alam djoenja teh."

Dik: „Masing sabar bae, oelah aral soebaha kana papasten anoe Agoeng! oerang mah teu boga daja oepaja, koemaha kĕrsana bae, ngan saratna oerang koedoe ihtiar, djeung karidoan hate. Keun bae pĕrkara sewaan mah tong djadi pikir teuing, soegan koering bisa noeloeng. Ajeuna koering rek balik, da hoedjan geus rada raat geuning."

Sanggeus ngomong kitoe, toeloej Dik indit.

Pasosorena, sanggeus beres pagaweanana, toeloej Dik manggihan Piet van Dril sobatna tea, anoe miloe barang gawe djeung bapana kana mandaj. Barang geus amprok toeloej ngaromong.

Piet: „Begea euj! ti mana geus houbeul teuing?"

Dik: „Poegoeh dewek teh teu bisa pisan liar euj! noe matak langka papanggih teh."

Piet: „Ari ajeuna rek ka mana?"

Dik: „Sangadja ka dieu bae rek manggihan silaing, doemeh aja noe pĕrloe. Kieu Piet, geura dengekeun. Noe matak dewek ajeuna datang rek menta toeloeng ka

silaing teh tapi poma oelah loba omong, sabab rasiah. Dewek pĕrloe make koeloewoeng beusi atawa seng anoe ngĕloek dina toengtoengna. Koemaha silaing boga? Lamoen boga, dewek ngindjeum sakeudeung ĕngke oge dipoelangkeun deui."

Piet: „Koemaha euj, koeloewoeng hawoe, paranti djalan haseup, kira-kirana kapake? Anoe kitoe mah aja djeung kabĕnĕran make bengkok dina toengtoengna. Keur naon euj koeloewoeng? Tjek silaing rasiah."

Dik: „Pikeun anoe sedjen bĕnĕr rasiah, tapi ari ka silaing mah moal dirasiah, soemawonna ĕngke silaing, lamoen sĕmpĕt, koedoe miloe".

Piet: „Soekoer ari kitoe mah. Rek dipake naon atoeh, tjing dewek bedjaan heula."

Dik: „Silaing ingĕt keneh meureun nini² anoe disĕboet toekang tĕnoeng tea, nja?"

Piet: „Poegoeh bae ingĕt mah, nini² anoe bareto rek disingsieunan tea? Poegoeh ingĕt keneh mah, malah dewek mindĕng pisan ngadenge omongan di kampoeng, njaritakeun kasaktianana eta nini². Tapi dewek mah hĕnteu pĕrtjaja, sabab lamoen ĕnja eta nini² djadi toekang tĕnoeng, moal ĕnja sakitoe sangsarana; eta mah istoe omongan boehoen bae, anoe teu beunang dipĕrtjaja".

Dik: „Tah! nja eta nini² anoe bareto tea. Ĕngke peuting kira poekoel sabĕlas dewek rek mĕtjak² njingsieunan anoe borangan, anoe masih keneh pĕrtjaja kana patĕnoengan. Karoenja pisan euj! ajeuna eta nini² teh keur kasoesahan deui lantaran salakina gĕring pajah, katoeroeg-toeroeg keur oesoem tiris. Silaing njaho sorangan kawaloeratanana djalma miskin dina oesoem kieu. Pangsoesah-soesahna euj! ditagih sewaan imah koe si ngopet toean Klager, malah lamoen hĕnteu bisa majar poĕ² ieu, isoekan manehna koedoe ka loear ti dinja. Tjoba pikir koe silaing Piet! dina moesim tiris koedoe ka loear ti imah, soerak-serok di emper batoer, djeung mamawa anoe gĕring, sakoemaha piwaloerateunana, estoe teu aja rasrasan, eta mah".

Piet: „Nja eta euj ari anoe beunghar mah sok koret djeung tara aja timbangan, padahal di kampoeng ieu beunang disĕboet pangbeungharna, nĕpi ka tega ngoesir djalma anoe sakitoe waloeratna, rek sina paraeh tĕngah djalan. Katjida teuing Klager mah".

Dik: „Bĕnĕr Piet kitoe. Handjakal oerang bae teu beunghar tjara manehna, meureun aja kahawatir ka noe miskin. Tapi rasa² dewek moal toeloes ngoesirna teh, asal kaboeroe disingsieunan bae. Dewek njaho pisan jen Klager teh djalma borangan soemawonna ti peuting mah djeung masih keneh pĕrtjaja kana patĕnoengan. Maksoed dewek ĕngke peuting rek disingsieunan soepaja oelah toeloes ngoesirna eta nini² karoenja".

Piet: „Koemaha silaing njingsieunanana sangkan hĕnteu katara?"

Dik: „Ĕngke peuting dewek rek njĕta-njĕta toekang tĕnoeng, tapi silaing koedoe miloe. Koemaha daek?"

Piet: „Ka mana-mana oge dewek miloe ari djeung silaing mah. Koemaha ari si Jan moal diadjak"?

Dik: „Montong djaoeh teuing, djeung bedjana rada gĕring. Heug atoeh dewek rek balik,- ĕngke bae oerang tĕpoengan deui, nja!"

Sanggeus ngomong kitoe, toeloej Dik balik.

Ari eta toean Klager tea baretona djadi toekang tani, djĕgoed pisan, lĕga sawahna, baloentjir leuitna, rĕndang koeda sapina djeung aloes imah tanggana, tapi sanggeus maot pamadjikanana, meh kabeh radja-kajana didjoeal. Manehna tjitjingna di imah lĕmboet, sakatoehoeeun garedja, sa kentjaeun goedang pare, djeung rada djaoeh ka tatangga. Manehna ngampihan pirang² doeit ladang babandaanana tea, tapi tina geus aja dasar ngopet, sakitoe beungharna teh ĕmboeng miara badega, nĕpi ka sasapoe djeung olah ge koe maneh bae. Pĕti beusi wadah doeit salawasna diteundeunna teh handapeun tĕmpat tidoerna, nja eta anoe koe manehna dipoesti-poesti didjieun sapĕrti kana djimat bae. Oenggal peuting, lamoen geus mageuhan panto djeung djandela, koe manehna sok dibilang, bangoen anoe rĕsĕp pisan. Kitoe deui peuting harita, waktoe

PNRI 6p

disingsieunan koe Dik djeung Piet, manehna keur sidoeroe hareupeun hawoe bari milang doeit.

„Nja geus loba ieu doeit aing teh." tjek Klager dina hatena. „Oenggal taoen beuki nambahan bae. Tapi nini[2] goreng patoet, wani[2] rek ngadjěbloeg sewaan imah, ati-ati moal ěnja diantěp, kadjeun modar těngah djalan, isoekan tangtoe dioesir ti dinja. Teu soedi aing diheureujkeun koe djalma pangkat kitoe. Tjoba lamoen manehna teu majar sewaan di djěro lima minggoe, lima kali salapan kětip, djadi opatpoeloeh lima kětip, atawa opat ratoes limapoeloeh sen, atawa salapan ratoes peser, lain saeutik-eutik doeit eta mah, salapan ratoes peser, make rek di-djěbloeg. Ka Klager wani[2] njieun pěta kitoe? Isoek manehna dioesir djeung bandana disita, kadjeun modar kalaparan, aing teu rek nimbang deui. Koedoe dibajar, sapeser oge teu meunang koerang. Djeung naha ěnja kitoe eta nini[2] teh toekang těnoeng? Hiiiih! lamoen ěnja teh matak sieun. Sakapeung mah manehna sok měntjrong kana beungeut kawas noe rek ngahakan bae. Hiiiih! sieun těměn lamoen manehna ajeuna datang ka dieu, djalan tina lawang haseup, tangtoe aing kapaehan. Tapi bodo pisan lamoen aing salawasna mikir kitoe, sieun koe noe teu poegoeh boektina. Eta mah omongan barohong bae. Saha djělěmana anoe pěrtjaja ka toekang těnoeng? Tapi lamoen dipikir leuwih djěro, sageuj aja tjarita, lamoen euweuh boektina, tjek paribasa tea mah „moal aja boeah, lamoen euweuh kěmbang" „aja haseup, tangtoe aja seuneu". Baheula aing keur boedak sok minděng nga-denge kolot[2] anoe njaritakeun toekang těnoeng, hidji tanda geus aja ti babaheulana; naha aing teu pěrtjaja? Hiiiih! pikeun aing sorangan pěrtjaja djeung salawasna aing sieun koe kasaktianana, sabab lamoen baheula běněr[2] aja toekang těnoeng, tangtoe ajeuna oge aja toeroenanana. Tjoba lamoen ajeuna eta toekang těnoeng hiběr toempak gagang sapoe těroes asoep ka dieu, hiiiih! gila těměn. Ka mana aing nja njoempoet, ka mana[2] oge tangtoe kapanggih".

Sabot manehna keur lalamoenan kitoe, nendjo seuneu

PNRI 6p

dina hawoe babaranjajan djeung tinggarĕbos, hoeroengna sĕmoe koneng tjampoer hedjo. Manehna kaget dina hatena tina hĕnteu biasa tea, ngagĕtĕr djeung kĕkĕtoegan, sieun tapi teu kaharti, naon sababna noe matak seuneu djadi kitoe, toeroeg[2] manehna ngadenge sora di awang-awang anoe sakitoe matak keueungna djeung matak sieunna, nĕpi ka manehna ngadegdeg kawas anoe keur nirisan bae.

„Tobat, Goesti!" tjek Klager dina hatena. „Tah geuning toekang tĕnoeng teh datang. Ka mana aing nja njoempoet?"

Manehna ngadenge deui sora di awang[2] teh beuki ngadeukeutan, ngĕlĕwoeng dina liang haseup djeung aja noe ngagĕdor kana panto toekang. Klager beuki tambah sieun djeung geus teu poegoeh tjagap; manehna nendjo seuneu hoeroeng ngagoedag-goedag djeung peperepetan.

„Tobat, toekang tĕnoeng! tobat tjek Klager bari tĕpak dĕkoe djeung tatanggahan.

„Klager!" tjek sora di awang[2]. „Klager! Ieu aing toekang tĕnoeng datang. Toekang tĕnoeng, anoe rek nĕnoeng maneh, — toekang tĕnoeng, anoe rek dioesir koe maneh tea, doemeh teu bisa majar sewaan imah. Samemeh aing njingkir ti imah maneh, aing hajang nĕnoeng heula maneh, rek didjieun sedjen roepa. Ditĕnoeng maneh teh Klager! tangtoe pisan ditĕnoeng, moal meunang ĕmboeng".

Eta sora kadengena koe Klager tetela pisan sora awe-we geus kolot, hatena geus teu sak deui toekang tĕnoeng tea, toeroeg[2] seuneu hoeroengna beuki ngagĕdean, roepana hedjo djeung koneng sarta aja noe tingbaranjaj.

„Tobat, toekang tĕnoeng! tobat. Andjeun moal toeloes dioesir ti dinja teh, masing saoemoer hiroep oge mangga djeung teu koedoe majar sewaan. Hanas hoetang andjeun anoe ka toekang, keun bae tong dibajar, kaoela sĕdja siděkah bae, asal andjeun oelah deukeut[2] ka dieu. Tobat, kaoela soempah, jen moal ngoesir djeung soempah moal pisan[2] rek ngaganggoe."

„Klager!" ieu aing toekang tĕnoeng keur ngalajang di langit toempak gagang sapoe, arek asoep ka imah maneh,

PNRI 6p

arek nĕnoeng maneh kana sedjen roepa, djeung rek ngabasmi banda maneh. Hi! hi! hi! hi! hi!

Teu Koengsi lila panto toekang teh ngagĕbroeg deui kawas aja anoe asoep, atoeh manehna teh beuki ngahodhod bae bawaning koe sieun. Manehna toeloej ngomong deui bari ngatjoengkeun leungeun doeanana kieu pokna:

„Moega agoeng nja hampoera bae, kaoela geus roemaos gĕde dosa ka andjeun teh, tapi ti sĕmĕt ajeuna ka hareup, kaoela soempah, moal deui [2] ngaganggoe djeung naon pangaboetoeh andjeun, asal nitahan bae, moal datang ka diloepoetan, naon bae, sanadjan menta doeit oge tangtoe dihatoeranan. Ngan panoehoen, andjeun oelah deukeut [2] ka dieu, kaoela sieun".

Sora di langit kadengena beuki tarik bae, panto toekang gĕbrag-gĕbroeg, djeung seuneu dina hawoe hoeroengna ngagĕdean djeung peperepetan.

Barang manehna keur ngawas [2] kana seuneu, ret nendjo saroepa boboko ngagantoeng loehoereun seuneu. Teu koengsi lila manehna ngadenge deui sora tina lawang haseup kieu pokna: „Doeit! doeit! aing menta doeit. Lamoen maneh teu mere doeit, ajeuna tangtoe koe aing ditĕnoeng. Geuwat aing menta doeit, sok geura teundeun kana ieu boboko. Doeit! doeit! doeit! geuwat! geuwat! hi. hi. hi. hi."

„Mangga-mangga, asal andjeun kĕrsa ngahampoera bae. Mangga doeit oge mangga".

„Geura sok teundeun kana ieu boboko masing loba, aing hajang njaho doeitna djĕlĕma ngopet, toekang njeuseup gĕtih sasama mahloek, atawa maneh hajang ditĕnoeng didjieun kalong?"

„Tobat, moegi aja timbangan kaoela oelah didamĕl kalong." Geuwat manehna ngarawoe doeit perak di teundeun kana boboko.

„Atawa maneh hajang di tĕnoeng kana boeeuk, anoe sok hibĕr ti peuting?"

„Adoeh, tobat" djawab Klager. „Tobat, oelah didamĕl boeeuk, toekang tĕnoeng anoe bageur, anoe gĕde timbangan".— Gantjang manehna ngarawoe deui doeit saba-

PNRI

baraha perak sarta sok diteundeun kana boboko. „Doeka kaoela mah, doeka didaměl boeeuk".

„Atawa didjieun oraj anoe sok njatoe bangsa sasatoan, atawa didjieun naga anoe toedjoeh hoeloena. Tah! běnĕr maneh teh koedoe didjieun naga bae teu meunang ĕmboeng.— Dengekeun Klager! ajeuna aing rek asoep ka djĕro, rek nĕnoeng maneh kana naga djeung rek menta doeit maneh, beunang maneh ngalitjikan ti sasama manoesa,- doeit anoe diampihan koe maneh beunang tina lampah teu sampoerna."

„Tobat!" djawab Klager. „Oelah asoep, oelah asoep. leu doeit teh parantos diteundeun kana boboko, bisi koerang keneh, mangga ditambahan deui. Toeloej manehna ngarawoe deui tĕroes diteundeun kana boboko tea, wani meh pinoeh.

Ti dinja toeloej manehna asoep ka kolong randjang, ngadapang bari ngeukeupan pĕti beusi. Hatena geus asa djol asa djol bae datang nini² teh, tapi ari didenge-denge beuki lila beuki djĕmpe djeung teu bagbrigbroeg teuing kana panto; seuneu dina hawoe beuki ngaleutikan bae, toengtoengna pareum pisan.

Barang geus rada lila, toeloej manehna nĕmpo ti kolong randjang bari ngadedengekeun. Ari geus totela toekang tĕnoeng teh euweuh, manehna toeloej alak-ilik bisi aja anoe katĕnoeng, djeung toeloej ngeunteung rek njidikkeun roepana pribadi bisi didjieun naga tea. Barang geus kadeuleu jen hĕnteu barobah, toeloej manehna tapak-dĕkoe bari ngatjoengkeun leungeun, pok ngomong kieu: „Noehoen toekang tĕnoeng, anoe bageur, anoe sakti, andjeun geus ngahampoera ka kaoela, hĕnteu nĕnoeng kana naga; ari pĕrkara imah, kaoela soempah, jen moal ngoesir, sanadjan saoemoer hiroep oge moal pisan ganggoe, djeung teu koedoe mere sewaan.

Sanggeus ngomong kitoe toeloej manehna njokot pĕti doeit sarta toeroebna diboeka. Manehna kaget, nendjo doeitna rada orot, sabab tadi mah satĕngah teu ingĕt geus poho di kanjaah bawaning koe sieun. Manehna ngomong di djĕro hatena: „Saha anoe ngomong jen

PNRI 6p

euweuh toekang tĕnoeng? djeung saha noe teu pĕrtjaja ka toekang tĕnoeng? Ajeuna aing sorangan geus ngarasa ngomong patembalan djeung toekang tĕnoeng, ngan teu nendjo roepana, tapi balikanan aing nendjo, boa teuing aing ditĕnoeng didjieun naga atawa boeeuk, atawa kalong, hiiiih. Pĕrkara doeit, sakitoe mah teu djadi naon, sabab djadi pameulina teu ditĕnoeng tea. Tjoba lamoen aing teu boga doeit, hiiiiih! bahla gĕde, tangtoe aing ditĕnoeng diroepakeun sato hewan, nja bĕnĕr banda teh djadi tatalang raga".

Ti dinja toeloej pĕti beusi teh dikoentji deui, ari manehna toeloej ngĕdĕng, tapi sapeuting harita manehna teu bisa sare ngan njileuk bae mikiran nini² tea.....

Lamoen manehna njahoeun jen anoe njingsieunan teh Dik djeung Piet van Dril, tangtoe manehna moal gampang² njieun karoegian sakitoe gĕdena, mikeun doeit teu poegoeh² anoe sakitoe koe manehna dipoesti-poestina, kawas kana djimat bae.

Neut hoedang isoek², toeloej manehna nendjoan hawoe, hajang njidikkeun naon anoe ti peuting peperepetan dina seuneu teh djeung seuneu hoeroengna sĕmoe koneng tjampoer hedjo, tapi walirang djeung pĕdĕs anoe koe Dik diawoerkeun ti loehoer tina lawang haseup teh geus euweuh roehak-roehakna atjan.

Katjarita nini² anoe disĕboet toekang tĕnoeng tea, isoek² hoedang, nendjo dina medja handapeun djandela aja hidji kandjoet, ari diboeka pinoeh koe doeit perak tjampoer oekon, sarta aja hidji soerat kieu oenina: „leu doeit kabeh hadiah [pamere] toean Klager ka nini² toekang tĕnoeng anoe njewa imahna, djeung saoemoer hiroepna hade tjitjing di dinja teu koedoe mere sewaan".

Eta nini² tjeurik bari matja eta soerat tina bawaning koe atoh tjampoer nalangsa; sanggeus tamat matjana, toeloej tapak dĕkoe, moedji soekoer ka Noe Maha Agoeng djeung ka toean Klager tina kamoerahanana.

XVII

Lamoen keur prihatin, biasana sok dipoeoek koe kasoesah.

Gĕnĕp taoen Dik koemawoelana ka toean Doktor teu aja katjawadna, malah salawasna dipake kanjaah tina kasoehoedanana.

Dina hidji peuting manehna digeuingkeun, koedoe masang kareta. Pangira manehna tjara biasa bae rek dipake koe doenoenganana diala koe noe gĕring. Teu koengsi lila kareta teh geus sadia sarta geus dibawa ka boeroean hareup. Barang manehna keur noenggoe[2] toean Doktor, djol datang baboe, ngomong bari tjeurik, pokna: „Dik! maneh geus sadia? Ajeuna boeroe[2] masing gantjang, maneh koedoe neang Doktor ka dajeuh. Adoeh, tjilaka Dik!"

„Naon?" djawab Dik. „Neang Doktor ka dajeuh? Naha djoeragan teu bisa indit koe andjeun?"

Baboe: „Lain kitoe Dik! boeroe[2] bae maneh geura indit, oelah talangke".

Dik: „Naha aja naon baboe? djeung naha maneh ngomong teh bari riwih-rawah tjeurik?"

Baboe: „Adoeh, Dik! tjilaka. Toean Dokter Dik!"

Dik: „Heueuh, na koe naon toean Doktor teh? tjing masing telela ngomong teh atoeh".

Baboe: „Teu damang, bieu pisan ngadadak".

Dik: „Naon? djoeragan teu damang ngadadak?"

Baboe: „Heueuh, Dik! ajeuna oge ngalĕmpreh bae teu emoet[2]. Boeroe[2] teang Doktor Marling, masing kabawa".

Gantjang Dik mĕtjoet koeda sarta tĕroes diloempatkeun tarik pisan. Teu koengsi lila manehna geus datang ka imahna Doktor Marling, sarta tĕroes ngĕtrokan kana panto.

„Saha eta di loear?" tjek baboe Doktor Marling ti djĕro imah.

„Koering" djawab Dik.

Baboe: „Koering saha? Sada sora si Dik?"

Dik: „Ẽnja koering Dik. Geuwat boeka panto".

Baboe bari moekakeun panto: „Aja naon Dik! peuting[2]?"

Dik: „Doktor Marling aja? Lamoen aja geuwat tanghikeun, ajeuna pisan koedoe kabawa koe koering, sabab djoeragan ajeuna teu damang walĕs pisan".

Baboe: „Dagoan sakeudeung, ke kami rek nanghikeun toean Doktor".

Hĕnteu sabaraha lilana Doktor Marling geus ka loear sarta geus dangdan, tjlak kana kareta bari ngomong: „Hajoh, koesir masing gantjang".

Djawab Dik: „Mangga. Kantĕnan bae boedjĕng[2] mah, margi abdi ge hawatos ka djoeragan".

Doktor: „Koe maha kasawatna, basa maneh indit?"

Dik: „walĕs pisan, malah geus teu emoet[2] atjan".

Doktor: „Naon kasawatna djoeragan maneh teh?"

Dik: „Sanggĕm baboe mah beroerte (ngadadak)".

Doktor: „Naon, koesir? beroerte? atoeh matak salĕmpang kasakit eta mah".

Teu koengsi lila Doktor Marling geus datang ka imah doenoengan Dik sarta tĕroes asoep ka djĕro; ari Dik sanggeus merenkeun koeda djeung kareta, toeloej ka kamar obat noenggoe[2] bedja hal kasakit doenoenganana. Sapeuting harita manehna teu bisa sare; ari isoek[2] ngadenge raong anoe tjeurik, sabab toean Doktor nĕpi ka adjalna.

Heuleut tiloe poë Dik panoengtoengan narik doenoenganana, tapi harita mah ngoesiran djeung kasĕdihan, sabab mawa majit toean Doktor ka Kĕbondjae.

Koe lantaran maot doenoenganana. Dik ngaligeuh teu boga pagawean, sabab Doktor anjar teu miara koeda kareta, djadi manehna kapaksa koedoe neangan pagawean ka noe sedjen, tapi wĕleh teu manggih, doemadakan euweuh lowongan.

Diña hidji poë manehna oelin ka lĕmboer rek manggihan sobat-sobatna; doemadakan ngaliwat kana pagawean bapana, toeloej njampeurkeun rek nendjokeun anoe barang gawe. Barang manehna keur nangtoeng, ngadenge mandor

koeli ngomong kieu: „Koeli! eta toelak moal koeat, lamoen aja angin gĕde teh tangtoe roentoeh. Boeroe[2] toendjal deui, tapi koe doeaan oge beunang dipigawe, koe Trom djeung Bakker, ari anoe sedjen ka dieu mariloe, di goedang aja deui pigaweeun".

Dĕmi eta anoe keur diparigawe teh hidji gĕdong geus boeroek, diomean tembokanana, diganti koe noe weuteuh, ari ka loehoerna hĕnteu dirakrak ngan di toendjal bae koe kai.

Barang Trom djeung Bakker geus pada naringgalkeun, ngan gĕbroeg bae imah teh roentoeh. Sakabeh djalma, bawaning koe reuwas, sadjongdjongan mah harookeun bae, lain boeroe[2] naroeloengan anoe tjilaka. Dik gĕgĕroan pokna: „Toeloeng! toeloeng! bapa koering ka tinggang!"

Kakara djalma[2] teh riab maroro kana kabahlaan tea. Boeboek kĕnteng djeung bata, geuwat pada ngoedjalan, nja kitoe deui dangdanan bangsa kai djeung beusi. Lila pisan anoe katinggang teh pada nareanganana tapi wĕlĕh tatjan kapanggih. Djalma ratoes[2] daratang ti oenggal lĕmboer, nja kitoe deui indoeng si Dik harita datang bari tjeurik. Manehna nanja ka anakna: „Koemaha Dik! bapa teh tatjan kapanggih?"

„Tatjan ĕma" djawab Dik.

„Hajoh atoeh boeroe[2], soegan bae hiroep keneh."

Dik popohoan pisan barang gawena tina hajang geura kapanggih. Barang geus rada orot, beh eta doea djalma teh kapanggih geus ngagoler teu ĕmpĕs[2], kawas anoe geus hos bae; tapi sanggeus soengoetna dikĕtjlakan tjai sarta ngambeu hawa loear, doeanana tingarĕmpes, lila[2] toeloej bareunta. Bakker soekoena potong djeung raheut dina sirahna katinggang tembokan, ari Trom katotog dadana koe balok pangĕrĕt. Ngamběkanana eungap djeung rasana njĕri. Harita keneh toeloej digotong ka imahna sarta dioebaran koe Doktor. Dik djeung indoengna hĕnteu djaraoeh ngamoemoele anoe gĕring djeung bisi aja parentahna toean Doktor.

Dina pidji poĕ indoeng Dik nanja ka Doktor, pokna: „Koe maha kasakit salaki koering teh sĕnang?"

PNRI

Djawab Doktor: „Timbangan kami moal ari matak paeh mah, ngan salaki maneh tangtoe moal djagdjag deui tjara ka toekang."

Sakoemaha omongan toean Doktor bĕnĕr pisan, eta Trom sababaraha boelan ngagoler di ĕnggon teu bisa ka loear, sabab kadjadianana panjakitna teh eungap djeung batoek rosa pisan. Ari Bakker mah ngan oekoer tiloe boelan geus bisa deui baranggawe.

Katjida pisan djadi kasoesahanana ka Dik djeung indoengna lantaran Trom teu bisa baranggawe teh, sabab teu boga kahiroepan anoe tangtoe, toengtoengna kapaksa koedoe djoedjoealan sabanda-banda noe aja di imah, nĕpi ka djadi djĕlĕma malarat pisan. Ari Dik, sakitoe oenggal poë neangan pagawean, doemadakan teu manggih keneh bae....

XVIII

Toetoepna tjarita.

Dina hidji poë, isoek[2] Dik hoedang, sanggeus dangdan toeloej indit, karĕpna rek manggihan sobatna, Piet van Dril tea. Piet kageteun pisan nendjo Dik rĕboen[2] geus datang djeung bangoen soesah, toeloej manehna nanja, pokna: „Koe maha euj! bapa teh tjageur? djeung rek ka mana silaing rĕboen[2] geus loenta ti imah?"

Djawab Dik: „Noe matak, euj! kitoe keneh bae. Ajeuna dewek datang ka dieu rek ngindjeum doeit soegan silaing boga".

„Ngindjeum doeit?" tjek Piet bari mĕntjrong kana beungeutna, „Sabaraha euj!"

Lima kĕtip, ke ari dewek geus meunang pagawean. dipoelangkeun deui". djawab Dik.

„Ah, teu koedoe moelangkeun sakitoe mah, mere bae. Heh 'ieu Dik"!

Sanggeus Dik nampa doeit ti Piet, toeloej manehna ka toekang roti, mĕsĕn anoe anjar doea siki sarta menta dikirimkeun 'ka imahna. Ti dinja manehna indit deui

rek manggihan indoengna si Bruin di waroeng. Barang datang ka dinja, toeloej manehna ngomong, kieu pokna: „Poentĕn, ĕma aja tjalik?"

Toekang-waroeng: „Aja, ka dieu bae asoep ka djĕro, di dinja mah tiris."

„Saha eta teh?"

Dik toeloej asoep ka djĕro.

Toekang waroeng: „Aeh, karah teh Dik. Rek naon Dik tara[2] ti sasari datang ka dieu?"

Dik: „Lamoen ĕma aja tempo, koering rek njarita rada pandjang".

Toekang waroeng: „Poegoeh bae aja mah. Ka dieu atoeh, di dieu dioek".

Dik: „Koering meunang bedja, jen ĕma rek pindah ka dajeuh, naha jaktos?"

Toekang waroeng: „Bĕnĕr Dik! tapi lamoen geus lakoe heula babandaan anoe hĕnteu pĕrloe dibawa, sabab ridoe, ari ditinggalkeun lĕbar".

Dik: „Tangtoe ĕma. Nja eta noe matak koering ajeuna datang oge rek ngabadamikeun pĕrkara barang[2] parabot dagang. Ieu waroeng ĕma njewa ti toekang panggilingan nja?"

Toekang waroeng: „Heueuh, contrakna 3 taoen deui tapi ĕma meunang masrahkeun ka noe sedjen, lamoen ĕma geus teu bĕtah di dieu."

Dik: „Pĕrkara toekang panggilingan sobat koering, moal aja halanganana. Koe maha ari parabot dagang kabeh anoe ĕma?"

Toekang waroeng: „Kabeh anoe ĕma, tjek paribasa batok kohok, djaroem sapotong oge lain anoe batoer".

Dik: „Eta kabeh koe ĕma rek didjoeal, nja?"

Toekang waroeng: „Rek didjoeal, tapi hajang lakoe tiloeratoes roepia sarta kontan."

Dik: „Lamoen parĕng koe koering rek dibeuli, tapi ari tiloeratoes mah mahal teuing, sabab ieu waroeng geus teu boga langganan, teu tjara katoekang-toekang. Nja ari saparona mah teu woedoe bae, tapi koering menta tempo tiloe poë, djadi teu djadi di djĕro tiloe poë koering mere deui bedja".

Toekang waroeng: „Pĕrkara tempo tiloe poë teu aja halangan, ngan panawar maneh moerah teuing. Tjoba bae koe maneh ilikan Dik! djeung taksir pihargaeunana, rasa ĕma mah tiloe ratoes oge moerah keneh. Bĕnĕr tjek-maneh, ieu waroeng geus teu boga langganan tapi soegan ari ganti anoe bogana mah sageuj teu madjoe deui. Lamoen ĕma teu rek kawin ka oerang dajeuh mah moal didjoeal sakitoe teh".

Dik djeung toekang waroeng toeloej nendjoan barang[2] noe rek didjoeal tea sarta hidji-hidjina ditoeliskeun. Lila[2] geus rĕmpoeg, hargana doearatoes roepia.

Toekang waroeng: „Tapi sing ingĕt Dik! oelah ngandjoek, koedoe kontan ieu teh, sabab ĕma pĕrloe make doeit ajeuna[2]."

Dik: „Poegoeh bae kontan mah, tapi rek mikir[2] heula di djĕro tiloe poë".

Sanggeus badami kitoe, toeloej Dik indit. Manehna tĕroes ngadeuheusan ka Burgemeester. Barang datang ka dinja, toeloej asoep ka djĕro.

Burgemeester: „Bagea Dik! koe geus heubeul teu tembong-tembong. Ka dieu sing deukeut, aja pibedjaeun naon tara[2] ti sasari".

Dik: „Noehoen. Noe mawi abdi ngadeuheus, wireh ngoeping tjarios, jen ajeuna Pamarentah keur ngilari baroedak ngora bade didamel soldadoe, kintoenkeuneun ka Soeriname, koe margi di ditoe ajeuna keur oesoem hoeroe hara. Oepami jaktos kitoe, abdi bade njoehoenkeun, katangtosanana".

Burgemeester: „Bĕnĕr Dik, ajeuna di Soeriname keur hoeroe-hara gĕde pisan, oerang priboemi ngalawan ka Pamarentah, pĕrloe di djaga sarta ditĕmpoeh nĕpi ka taloekna. Pamarentah pĕrloe nganggo baroedak ngora sarta anoe djaragdjag pikeun soldadoe. Naha Dik! maneh nanja kitoe. Naha maneh hajang djadi soldadoe?"

Dik: „Manawi kalĕrĕsan mah maksad pisan; sabaraha dipaparinna pĕrsĕkot?".

Burgemeester: „Opat ratoes roepia, kontrakna tiloe taoen. Sabaraha oemoer maneh Dik?"

Dik: „Dalapanbĕlas taoen sarĕng teu ngaraos gĕringan".

Burgemeester: „Dalapanbĕlas taoen, Dik? Sĕdĕng pisan. Tapi pikeun kami hĕnteu ngarĕmpoegan maneh ka Soeriname teh Dik! sabab koe hawana oge moal koeat. Geus pirang² anoe paraeh katĕrap moeriang koneng, lantaran ngaroemas hawa, toeroeg-toeroeg keur hoeroe-hara, tangtoe maneh koedoe miloe pĕrang".

Dik: „Soemoehoen timbalan abdi oge parantos ngoeping, tapi dalah dikoemaha, da abdi geus teu tiasa ngilari deui djalan sanes. Ka saha abdi nja kĕdah oendjoekan?"

Burgemeester: „Ka oenggal tangsi bae di dajeuh, tangtoe maneh di tampa. Djadi keukeuh maneh teh Dik? rek ka Soeriname?"

Dik: „Soemoehoen timbalan, margi kapaksa koe kapĕrloean. Ajeuna abdi bade mios, njoehoenkeun bĕrkah pangdoe'a gamparan".

Burgemeester: „Heug, Dik! didoe'akeun koe kami sing salamĕt".

Ti dinja toeloej Dik balik ka imahna, kasampak indoeng bapana keur dalahar roti, beunang meuli Dik tea, toeloej manehna oge miloe dahar.

Indoengna nanja, pokna: „Ti mana Dik! maneh boga doeit, bisa meuli roti?"

Djawab Dik: „Beunang ngindjeum ma".

Tjek indoengna: „Beunang ngindjeum Dik? Ti mana oerang pibisaeun majar, kapan oerang teh sapeser oge teu boga".

Djawab Dik: „Bĕnĕr ma, nja kitoe pisan, tapi oelah salĕmpang, doea-tiloe poĕ deui oerang bakal djadi toekang waroeng. Bieu koering ĕntas badami djeung indoeng si Bruin baris meuli daganganana katoet djeung parabotna, doearatoes roepia".

Indoengna kaget ngadenge tjarita anakna kitoe, beak teu ngarti, ti mana pimajareunana, malah boga sangka goreng, jen anakna rada owah ngatjambling ngomong teu poegoeh, toeloej ngomong deui bari tjeurik, kieu

pokna: „Dik! maneh teh sasar atawa goendam, bět njarita noe lain[2]? Ti mana oerang boga doeit, boro[2] doearatoes roepia sapeser dibeulah toedjoeh oge teu boga".

Djawab anakna: „Ěngke koe koering ditjaritakeun ma! Ajeuna koering rek nanja heula, koe maha ěma rěnpoeg lamoen eta waroeng dibeuli?"

Tjek indoengna: „Poegoeh bae Dik! rěmpoeg mah. Rěsěp těměn djadi toekang waroeng, ěma dagang di imah bari ngarawatan bapa, ari maneh ngiděr ka pilěmboeran dagang djeung neangan langganan. Baretona mah eta waroeng teh lakoe pisan djeung loba langgananana, tapi lantaran ěma si Bruin djalma tjerewed, haseum boedi djeung soegal ari ngomong, beuki lila beuki moendoer něpi ka langgananana kabeh areureun, noe meuli teu pati loba. Soegan ěngke mah lamoen geus ditjěkěl koe oerang, sageuj teu lakoe deui. Euh Dik! pisakoemahaeun teuing rěsěpna lamoen oerang bisa meuli eta waroeng, ěnja leutik tea mah, tapi tjoekoep pisan pikeun kahiroepan oerang tiloean teh, ngan ti mana oerang bisa meunang doeit sakitoe lobana?"

„Kieu, ma!" djawab anakna, „Koering bisa ngajakeun doeit sakitoe".

„Ti mana, Dik?" tjek indoengna bari ngadeukeutan. „Ti mana maneh bisa ngajakeun doeit sakitoe lobana? Tjing geura tjaritakeun, ěma hajang ngadenge".

Dik měntjrong bae kann beungeut indoengna, sabab manehna boga rasa jen moal karěmpoegan. Manehna ngahoeleng bae hěnteu nembalan.

Indoengna nanja deui pokna: „Ti mana Dik! ti mana? ěma hajang geura njaho".

„Geura pok bae Dik, bedjakeun", tjek bapana. „Bapa oge hajang geura ngadenge".

„Kieu ma!" djawab anakna, „ka Soeriname"....

Indoengna ngan gabroeg bae ngarontok ka Dik bari ngagalemoh njioeman.

„Dik!" tjek indoengna bari tjeurik. „Maneh teh rek ninggalkeun ěma djeung bapa, anoe sakieu keur dipoeoekna

koe kasoesah? Naha maneh hĕnteu roemasa, jen dipikanjaah koe kolot? Pikeun ĕma, kadjeun teuing paeh kalaparan ti batan pisah djeung maneh mah, Dik! oelah Dik! oelah ka Soeriname, satoengtoeng ĕma hiroep keneh mah".

Dik toeloej rada moendoer saeutik bari ngomong: „Poegoeh bae beurat mah pisah djeung kolot teh ĕma! tapi geura roengoekeun masing kaharti, koering rek njarita. Pikiran koering hĕnteu aja deui akalna sangkan bisa ngadjait ĕma djeung bapa tina ka balangsakan, ka djaba ti koedoe ka Soeriname. Di dieu koering geus peped neangan pagawean anoe pitjoekoepeun pikeun kahiroepan oerang tiloean. Geus sakitoe lilana koering neangan tatjan hasil keneh bae, sanadjan manggih oge moal tjoekoep, sabab bapa dina taoen² ieu mah moal bisaeun barang gawe. Geura mangga manah koe ĕma, beubeunangan koeli sorangan didahar koe tiloean, di mana pitjoekoepeun? Leuwih hade indit koering ajeuna mah ma! geus euweuh deui piakaleunana. Kitoe deui da moal saoemoer-oemoer papisah teh, lamoen koering salamĕt, di djĕro 3 taoen teh tangtoe papanggih deui. Doakeun bae sing salamĕt, oelah manggih naon² di pangoembaraan. Lamoen koering njieun pĕrdjangdjian (kontrak) 3 taoen, meunang pĕrsĕkot *f* 400.— ma! *f* 400.— lain saeutik-eutik doeit; anoe *f* 200.— dipake meuli waroeng tea, ari noe *f* 200.— deui keur oenang-aningna, sapĕrti onkos pindah, ngomean djeung ngaganti paparabotan, ngabĕrsihan imahna saoetak-saeutik sakoer anoe pĕrloe, djeung oerang nambahan daganganana. Soegan aja keneh sesana, oerang pĕrloekeun meuli 1 koeda djeung 1 roda keur bapa dagang ka pilĕmboeran bari neangan langganan. Geura rĕsĕp tĕmĕn ma! lamoen kitoe; manahan heula masing kaharti piahireunana, mĕnding mana? mĕnding ngeukeuweuk koering djeung kabalangsakan saoemoer-oemoer atawa mĕnding koering indit?"

Djawab indoengna bari tjeurik: „Euh, Dik! ĕma teu bisa milih mĕnding mana, ras ka maneh hajang oelah pisah masing saoemoer-oemoer oge, ari ras kana kawaloeratanana, nja bĕnĕr koedoe indit. Ajeuna mah koe maha pikiran

bapa maneh bae, Dik teu indit soekoer, indit tea bae, nja dalah di koe maha, ĕma rek samboeng doe'a, moega² maneh masing salamĕt sarta bisa balik deui ka dieu, ngan papada indit oge, kahajang ĕma mah oelah liwat tina tiloe taoen."

Omong bapana: „Ari tjara kaka mah leuwih hade sina indit bae, sabab pang manehna boga pikiran kitoe teh lain samata-mata rek njangsara hate kolot, tapi niat ngadjait kolot tina kabalangsakan. Nilik batan sakieu mah, nja bĕnĕr koedoe kitoe, da euweuh deui pigeusaneunana. Oerang pasrahkeun bae ka Noe Agoeng, Noe Kawasa, sarta oelah pĕtot-pĕtot nja nĕnĕda, soepaja anak oerang pinanggih djeung kasalamĕtan".

Djawab pamadjikanana: „Nja atoeh ari pikiran manehna kitoe mah koering oge ngarĕmpoegan".

Tjek Dik: „Noehoen, ma! noehoen! Do'akeun bae koering sing salamĕt; tiloe taoen moal salah deui".

Indoengna toeloej asoep ka ĕnggon bari tjeurik ditoetoerkeun koe bapana. Ari Dik harita keneh toeloej dangdan rek indit ka dajeuh tea.

„Euh, Dik! tjek indoengna bari njoesoetan tjimata. „Naha koedoe ajeuna maneh ninggalkeun ĕma teh? Lamoen beunang diisoekkeun mah atoeh montong indit ajeuna, ĕma hajang sosonoan heula".

Djawab anakna: „Poegoeh bae ma! koedoe ajeuna mah, bisi kaboeroe ditoetoep manten; kapan oerang teh teu boga pisan doeit. Kitoe deui, ĕngke lamoen geus beres kontrak, koering meunang balik heula ka imah 4-5 poë pikeun beberes. Di djĕro pĕre koering meureun bisa ngabantoean heula pindah djeung meresan paparabotanana; kitoe noe matak koedoe boeroe². Koering teu sĕnang hate, lamoen ĕma djeung bapa tatjan parindah ka waroeng tea. Mangga atoeh do'akeun bae sing hasil maksoed".

Sanggeus ngomong kitoe toeloej Dik indit; leumpangna ngan loeak-lieuk ka toekang bae, waas ninggalkeun lĕmboerna kawas anoe moal balik deui. Sanggeus rada djaoeh, toeloej manehna eureun, ngalieuk ka lĕbah lĕm-

PNRI 6p

boerna, tjelak-tjelak soehoenan imahna katendjo keneh, katjiri kĕntengna rada weuteuh. Sĕgroek manehna tjeurik, ingĕteun ka kolot-kolotna anoe sakitoe njaraaheunana ka manehna.

Dik ngomong kieu di djĕro hatena: „Sapoeloeh kali aing njaah ka kolot, koedoe aing indit teh, sabab di dieu mah euweuh pigeusaneunana bisa roemawat ka kolot. Noe matak aing indit oge tina njaah ka kolot, soepaja oelah balangsak teuing. — Djeung tada teuing bae kageteunana ĕma djeung bapa kitoe deui sobat [2], lamoen aing aja oemoer bisa balik deui ka dieu, tangtoe aing pada ngarioeng-rioeng, pada nanja hal kaajaan di ditoe, djeung boa mah moal aja anoe njangka aing balik deui, sabab di ditoe aing koedoe pĕrang djeung oerang priboemi djeung njampeurkeun tĕmpat kasakit. Ah, koedoe aing indit teh, oelah salah deui. Koedoe! Koedoe! Kapaksa koe kapĕrloean".

Ti dinja toeloej manehna indit deui. Sabot keur leumpang, manehna ngadenge di toekang sora pĕtjoet djĕdar-djĕder, ari dilieuk bĕt gorobag panggilingan pinoeh koe karoeng beas, malah dikoesiran koe noe bogana pisan, sobat manehna tea. Barang geus, deukeut, rĕg gorobag teh eureun, sarta toekang panggilingan ngomong kieu: „Miloe Dik?"

Dik geus njahoeun, jen eta toekang panggilingan tabeätna tara pati loba omong, tapi hade hate, ngan tjlak bae toempak di gigireunana, tĕroes madjoe deui. Sadjong-djongan mah ngabarĕtĕm bae teu ngaromong, tapi toekang panggilingan matana roerat-reret kana beungeut Dik sarta dina hatena kaget, doemeh Dik katara bangoen noe keur aja kasoesah. Lila [2] mah toeloej ngaromong kieu.

Toekang panggilingan: „Koe naon Dik! maneh teh bangoen soesah [2] teuing? Naha maneh teh gĕring?"

Dik: „Ari gĕring mah hĕnteu ngan keur kasoesahan gĕde pisan, lantaran bapa gĕring tea".

Toekang panggilingan: „Keur kasoesahan Dik? Ari ajeuna maneh teh rek ka mana?"

Dik: „Rek ka dajeuh, rek neken kontrak djadi soldadoe, kirimkeuneun ka Soeriname. Koering bakal nampa doeit pĕrsĕkot *f* 400.—, soegan bisa oge tjoekoep pikeun meuli parabot ngawoeroeng anoe ĕma si Bruin Boon, anoe di waroeng kagoengan andjeun tea, sabab manehna rek pindah ka dajeuh, andjeun oge tangtoe oeninga. Oepami andjeun kĕrsa noeloeng, njewakeun eta waroeng ka poen bapa, meureun andjeun teh saroea bae djeung ngadjait tiloe djĕlĕma tina kabalangsakanana".

Toekang panggilingan: „Naha kolot maneh hajangeun tjaritjing di dinja?"

Dik: „Poegoeh bae harajangeun mah, soemawonna ras emoet ka noe kagoenganana, nja andjeun, etang-etang mangrawatankeun bae, tina geus teu asa² tea".

Toekang panggilingan: „Soekoer ari daraekeun mah. Pek bae geura djadikeun."

Dik: „Noehoen, tapi kitoe ge ĕngke wangsoel ti dajeuh ari nampi pĕrsĕkot, nĕmbe djadi dibeuli, sabab tadi koering geus pasini sarĕng anoe gadoehna".

Teu koengsi lila gorobag teh eureun di hareupeun imah toekang tani, sarta toekang panggilingan ngomong kieu: „Dagoan Dik sakeudeung di dieu, kami rek nganteurkeun heula ieu beas ka toekang tani".

Ti dinja toeloej manehna toeroen sarta tĕroes manggoel karoeng dibawa ka djĕro imah".

Dĕmi si Dik, lamoen nendjo pigaweeun teh tara rĕsĕp nendjo, soemawonna harita mah nendjo toekang-panggilingan koe mamaneh manggoelan karoeng, ngan djoet bae toeroen miloe moendakan karoeng ka imah toekang tani. Atoeh boeboehan ngora keneh, tanagana teh doea kalieun sobatna, sakeudeung oge karoeng-karoengna geus kakoendjal kabeh.

Sanggeus badami² djeung toekang tani hal ladangna eta beas, toeloej toekang panggilingan djeung Dik taroempak deui kana gorobag sarta koedana dipadjoekeun, tapi Dik hatena kaget pisan, sabab eta gorobag lain dipadjoekeun ka dajeuh, tapi dibalikkeun deui ka lĕmboer.

Dik nanja bari nangtoeng pokna:

PNRI

„Ajeuna andjeun teh rek ka mana heula, bět balik deui? Kapan koering mah rek ka dajeuh".

Toekang panggilingan: „Kami ge njaho jen maneh teh rek ka dajeuh, tapi matak naon balik deui oge".

Dik: „Lamoen andjeun rek moelih, atoeh koering mah rek toeroen bae di deui, sabab geus teu aja tem....."

Toekang panggilingan: „Repeh, Dik! oelah ngomong teuing, tjitjing bae di dinja, ke di imah oerang njarita".

Dik: „Moal tiasa ngiring ajeuna mah, bade ka dajeuh bisi kaboedjeng ditoetoep manten".

Toekang panggilingan; „Montong ka dajeuh ajeuna, miloe bae heula ka imah kami, Dik!"

Dik: „Sadaja-daja moal tiasa ngiring ajeuna mah, teu aja deui tempo, karoenja koe kolot djeung era koe ěma si Bruin. Ajeuna mah něda bĕrkah bae bade ka dajeuh".

Toekang-panggilingan: „Maneh oelah ka dajeuh Dik; kami era pisan koe maneh, lamoen ngantĕp maneh nekĕn kontrak ka Soeriname, ngarah pĕrsĕkot ƒ 400.— saroea djeung rek ngadjoeal oemoer. Kami ingĕt kana kahadean maneh, Dik! sakitoe bae mah ke koe kami dibere ngindjeum, teu koedoe ka Soeriname. Kami karoenja ka kolot[2] maneh anoe sakitoe tjoemantel hatena ka maneh, kari[2] ajeuna rek ditinggalkeun sakitoe djaoehna. Naha maneh teu karoenja ka kolot?"

Dik hĕnteu ngadjawab deui ngan sĕgroek bae tjeurik tina bawaning koe atoh djeung nalangsa ngadenge omonganana toekang panggilingan. Sanggeus rada lila toeloej Dik ngomong bari njoesoetan tjimata, kieu pokna: „Djadi andjeun teh rek maparin ngindjeun ƒ 400.— ka koering? Naon pitandoneunana, kapan andjeun oeninga jen poen bapa teh teu aja kagadoehna".

Toekang panggilingan: „Teu koedoe make tandon, Dik! sabab kami geus pĕrtjaja kana hate maneh; moal njieun teu beres teh".

Dik: „Euh, djoeragan! noehoen, noehoen, naha andjeun teh mana bageur[2] teuing. Noehoen! moega[3] Goesti Noe Maha Agoeng malĕs kana kasaean andjeun".

Teu koengsi lila daratang ka panggilingan, sarta Dik geus nampa doeit *f* 400.—, pĕrdjangdjianana baris dibajar, lamoen geus sadia kabeh sarta teu make rentĕn.

Goera-giroe Dik balik ka imahna bari ngagembol doeit *f* 400.— Barang geus amprok djeung indoeng-bapana, toeloej manehna tjarita sakoemaha anoe geus diomongkeun tadi di loehoer tea. Kolot-kolotna ngada-rengekeunana sarĕgĕp pisan bari njaroesoetan tjimata, malah Dik oge njaritana teh bari doemareuda.

Ari geus eureun tjeurikna, toeloej Dik djeung indoengna arindit, rek manggihan ĕma si Bruin, ngadjadikeun hal djoeal-beuli tea. Heuleut doea poĕ maranehna parindah sarta ngamimitian dagang.

Doeit sasesana tina noe dipake meuli parabot ngawaroeng tea djeung nambah-nambah kapĕrloean, koe Dik dibeulikeun kana hidji koeda djeung hidji roda katoet pakeanana paranti manehna ngidĕr, dagang ka pilĕmboeran.

Dik djeung indoengna dagangna warĕkĕl pisan sarta apik kana doeit, nĕpi ka di djĕro doea taoen teh geus bisa moelangkeun deui pokona ka toekang panggilingan tea.....

TAMAT.



3/8 69
30 JN. 1970
21/6 - 82
8/73
4/73
16/12 73

PERPUSTAKAAN NASIONAL

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

Departement v. **Landbouw**, Beknopte gegeve[illegible]s nopens cultuurgewassen. (Niet te koop)

R. **Danoe[illegible]rdja**, Wawatjan djalan pangoepadjiwa. (franco per post) ƒ 0.0[illegible]

M. Kartadimadja, Boekoe panggoegah. idem „ 0.[illegible]3

M. Sastrawirja, Panglĕdjar galih. idem „ 0.08

R. Djajadirĕdja, Wawatjan elmoening tani I, idem

Njimas Djamah, Boekoe batjaan roepa² kaolahan. idem

R. Dewi Sartika, Kaoetamaan Isteri.

R. Soeriadirĕdja en **M. Ardiwinata**, Wawatjan Poernama Alam I. idem „ 0.20

M. Kartadimadja, Tjarita ki Boehara djeung ki Djani idem

Njimas Lengkana, Dongeng² djaman baheula idem

M. Soemintapoera, Tjarita Buffalo Bill. idem „ 0.19

R. Djajadirĕdja en **R. Soemadirĕdja**, Bab bako. idem

Djajadisastra en **M. Soema Atmadja**, Poeloenganeun. idem

M. Setjaadipoetra, Boekoe hal mĕlak djeung ngokolakeun roepa² pĕpĕlakan I, Bab ĕnteh. idem

C. M. Pleyte, P[illegible]a (1e. vervolg). idem „ 0.32

idem idem (2e. vervolg). idem „ 0.29

M. Natawisastra, Karahardjaan nagara. idem „ 0.[illegible]

Tjakrabangsa, Roepa² misil anoe baris hasil. idem

Adipradja, Bab njangkok ngadĕdĕr sarĕng mĕlakna djĕroek. idem

M. Radjadi, Wawatjan rampog di Tjimahi idem